बृहस्पति
27 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
साओन, शुक्ल पक्ष, पूर्णिमा, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक

सौभाग्य हुनके प्राप्त होइत अछि जे अपन कर्तव्य पथ पर अविचल रहैत अछि।
- मुंशी प्रेमचंद

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 345 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# नेपाल मे मृत्यु तांडव, जलप्रलय सं भारी तबाही, 145 भारतीय समेत हजारो लापता






**काठमांडू/जनकपुरधाम, समदिया**

नेपालक उत्तरी भागक रसुवा जिला मे बुधदिन (26 अगस्त) भोर मे आयल विनाशकारी बाढ़ि सं भारी तबाही भेल अछि। अनचोके आयल प्रचंड बाढ़ि मे नदी पर बनल पुल आ मकान देखिते-देखिते ध्वस्त भए गेल। एखन धरि बाढ़ि मे 95 लोकक मृत्युक पुष्टि भेल अछि। नेपाल पर्यटन बोर्डक अनुसार, बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सं हजारो विदेशी पर्यटक समेत 145 भारतीय यात्री लापता छथि। लापता विदेशी नागरिक मे भारत, अमरीका, चीन, न्यूजीलैंड, आस्ट्रेलिया आदि देशक लोक छथि। बताओल जा रहल अछि जे भोटेकोशी नदी मे तिब्बत दिस सं अनचोके पानि बढ़लाक कारण ई जलप्रलय आयल। स्थानीय स्तर पर भारी बरखा नहि भेल छल। एहन मे ऊपरी हिमालयी क्षेत्र मे ग्लेशियर झील फूटब अथवा बर्फ पिघलबाक कारण अनचोके पानिक बहाव बढ़ल होयबाक आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि। नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह राष्ट्रीय विपत्ति व्यवस्थापनक आपात बैठक बजौलनि। राहति आ बचाव लेल सभ हेलीकॉप्टर कंपनी कें सतर्क राखल गेल अछि। नेपालक पर्यटन बोर्डक अनुसार बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सं सैकड़ो यात्रीक कोनो पता नहि चलल अछि। एहि मे कतेकसे विदेशी आ नेपाली नागरिक छथि। रसुवा जिला मे नेपाल प्रहरीक 26 जवान आ सशस्त्र प्रहरी बलक सात जवान सेहो लापता बताओल गेल छथि।

### सड़क आ बिजली व्यवस्था प्रभावित

बाढ़ि सं सड़क, पुल आ बिजली आपूर्तिक व्यवस्था गंभीर रूप सं प्रभावित भेल अछि। नेपाल विद्युत प्राधिकरणक अनुसार रसुवागढ़ी, चिलिमे, त्रिशूली-3ए, त्रिशूली-3बी हब 220 केभी उपकेंद्र, त्रिशूली जलविद्युत केंद्र आ देवीघाट जलविद्युत केंद्र समेत कम-से-कम छह प्रमुख जलविद्युत एवं प्रसारण सुविधा क्षतिग्रस्त भेल अछि। सेना प्रभावित क्षेत्र मे हेलीकॉप्टर आ राहतकर्मी तैनात केने अछि।

### बिहार मे सेहो सतर्कता

नेपालक एहि बाढ़ि सं गंडक नदीक माध्यम सं बिहारक छह जिला मे पानिक बहाव बढ़बाक आशंका अछि। एहि कें देखैत संबंधित जिलासभक संग राष्ट्रीय आपदा मोचन बल (एनडीआरएफ) कें सेहो सतर्क कएल गेल अछि। अधिकारी लोकनि स्थिति पर लगातार नजरि रखने छथि। एहि मामिला मे बुध कें गृहमंत्री अमित शाह सीएम सम्राट चौधरी कें फोन कए स्थिति सं अवगत भेलाह।

(पेज 11 सेहो देखी)

## गंडक मे बढ़य लागल पानि, सरकार कहलक, सतर्क रही



**पटना :** नेपालक रसुवा मे बुधदिन आयल विनाशकारी बाढ़क असरि मिथिला क्षेत्र मे सेहो देखाइ पड़ए लागल अछि। नेपाल दिस सं आबि रहल पानिक कारण गंडक नदीक जलप्रवाहमे अचानक वृद्धि होयबाक आशंका कें देखैत बिहार सरकार सतर्कता बढ़ा देने अछि। वाल्मीकिनगर स्थित गंडक बराजक सभ 36 फाटक खोलि देल गेल अछि। बराज पर अधिकारिक टीम तैनात कएल गेल अछि आ स्थिति पर लगातार नजरि राखल जा रहल अछि। जल संसाधन विभागक अनुसार नेपाल दिस सं आबि रहल पानिक कारण गंडकक जलस्तर मे तेजी सं वृद्धि भए सकैत अछि। नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे अचानक आयल बाढ़क बाद भोटेकोशी आ त्रिशूली नदी तंत्र मे पानि बढ़ल अछि, जाहि सं आगां गंडक नदी पर सेहो असरि पड़बाक संभावना अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अधिकारि सभक संग बैठक कए तटबंध आ संवेदनशील क्षेत्रसभक लगातार निगरानी करबाक तथा कोनो आपात स्थिति उत्पन्न भेलापर तत्काल कार्रवाई करबाक निर्देश देने छथि। नेपालक बाढ़क कारण बिहारमे गंडकक जलस्तर बढ़बाक संभावना कें देखैत प्रशासन लोकसभ कें सेहो सतर्क रहबाक अपील कएने अछि।

**एक नजरि**

## कटावरोधी काज मे लागल मजदूर सं भरल नाव पलटल, दू लापता

**भागलपुर :** खरीक प्रखंडक राघोपुर क्षेत्र मे बुधदिन टूटल तटबंधक मरम्मत लेल बालूक बोरा लए जा रहल मजदूर सं भरल नाव गंगाक बीच धारा मे पलटि गेल। नाव पर नाविक सहित करीब 21 लोक सवार छलाह। नाव पर मजदूरक संग बेसी मात्रा मे बालूक बोरा लदल रहबाक कारण ओवरलोडिंग सं नावक संतुलन बिगड़ल बताओल जा रहल अछि। नाव पलटिते मजदूर सभ उफनैत गंगा मे खसि पड़लाह। एहि मे 12 मजदूर स्वयं हेलि कए सुरक्षित बाहर निकललाह, जखन कि एसडीआरएफ आ स्थानीय प्रशासनक टीम करीब सात लोक कें सुरक्षित निकालि लेलनि। एहि तरहें एखन धरि 19 लोकक सुरक्षित होयबाक सूचना अछि। दुर्घटनाक बाद नाविक सहित दू लोक लापता छथि। लापता मजदूरक पहचान लोदीपुर निवासी बादल कुमार, पिता सिकंदर मंडलक रूप मे भेल अछि। एसडीआरएफ आ प्रशासनक टीम गंगा मे सघन खोजबीन कए रहल अछि। राघोपुरक लग तटबंध टूटलाक बाद कटाव रोकबाक लेल बालूक बोरा पहुंचाओल जा रहल छल। नाव मे मजदूर आ सामग्रीक बेसी बोझ रहबाक कारण सुरक्षा व्यवस्था पर सेहो प्रश्न उठि रहल अछि।

## सुपौल मे भजन-कीर्तनक बीच घुसल बेकाबू कार, पांच गोटेक मृत्यु, एक गंभीर

- आक्रोशित ग्रामीण सभ सुपौल-पिपरा मुख्य मार्ग जाम कए देलनि



**सुपौल, समदिया**

पिपरा थाना क्षेत्रक कटैया गोठ चौक पर मंगलक राति झूलन पर्वक अवसर पर बजरंगबली मंदिरक लग भजन-कीर्तन करैत श्रद्धालु सभक बीच एक अनियंत्रित कार घुसि गेल। एहि दुर्घटना मे पांच गोटेंक मृत्यु भए गेल, जखनकि एक व्यक्ति गंभीर रूप सं घायल छथि। घटना बाद घटनास्थल पर अफरा-तफरी मचि गेल आ आक्रोशित ग्रामीण सभ सुपौल-पिपरा मुख्य मार्ग जाम कए देलनि। सूचना भेटिते पुलिस आ प्रशासनिक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि लोक सभ कें बुझयबाक प्रयास कएलनि।

दुर्घटना एनएच-327ई पर कटैया गोठ चौक स्थित बजरंगबली मंदिरक समीप भेल। झूलन पर्वक अवसर पर ग्रामीण सभ मंदिरक लग भजन-कीर्तन करैत छलाह। एहि बीच पिपरा दिस सं तेज गति सं आबि रहल कार अनियंत्रित भए श्रद्धालु सभक बीच जा घुसल। कारक चपेट मे अयबाक कारण कतेको लोक गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह।

दुर्घटना मे कटैया पंचायतक वार्ड संख्या 12 निवासी तिलाई दास (65) आ राजू दास (50), वार्ड संख्या 15 निवासी सुरेंद्र यादव (45), वार्ड संख्या 11 निवासी भुवनेश्वरी यादव उर्फ कोयली यादव तथा वार्ड संख्या 13 निवासी कृष्ण मोहन साहक मृत्यु भए गेल। ओतहि वार्ड निवासी रामचंद्र यादव गंभीर रूप सं घायल छथि। स्थानीय लोकक सहयोग सं घायल कें अस्पताल पहुंचाओल गेल।

दुर्घटनाक खबरि भेटिते कटैया पंचायत मे मातम पसरि गेल। पांच गोटेक मृत्यु सं हुनकर परिवार मे कोहराम मचि गेल। परिजनक हाल बेहाल अछि। धार्मिक आयोजनक बीच भेल एहि हृदयविदारक दुर्घटना सं संपूर्ण क्षेत्र मे शोकक वातावरण अछि।

### दुर्घटनाक बाद कार लए भागल चालक, गैरेज मे घुसा देलक गाड़ी

प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, दुर्घटनाक बाद चालक कार लए कए घटनास्थल सं भागय लागल। किछु दूर गेलाक बाद ओ कार कें एकटा गैरेज मे घुसा देलक। संयोगवश ओहि समय गैरेजक संचालक आ कर्मचारी भीतर उपस्थित नहि छलाह। एहि कारण एकटा आरो पैघ दुर्घटना हेबा सं बचि गेल। पुलिस दुर्घटनाग्रस्त कार कें अपन कब्जा मे लए लेलक अछि।

### आक्रोशित ग्रामीण सभ सड़क जाम कए जतौलनि विरोध

पांच गोटेंक मृत्यु होयबाक खबरि चारूकात पसरिते ग्रामीण सभ आक्रोशित भए गेलाह। ओ सभ सुपौल-पिपरा मुख्य मार्ग जाम कए देलनि। सड़कक दुनू कात वाहनक लंबा लाइन लागि गेल।

## महिला सभक स्टार्टअप लेल 2 लाख धरि देत राज्य सरकार

**पीएचडी फेलोशिप लेल प्रत्येक मास 10 हजारक सहायता, 4700 पुलिस दीदी कें स्कूटी-बाइक**

**पटना, समदिया**

रक्षाबंधन सं पहिने मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बिहारक महिला आ बेटीसब लेल कतेको महत्वपूर्ण घोषणा केलनि। राज्य सरकार आगामी तीन वर्ष मे राज्यक एक करोड़ महिला सभ कें प्रत्यक्ष रोजगार सं जोड़बाक संकल्प लेने अछि। बेटीसब कें अपन नव स्टार्टअप शुरू करबाक लेल बिहारक बेटी स्टार्टअप चैलेंज योजनाक अंतर्गत 50 हजार सं 2 लाख रुपैया धरि आर्थिक सहायता देल जाएत। एकर अतिरिक्त विद्यालय आ महाविद्यालय मे छात्रासभक सुरक्षा लेल पुलिस दीदी (अभया ब्रिगेड) कें तैनात कएल जाएत। पुलिस दीदीसभक लेल 4700 स्कूटी आ मोटरसाइकिल उपलब्ध कराओल जाएत।



### 27 आ 28 अगस्त कें महिला सभ लेल नि:शुल्क बस सेवा

रक्षाबंधनक अवसर पर महिला सभ कें बिहार सरकार दिस सं विशेष सुविधा देल गेल अछि। 27 अगस्तक भोर सं 28 अगस्तक राति 10 बजे धरि महिला सभ परिवहन निगमक बस मे निःशुल्क यात्रा कए सकत। एहि अवधि मे बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक एक हजार सं बेसी बस मे महिला सभ कें यात्रा लेल कोनो किराया नहि देबय पड़त। एकर उद्देश्य रक्षाबंधनक अवसर पर महिला सभ कें अपन मायके आ परिवारक लोक सभ सं भेंट करबा मे सुविधा प्रदान करब अछि।

कार्यक्रम मे पुलिस दीदी सभ कें सेहो महत्वपूर्ण सौगात देल जाएत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी 4700 स्कूटी आ मोटरसाइकिलक फ्लैग ऑफ करताह। एहि वाहन सभक माध्यम सं पुलिस दीदीक कार्य कें बेसी प्रभावी बनेबाक संग महिला सभ आ समाजक कमजोर वर्ग धरि सरकारी योजना आ सेवाक पहुंच नीक करबा मे सहायता भेटत। बुधदिन मुख्यमंत्री बालिका पीएचडी फेलोशिप योजनाक सेहो शुभारंभ कएल गेल। एहि योजनाक अंतर्गत एक हजार छात्रा कें चारि वर्ष धरि प्रत्येक मास 10 हजार रुपैया आर्थिक सहायता देल जाएत।

### बिहारक बेटी स्टार्टअप चैलेंज योजनाक होयत शुभारंभ

महिला सभ आ बेटीसब कें उद्यमिताक क्षेत्र मे आगू बढ़ेबाक लेल बिहारक बेटी स्टार्टअप चैलेंज योजना शुरू कएल जाएत। एहि योजनाक अंतर्गत स्टार्टअप शुरू करयवाली बेटीसब कें 50 हजार सं 2 लाख रुपैया धरि आर्थिक सहायता देल जाएत। योजनाक उद्देश्य बिहारक बेटीसब मे उद्यमिताक भावना कें प्रोत्साहन देब आ हुनका अपन कारोबार शुरू करबाक लेल प्रारंभिक आर्थिक सहयोग उपलब्ध करेनाइ अछि। एहि सं नव महिला उद्यमी अपन विचार कें कारोबारक रूप देबा मे सक्षम भए सकैत छथि।

# बेटीक छठिहारक खुशी शोक मे बदलल, पति पत्नी कें गोली मारि कए कएलक हत्या, फरार



**समस्तीपुर, समदिया**

दू बेटाक बाद घर मे बेटी जन्म लेबाक खुशी मे मंगल दिनक राति छठिहारक समारोह मनाओल जा रहल छल। घर मे उत्सवक माहौल छल। एहि बीच पति-पत्नीक बीच कोनो बात कें लए विवाद भए गेल। आरोप अछि जे विवादक बाद पति पत्नी कें गोली मारि देलक। गंभीर रूप सं घायल महिलाक हुनक भाय बाइक सं समस्तीपुर सदर अस्पताल लए पहुंचलाह, जतए चिकित्सक जांचक बाद हुनका मृत घोषित कए देलनि। घटनाक बाद आरोपित पति फरार भए गेल। पुलिस हुनक तलाश मे जुटल अछि। घटना हलई थाना क्षेत्रक चकलालशाही गांवक अछि। मृतकाक पहचान गांव निवासी सूरज सहनीक पत्नी मंजुला देवीक रूप मे भेल अछि। मायका पक्ष पति पर गोली मारि कए हत्या करबाक आरोप लगौलक अछि। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि मामिलाक छानबीन शुरू कए देलक अछि।

बताओल गेल जे मंजुला देवीक पहिने सं दू बेटा अछि। हालहि मे ओ एकटा बेटी कें जन्म देने छलथि। बेटी जन्म लेबाक बाद परिवार मे खुशीक माहौल छल। मंगल दिनक राति नवजात बच्चीक छठिहारक आयोजन कएल गेल छल। परिवारक लोक एहि आयोजन मे जुटल छलाह। एहि बीच कोनो बात कें लए मंजुला आ हुनक पति बीच विवाद शुरू भए गेल। परिजनक अनुसार, विवाद बढ़ला पर पति कथित रूप सं मंजुला कें गोली मारि देलक। गोली लगिते ओ गंभीर रूप सं घायल भए खसि पड़ली। गोली चलबाक आवाज सुनिते घर मे अफरा-तफरी मचि गेल। परिजन आनन-फानन मे हुनका अस्पताल पहुंचएबाक व्यवस्था कएलनि।

मंजुलाक स्थिति गंभीर रहबाक कारण हुनक भाय बाइक सं समस्तीपुर सदर अस्पताल पहुंचलाह। चिकित्सक जांचक बाद हुनका मृत घोषित कए देलनि। महिलाक मृत्यु केर सूचना भेटिते परिजन मे चीख-पुकार मचि गेल।

जहि घर मे किछु देर पहिने नवजात बेटीक छठिहारक खुशी मनाओल जा रहल छल, ओहि घर मे महिलाक मृत्यु केर बाद मातम पसरि गेल। घटनाक जानकारी भेटिते आसपासक लोक सेहो घटनास्थल पर जुटि गेलाह। घटनाक सूचना पर हलई थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिस परिजन सं घटनाक जानकारी लेबाक संग आसपासक लोक सं सेहो पूछताछ शुरू कए देलक।

पुलिस ई जांच कए रहल अछि जे पति-पत्नीक बीच विवाद कोन बात कें लए भेल छल आ कोन परिस्थिति मे गोली चलल। आरोपित पति घटनाक बाद सं फरार अछि। हुनक गिरफ्तारी लेल पुलिस संभावित ठिकाना पर छापेमारी कए रहल अछि। पुलिस घटनाक प्रयोग मे आएल हथियारक बरामदगीक प्रयास सेहो कए रहल अछि।

घटनास्थलक वैज्ञानिक जांच लेल बुध दिन एफएसएल टीम कें बजाओल गेल। टीम घटनास्थल सं आवश्यक वैज्ञानिक साक्ष्य जुटौलक। पुलिस घटना सं जुड़ल सभ पहलू कें ध्यान मे राखि जांच शुरू कए देलक अछि। पुलिसक अनुसार पोस्टमार्टम रिपोर्ट, एफएसएल जांच, परिजनक बयान आ दोसर साक्ष्यक आधार पर आगूक कारबाइ कएल जाएत। आरोपितक गिरफ्तारीक बाद घटनाक वास्तविक कारण आ वारदातक पूरा परिस्थिति स्पष्ट होयबाक आशा अछि।

नवजात बेटीक छठिहारक दिनहि हुनक मायक गोली लगला सं मृत्यु पूरा गांव कें झकझोरि देलक। जाहि घर मे बच्चीक आगमनक खुशी मे उत्सव मनाओल जा रहल छल, ओतहि किछु देर मे मातम छा गेल। घटनाक बाद सं परिवारक लोकक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि।

## पूर्व मुखिया हत्याकांड मे सुप्रीम कोर्टक पैघ फैसला, पांच दोषीक जमानत रद्द

### दू सप्ताह मे सरेंडरक आदेश

**समस्तीपुर, समदिया**

जिलाक मुसरीघरारी थाना क्षेत्रक बखरी बुजुर्ग पंचायतक चर्चित पूर्व मुखिया सह मुखिया पति शशिनाथ झा हत्याकांड मे सुप्रीम कोर्ट पैघ फैसला सुनौलक अछि। शीर्ष अदालत पटना हाईकोर्टक ओ आदेश निरस्त कए देलक, जाहि अंतर्गत हत्या आ आपराधिक षड्यंत्रक दोषी ठहराओल गेल पांच अभियुक्तक सजा निलंबित करैत हुनका जमानत पर रिहा करबाक आदेश देल गेल छल। सुप्रीम कोर्ट पांचू दोषी कें दू सप्ताहक भीतर निचला अदालतक समक्ष आत्मसमर्पण करबाक निर्देश देलक अछि।

न्यायमूर्ति अहसानुद्दीन अमानुल्लाह आ न्यायमूर्ति मनमोहनक पीठ माधुरी देवी आ बिहार सरकारक दिस सं दायर विशेष अनुमति याचिका पर सुनवाइ करैत ई आदेश देलक। पीठ पटना हाईकोर्टक 11 दिसंबर 2024 केर आदेश कें रद्द कए देलक। शीर्ष अदालतक एहि फैसला सं करीब चारि वर्ष पुरान बहुचर्चित हत्याकांड मे एक बेर फेर हलचल तेज भए गेल अछि।

मामिला मे समस्तीपुरक निचला अदालत अर्जुन दास उर्फ कारिया, निलेंद्र गिरि, हिमांशु राय, सुनील कुमार आ सुमित कुमार उर्फ फुचुकिया कें शशिनाथ झाक हत्या आ आपराधिक षड्यंत्रक दोषी ठहरौने छल। सभ कें आजीवन कारावासक संग 10-10 हजार रुपैयाक अर्थदंडक सजा सुनाओल गेल छल। सुनील कुमार कें शस्त्र अधिनियमक अंतर्गत सेहो आजीवन कारावासक सजा देल गेल छल। निचला अदालत 13 अगस्त 2024 कें फैसला सुनौने छल।

दोषी सभक बाद मे पटना हाईकोर्ट मे आपराधिक अपील दायर कएलनि। अपील लंबित रहबाक दौरान हाईकोर्ट 11 दिसंबर 2024 कें पांचू दोषीक सजा निलंबित करैत जमानत पर रिहा करबाक आदेश देलक। एहि आदेश कें मृतकक पत्नी माधुरी देवी आ बिहार सरकार सुप्रीम कोर्ट मे चुनौती देने छल। हाईकोर्ट जमानत दैत समय प्राथमिकी दर्ज कराबय मे करीब 48 घंटाक देरी सहित किछु दोसर परिस्थिति कें महत्वपूर्ण मानने छल। ई दलील सेहो सामने आएल छल जे शिकायतकर्ता माधुरी देवी ओहि समय पंचायतक मुखिया छलीह आ मामिला मे राजनीतिक रंजिशक संभावना सं इनकार नहि कएल जा सकैत अछि।

सुप्रीम कोर्ट एहि परिस्थिति कें दोषसिद्धिक बाद सजा निलंबित करबाक आ जमानत देबाक लेल पर्याप्त नहि मानलक। शीर्ष अदालत निचला अदालतक विस्तृत फैसला आ ओकर निष्कर्षक उल्लेख करैत कहलनि जे मात्र प्राथमिकी दर्ज कराबय मे देरी अथवा शिकायतकर्ताक निर्वाचित प्रतिनिधि होयबाक आधार पर निचला अदालतक तर्कसंगत निष्कर्ष पर संदेह नहि कएल जा सकैत अछि।

घटना 6 अगस्त 2021 केर भोरक अछि। बखरी बुजुर्ग गांव मे जमीन विवाद कें लए पंचायत मे शामिल होय गेल पूर्व मुखिया शशिनाथ झा पंचायत समाप्त भेलाक बाद वापस लौटि रहल छलाह। एहि दौरान हथियारबंद अपराधी हुनका पर गोली बरसा देलक। गंभीर रूप सं घायल शशिनाथ झाक इलाजक दौरान मृत्यु भए गेल छल।

## जुलूस-ए-मोहम्मदी मे गूंजल अमन आ भाइचाराक संदेश



**सोनबरसा/सीतामढ़ी, समदिया**

पैगंबर हजरत मोहम्मद साहबक यौम-ए-पैदाइशक अवसर पर बुध दिन प्रखंड क्षेत्रक विभिन्न गांव मे जुलूस-ए-मोहम्मदी निकालल गेल। मुस्लिम समुदायक लोक पूरा उत्साह, श्रद्धा आ उल्लासक संग ईद मिलादुन्नबी मनौलनि। जुलूस मे मौलाना, बुजुर्ग, युवा आ बच्चा सभक संग स्थानीय जनप्रतिनिधि सेहो शामिल भेलाह।

जुलूसक दौरान "सरकारक आमद मरहबा, सरकारक आमद मरहबा" केर नारा सं माहौल गूंजैत रहल। जगह-जगह लोक जुलूसक स्वागत कएलनि। जुलूस मे शामिल लोक पैगंबर हजरत मोहम्मद साहबक शिक्षा आ हुनका द्वारा बताओल मार्ग कें याद करैत आपसी प्रेम, भाईचारा, सद्भाव आ शांतिक संदेश देलनि।

एहि अवसर पर मौलाना एवं उलेमा पैगंबर हजरत मोहम्मद साहबक जीवनी पर विस्तार सं प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे पैगंबर साहब पूरा मानवता कें अमन, शांति, प्रेम, भाईचारा, इंसाफ आ इंसानियतक संदेश देलनि। ओ लोक सं हुनका द्वारा बताओल आदर्श कें अपन जीवन मे अपनएबाक आ समाज मे शांति एवं सौहार्द बनौने रखबाक अपील कएलनि।

वक्ताक कहलनि जे पैगंबर हजरत मोहम्मद साहबक जीवन मानवता लेल प्रेरणास्रोत अछि। हुनक संदेश मे जरूरतमंदक सहायता करब, पड़ोसीक संग नीक व्यवहार करब, कमजोरक सहारा बनब आ समाज मे आपसी सद्भाव कायम रखबाक सीख भेटैत अछि। ओ कहलनि जे आइक दौर मे पैगंबर साहबक अमन आ भाईचाराक संदेश जन-जन धरि पहुंचेनाइ आओर महत्वपूर्ण अछि।

### बच्चाक रेलवे ट्रैक पार करबाक दौरान ट्रेनक चपेट मे एला सं मृत्यु

**विद्यापतिनगर।** ईद-मिलाद-उन-नबीक अवसर पर बुध दिन विद्यापतिनगर सं मलकलीपुर दिस निकालल जा रहल जुलूसक दौरान एकटा दर्दनाक दुर्घटना भए गेल। पंचमुखी हनुमान मंदिरक समीप रेलवे ट्रैक पार करबाक दौरान जुलूस मे शामिल 10 वर्षीय मासूम ट्रेनक चपेट मे आबि गेल। दुर्घटना मे हुनक घटनास्थल परहि मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद जुलूस मे शामिल लोकक बीच अफरा-तफरी मचि गेल।

मृतकक पहचान थाना क्षेत्र अंतर्गत कलीमीनगर निवासी मो. महबूबक पुत्र मो. फरीद (10) केर रूप मे भेल अछि। बताओल गेल जे फरीद अपन माता-पिताक एकमात्र पुत्र छल। हुनक पिता सऊदी अरब मे रहैत छथि। ओतहि एकमात्र पुत्रक मृत्यु केर खबर भेटिते परिवार मे कोहराम मचि गेल। प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, ईद-मिलाद-उन-नबीक जुलूस विद्यापतिनगर सं मलकलीपुर दिस जा रहल छल।

## दामोदरपुर मे तीन मास सं बंद घर मे लाखोक चोरी

**मुख्य फाटकक ताला काटि घर मे घुसल चोर, जेवर, कपड़ा आ बर्तन सहित ढाई लाखक सामान लए गेल**



**बेनीपट्टी, समदिया**

स्थानीय थाना क्षेत्रक दामोदरपुर गामक वार्ड संख्या-9 मे तीन मास सं बंद पड़ल एक घर कें अज्ञात चोर सभ निशाना बनबैत लाखो टाकाक चोरी कए लेलक। चोर सभ मुख्य फाटकक ताला काटि घर मे प्रवेश कएल आ तीन अलग-अलग कोठली कें खंगालि जेवर, कपड़ा, बर्तन सहित करीब दू सं ढाई लाख टाका मूल्यक सामान लए गेल।

जानकारीक अनुसार गृहस्वामी पवन झा पछिला तीन मास सं मुंबई मे रहि रहल छथि। घरक देखरेख लेल ओ पड़ोसक एक महिला कें चाबी दए रखने छलाह। बुधदिन भोर मे उक्त महिला घर पर पहुंचल तं मुख्य फाटकक ताला खुलल देख चकित भए गेली। भीतर गेलापर घरक तीनू कोठलीक किवाड़ खुलल छल आ सामान सभ अस्त-व्यस्त पड़ल छल। महिलाक द्वारा तत्काल घटना संबंधी जानकारी गृहस्वामी पवन झा आ स्थानीय सरपंच संतोष झा कें देल गेल। सूचना भेटिते सरपंच घटनास्थल पर पहुंचलाह आ बेनीपट्टी थाना पुलिस कें जानकारी देलनि। एकर बाद एसआई विवेक कुमार पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचि मामिलाक छानबीन शुरू कएलनि।

एहि संबंध मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनूप कुमार कहलनि जे गृहस्वामी बाहर रहबाक कारणें एखन धरि लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। मुदा पुलिस घटनास्थलक जायजा लए मामिलाक जांच शुरू कए देने अछि। आवेदन भेटलाक बाद चोरी भेल सामानक स्पष्ट आकलन कए आगांक कानूनी कारबाइ कएल जाएत।

### नेपालक रसुवा मे आयल बाढ़ि मे जलविद्युत केंद्रक कार्यरत धनुषा आ महोत्तरीक दू इंजीनियर बहि गेलाह

**जनकपुरधाम।** नेपालक रसुवा जिला मे आएल बाढ़ि मे धनुषा तथा महोत्तरी जिला केर दू इंजीनियर सेहो बहि गेल छथि। बहि गेल लोक मे धनुषा जिलाक सखुवा मड़ान निवासी वर्षीय अजय कुमार सिंह तथा महोत्तरी जिलाक पिपरा गांव निवासी 29 वर्षीय विकास यादव बाढ़ि मे लापता छथि। एहि जलविद्युत केंद्र पर 100 सं बेसी इंजीनियर तथा अन्य कर्मचारी ड्यूटी मे तैनात छलाह। सभक बहि जेबाक आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि। हालांकि सभ कर्मचारीक क्वार्टर ऊंच स्थान पर रहबाक कारण सभ सुरक्षित छथि। विकास यादवक पिता शंभुनाथ यादव जानकारी देलनि जे हुनक मोबाइल स्विच अछि। पुतोहु सं बात भेल अछि आ ओ सभ सुरक्षित छथि।

### दू फरार वारंटी कें जेल पठाओल गेल

**मनीगाछी (दरभंगा)।** थाना क्षेत्रक गोपालपुर गांव निवासी सरोवर यादवक पत्नी सिमला देवी आ भटपुरा गांव निवासी विमल यादव कें पुलिस गिरफ्तार कए बुध दिन न्यायिक हिरासत मे पठा देलक। एहि संबंध मे मनीगाछी थानाध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह कहलनि जे सिमला देवी थाना कांड संख्या 171/26 केर प्राथमिकी अभियुक्त छलीह, जखनकि भटपुरा गांव निवासी विमल यादव एनबी डब्ल्यू वारंटी छलाह आ फरार चलि रहल छलाह। दुनू कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि।

### 386 लीटर नेपाली शराब बरामद

**मनीगाछी।** गुप्त सूचनाक आधार पर गत 25 अगस्तक देर सांझ मनीगाछी थाना पुलिस द्वारा कएल गेल छापेमारी मे थाना क्षेत्रक विशौल गांव स्थित रही गाछी सं 386.400 लीटर मामाश्री नेपाली देशी शराब बरामद कएल गेल अछि। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह कहलनि जे विशौल गांवक शराब कारोबारी पवन साहु आ बलराम साहू पुलिस कें देखिते रातिक अन्हारक लाभ उठा भागए मे सफल रहल।

## एसएच-17 पर दुर्घटना मे घायल मजदूरक मृत्यु

**बिरौल (दरभंगा), समदिया**

थाना क्षेत्रक सोनपुर गांव निवासी मजदूर 55 वर्षीय हुलन पासवानक सड़क दुर्घटना मे गंभीर रूप सं घायल भेलाक बाद इलाज लेल पीएमसीएच, पटना लए जाएत समय मंगल दिनक देर सांझ मृत्यु भए गेल। मृत्यु केर खबर भेटिते सोनपुर गांव मे मातम पसरि गेल। पत्नी श्रीबती देवी सहित परिजनक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि।

जानकारीक अनुसार, हुलन पासवान 24 अगस्तक भोर करीब 10 बजे साइकिल सं बिरौल-गंडौल एसएच-17क बाट सं अपन गांव सोनपुर लौटि रहल छलाह। क्रॉसिंगक समीप पहुंचिते पाछू सं आएल तेज रफ्तार अज्ञात चारि पहिया वाहन हुनका जोरदार ठोकर मारि देलक। हादसाक बाद चालक वाहन लए सहरसा दिस फरार भए गेल। सड़क पर गंभीर हालत मे पड़ल हुलन कें देखि स्थानीय लोक घटनाक सूचना परिजन कें देलनि।

## सरस्वती मेडिकेयर एंड डेंटल केयर अस्पतालक शुभारंभ



**सीतामढ़ी, समदिया**

गणेश पेट्रोल पंपक सामने स्थित सरस्वती मेडिकेयर एंड डेंटल केयर अस्पतालक उद्घाटन समारोह बुध दिन आयोजित कएल गेल। अस्पतालक उद्घाटन डॉ. मधुर कुमारक पिता बीरेंद्र प्रसाद गुप्ता आ डॉ. अमृता कुमारीक पिता जितेंद्र कुमार संयुक्त रूप सं फीता काटि कए कएलनि। उद्घाटन समारोह मे चिकित्सक, गणमान्य लोकक संग पैघ संख्या मे स्थानीय लोक उपस्थित छलाह। अस्पताल प्रबंधनक अनुसार, एतय रोगी कें चिकित्सा एवं दंत चिकित्सा सं संबंधित सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत। अस्पताल मे फिजिशियन एवं कार्डियोलॉजिस्ट डॉ. मधुर कुमार तथा दंत एवं मुंह रोग विशेषज्ञ डॉ. अमृता कुमारी अपन सेवा देताह। अस्पतालक संचालक डॉ. मधुर कुमार कहलनि जे रोगीक सुविधा कें ध्यान मे राखि अस्पताल मे 24 घंटा इमरजेंसी सेवा उपलब्ध रहत। ओ कहलनि जे अस्पताल मे आईसीयूक सुविधा सेहो मौजूद अछि, जाहि सं गंभीर स्थिति बला रोगी कें आवश्यक चिकित्सा सुविधा उपलब्ध कराए मे सहायता भेटत। ओ कहलनि जे अस्पतालक उद्देश्य क्षेत्रक लोक कें समय पर नीक चिकित्सा सुविधा उपलब्ध कराएब अछि, जाहि सं गंभीर परिस्थिति मे रोगी कें तत्काल चिकित्सकीय सहायता भेटि सकय।

# संभावित बाढ़ि कें लए जिलाधिकारी कएलनि समीक्षा बैसार, प्रशासन अलर्ट मोड मे

**बागमतीक जलस्तर खतराक निशान सं नीचां**



**सीतामढ़ी, समदिया**

नेपालक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र मे अत्यधिक जलप्रवाह सं उत्पन्न परिस्थिति कें मद्देनजर जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं संबंधित अधिकारीक संग महत्वपूर्ण समीक्षा बैसार कएलनि। बैसार मे संभावित बाढ़ि सं प्रभावित होमय बला प्रखंडक बीडीओ एवं सीओक संग स्वास्थ्य विभाग, पशुपालन विभाग, जल संसाधन विभाग, आपदा प्रबंधन सहित अन्य संबंधित विभागक पदाधिकारी शामिल छलाह।

जिलाधिकारी अधिकारी कें नदीक जलस्तर, निचला एवं कटाव-प्रवण क्षेत्र, तटबंध तथा आवागमनक मार्ग पर लगातार निगरानी बनौने रखबाक निर्देश देलनि। ओ संभावित परिस्थिति कें देखि सभ संबंधित विभाग कें आपसी समन्वयक संग पूरा तत्परता सं काज करबाक तथा आवश्यकता पड़ला पर त्वरित कारबाइ सुनिश्चित करबाक कहलनि। जिलाधिकारी विशेष रूप सं संभावित प्रभावित क्षेत्र मे प्रशासनिक एवं राहतिक तैयारीक समीक्षा कएलनि। स्वास्थ्य विभाग कें आवश्यक चिकित्सा व्यवस्था, पशुपालन विभाग कें पशुक लेल सुरक्षित स्थान एवं आवश्यक व्यवस्था तथा संबंधित अधिकारी कें राहति शिविर आ अन्य आवश्यक संसाधनक उपलब्धता सुनिश्चित रखबाक निर्देश देल गेल। ओ कहलनि जे वर्तमान मे सीतामढ़ी जिला मे बाढ़िक कोनो स्थिति नहि अछि। बागमती नदीक जलस्तर फिलहाल खतराक निशान सं नीचां अछि। नेपालक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र मे होमय बला गतिविधि तथा नदीक जलस्तर मे संभावित अनचोके वृद्धि कें देखि जिला प्रशासन पूरा तरहे सतर्क अछि।

जिलाधिकारी कहलनि जे संभावित बाढ़िक स्थिति सं निपटबाक लेल जिला प्रशासन दिस सं सभ आवश्यक प्रशासनिक तैयारी पूरा कए लेल गेल अछि। प्रशासन अलर्ट मोड मे अछि आ नदीक जलस्तर एवं परिस्थिति पर लगातार नजरि राखल जा रहल अछि। ओ अधिकारी कें निर्देश देलनि जे कोनो प्रकारक आपात स्थिति केर सूचना भेटिते तत्काल वरीय अधिकारी कें अवगत करबैत आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करथि। संगहि आम लोक सं अपील कएल गेल जे ओ अफवाह पर ध्यान नहि दिअथि तथा जिला प्रशासन एवं स्थानीय प्रशासन दिस सं जारी आधिकारिक सूचना परहि भरोसा करथि। संभावित रूप सं संवेदनशील क्षेत्र मे लोक कें नदीक धारा, घाट, चचरी/अस्थायी पुल एवं निचला क्षेत्र मे अनावश्यक रूप सं नहि जाएब तथा जलस्तर मे अनचोके वृद्धि देखाइ पड़ला पर तत्काल सुरक्षित एवं ऊंच स्थान दिस जाएबाक सलाह देल गेल अछि।

### 3.070 किलो गांजा संग एक गिरफ्तार

**सहरसा/समदिया।** बिहरा थाना पुलिस मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत 3.070 किलोग्राम गांजा सं एकटा व्यक्ति कें गिरफ्तार केने अछि। पुलिस हुनका लग सं गांजाक अतिरिक्त एकटा मोटरसाइकिल आ मोबाइल सेहो जब्त कएलक अछि। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर जिला मे अवैध मादक पदार्थक निर्माण, बिक्री, भंडारण एवं परिवहनक विरुद्ध लगातार अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे 25 अगस्तक सांझ बिहरा थाना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे सुपौल सं पुरीख दिस जाए बला बाट पर एकटा व्यक्ति मोटरसाइकिल सं गांजा लए जा रहल अछि। सूचनाक सत्यापनक बाद बिहरा थाना पुलिस पुरीख हटिया रोड स्थित बजरंगबली मंदिरक समीप वाहन जांच शुरू कएलक। एहि दौरान सुपौल दिस सं आबि रहल मोटरसाइकिल सवार पुलिस कें देखि भागबाक प्रयास कएलक, मुदा पुलिस बल तत्परता सं ओकरा पकड़ि लेलक।

## ईद मिलाद-उन-नबी पर शहर सं गाम धरि निकलल जुलूस-ए-मोहम्मदी



**दरभंगा, समदिया**

ईद मिलाद-उन-नबीक अवसर पर बुध दिन शहर सं लए कए गांव धरि जुलूस-ए-मोहम्मदी निकालल गेल। भोर संहि मुस्लिम बहुल मोहल्ला मे नात-ए-पाक आ सलामक सदाएं गूंजए लागल। लोक स्नान कए स्वच्छ वस्त्र धारण करैत हाथ मे मिलादुन्नबीक झंडा लए किलाघाट स्थित अंजुमनक कार्यालय पहुंचए लगलाह। दशक सं जुलूस-ए-मोहम्मदीक आयोजन करैत आबि रहल अंजुमन खुद्दाम-ए-मिल्लतक अध्यक्ष मोईन कुरैशी आ सचिव सैयद आफताब अशरफक नेतृत्व मे लोक कें मदरसा मैदान मे कतारबद्ध कएल गेल। भीड़ बढ़ला सं सड़क पर सेहो लाइन लगए पड़ल। वार्ड पार्षद खलीकुज्जमा, सैयद अख्तर हुसैन, रिजवान अहमद, मुफ्ती फैजानुर्रहमान भोरानी, खालिद रजा कादरी, वर्षे आलम तमन्ना, दीदार हुसैन चांद आ एहतेशाम खां सहित अन्य लोक व्यवस्था संभारलनि। पुलिस यातायात व्यवस्था कें नियंत्रित करैत जुलूस कें उर्दू, करमगंज, दारूभट्ठी चौक आ नाका होइत खान चौक धरि पहुंचौलक। एतय अंजुमन कारवां-ए-मिल्लतक रियाज कादरीक नेतृत्व मे सैकड़ो लोक जुलूस मे शामिल भेलाह। तकर बाद जुलूस मिजार्पुर आ दरभंगा टावर होइत वापस किलाघाट पहुंचल। सामूहिक दुआक बाद जुलूसक समापन भेल आ लोक अपन घर दिस लौटि गेलाह। ओतहि, बुध दिनक सांझ मदरसा मैदान, किलाघाट मे सीरतक तीन दिवसीय वार्षिक जलसा शुरू भेल।

# 28 अगस्त के रक्षाबंधन, सूर्योदय सं भोर 9:27 बजे धरि सर्वोत्तम शुभ मुहूर्त

## मिथिला पंचांगक अनुसार पूरा दिन मनाओल जाएत पर्व, 28 अगस्त के नहि रहत भद्राक प्रभाव

**सहरसा, समदिया**

मिथिला विश्वविद्यालय पंचांगक अनुसार एहि वर्ष रक्षाबंधनक पर्व 28 अगस्त, शुक्रदिन मनाओल जाएत। ज्योतिषाचार्य पंडित तरुण झा कहलनि जे रक्षाबंधन लेल सर्वोत्तम शुभ मुहूर्त 28 अगस्त के सूर्योदय सं दिनक 9 बजकर 27 मिनट धरि रहत। मुदा उदया तिथि मे पूर्णिमा पड़ल रहबाक कारण रक्षाबंधनक पर्व पूरा दिन मनाओल जा सकत। ओ स्पष्ट केलनि जे 28 अगस्त के भद्राक कोनो प्रभाव नहि रहत। पंडित तरुण झाक अनुसार एहि वर्ष पूर्णिमा तिथि 27 अगस्त, बृहस्पति के दिनक 8 बजकर 39 मिनटक बाद आरंभ होयत आ 28 अगस्त के दिनक 9 बजकर 27 मिनट धरि रहत। उदया तिथि मे पूर्णिमा पड़ल रहबाक कारण



शुक्रदिन रक्षाबंधन मनाएब शास्त्रीय दृष्टि सं मान्य अछि। ओ कहलनि जे शास्त्रीय परंपरा मे रक्षाबंधनक उद्देश्य व्यक्ति कें दीर्घायु, आरोग्य आ सुरक्षा केर कामना करबाक संग पारिवारिक स्नेह तथा भाय-बहिनक प्रेम के मजबूत करब अछि। भविष्य पुराण मे इंद्राणी द्वारा इंद्रक रक्षा लेल रक्षा सूत्र बान्हबाक प्रसंग सेहो भेटैत अछि।रक्षाबंधनक अवसर पर बहिन अपन भाइक कलाई पर रक्षा सूत्र बान्हि हुनकर दीर्घायु, सुख-समृद्धि आ स्वस्थ जीवनक कामना करैत छथि। हिंदू धार्मिक अनुष्ठान मे रक्षा सूत्र बान्हैत काल आचार्य द्वारा विशेष मंत्रक उच्चारण कएल जाइत अछि, जाहि केर संबंध राजा बलि सं सेहो बताओल गेल अछि। रक्षाबंधनक मंत्र— येन बद्धो बली राजादानवेंद्रो महाबलः।तेन त्वाम् प्रतिबध्नामि रक्षेमा चल मा चल॥ पंडित झा कहलनि जे भविष्य पुराणक अनुसार इंद्राणी द्वारा तैयार रक्षा सूत्र देवगुरु बृहस्पति इंद्रक कलाई मे बान्हने छलाह। एहि परंपरा कें आगू बढ़बैत रक्षाबंधन आइयो भाय-बहिनक पवित्र प्रेम, विश्वास आ एक-दोसराक रक्षा करबाक संकल्पक पर्व मानल जाइत अछि।

# तीन बंद घर मे चोरी, 12 सं बेसी ताला तोड़ल

## नगर परिषद बेलारहीक वार्ड 11 केर घटना

**झंझारपुर, समदिया**

नगर परिषद क्षेत्रक बेलारही गाम स्थित वार्ड नंबर 11 केर गड़कव टोल मे सोमदिन राति चोर सभ तीनटा बंद घर कें निशाना बनौलक। चोर सभ करीब 12 सं बेसी ताला तोड़ि घरक भीतर प्रवेश कए सामान सभ खंगाललक। तीनू घरकगृहस्वामी बाहर रहैत छथि। घर सभ बंद रहबाक कारण चोरीक जानकारी मंगलदिन सांझ मे भेल। स्थानीय निवासी सुनील कुमार बतौलनि जे हुनकर चाचा कृपानाथ दास, चचेरा भाय श्यामानंद दास आ कौशल कुमारक घर मे चोरी भेल अछि। चोर सभ मुख्य फाटक सं लए कए घरक भीतरी दरवाजा धरि के ताला तोड़ि देलक। कतेको कोठली मे सामान अस्त-व्यस्त पड़ल छल।कृपानाथ दासक घरक कतेको ताला तोड़ल गेल अछि। हुनकर पुत्र संजीव कुमार दिल्ली मे रहैत छथि। हुनका द्वारा दिल्ली सं ऑनलाइन प्राथमिकी दर्ज कराओल



गेल अछि। श्यामानंद दास इलाजक सिलसिला मे बाहर गेल छथि। हुनकर घर मे चोर सभ करीब पांच सं छहटा ताला तोड़लक। अलमारी आ ओकर भीतरी लॉकर सेहो तोड़ल गेल। लॉकर तोड़लाक बाद एकटा सूटकेस सेहो खाली भेटल।ओतहि कौशल कुमारक घरक मुख्य फाटक तोड़ि देल गेल, मुदा इंटरलॉक प्रणालीवला भीतरी दरवाजा चोर नहि तोड़िसकल। तकर बाद चोर सभ नीचां सं ग्रिल काटि घर मे प्रवेश कएलक आ सामान अस्त-व्यस्त कए देलक। गृहस्वामीसभ बहुत समय सं बाहर रहबाक कारण एखन धरि ई स्पष्ट नहि भए सकल अछि जे घर सभ सं कतेक रुपैया अथवा सामान चोरी भेल अछि। गृहस्वामी सभक वापस अयलाक बादे वास्तविक क्षतिक आकलन भए सकत। घटना सं आसपासक लोक सभ मे चिंता व्याप्त अछि। थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह कहलनि जे चौकीदारक माध्यम सं घटनाक सूचना भेटल छल। सूचना भेटिते पुलिस कें घटनास्थल पर पठा कए जांच कराओल गेल। पीड़ित पक्षक दिस सं ऑनलाइन आवेदन देल गेल अछि। ऑनलाइन प्राथमिकीक बाद 72 घंटाक भीतर पीड़ित कें थाना मे उपस्थित होयब आवश्यक अछि। पुलिस पीड़ित सभक थाना अयबाक प्रतीक्षा कए रहल अछि आ घटनाक जांच मे जुटल अछि।

# अधिवक्ता सुशील कुमार फेर बनलाह लोजपा (रामविलास) केर राष्ट्रीय विधिक प्रकोष्ठक अध्यक्ष

## पार्टी फेर जतौलक भरोसा

**सीतामढ़ी, समदिया**

लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) अपन राष्ट्रीय कार्यकारिणीक पुनर्गठन मे बिहारक सीतामढ़ी जिलाक मूल निवासी आ सर्वोच्च न्यायालयक वरिष्ठ अधिवक्ता सुशील कुमार पर फेर भरोसा जतौलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवानक निर्देश पर अधिवक्ता सुशील कुमार कें लगातार दोसर बेर लोजपा (रामविलास) केर राष्ट्रीय विधिक प्रकोष्ठक अध्यक्ष मनोनीत कएल गेलनि। एहि संबंध मे लोजपा (रामविलास) केर राष्ट्रीय प्रधान महासचिव अब्दुल खालिक आधिकारिक पत्र जारी कए पार्टीक सभ अंग आ पदाधिकारी कें जानकारी देलनि। अधिवक्ता सुशील कुमार पार्टीक सक्रिय, निष्ठावान आ वरिष्ठ नेता मे गनल जाइत छथि। सर्वोच्च न्यायालय मे वकालत कर॰वाला सुशील कुमार



दीर्घ समय सं पार्टीक कानूनी मामिला कें कुशलतापूर्वक देखैत आबि रहल छथि। पिछला कार्यकाल मे संगठनक हित मे हुनका द्वारा कएल गेल कार्य, कानूनी मोर्चा पर पार्टी कें मजबूत करबाकयोगदान आ समर्पण कें देखैत शीर्ष नेतृत्व फेर हुनका एहि महत्वपूर्ण दायित्व लेल चुनलक अछि। सुशील कुमार कें दोसर बेर अध्यक्ष बनाओल गेला सं सीतामढ़ी सहित पूरा बिहारक कार्यकर्ता सभ मे हर्षक वातावरण अछि। स्थानीय नेता सभ कहलनि जे ई सीतामढ़ी लेल गौरवक विषय अछि। अपन नियुक्ति पर आभार व्यक्त करैत अधिवक्ता सुशील कुमार कहलनि जे पार्टी हुनका पर जे भरोसा जतौलक अछि, ताहि पर ओ पूर्णतः खरा उतरेबाक प्रयास करताह। ओ कहलनि जे हुनकर मुख्य उद्देश्य देशभरक न्यायप्रिय लोक आ अधिवक्ता सभ कें लोजपा (रामविलास) केर नीति सं जोड़ब तथा राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवानक बिहार फर्स्ट, बिहारी फर्स्ट केर दृष्टिकोण कें जमीनी स्तर पर मजबूत करब अछि।

# मेधावी छात्र-छात्रा कें छात्रवृत्ति, प्रगतिशील किसान सम्मानित



**सहरसा, समदिया**

कहरा प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय, मोहनपुर मे बायोस्टड इंडिया लिमिटेडक दिस सं पढ़ाई मे सहारा, कर्तव्य हमर अभियानक अंतर्गत बायोजाइम प्रगति छात्रवृत्ति सह किसान सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे दसमा वर्गक दर्जनों छात्र-छात्रा भाग लेलनि। चयनित 10 मेधावी छात्र-छात्रा कें छात्रवृत्तिक रूप मे तीन-तीन हजार टाका प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। एहि अवसर पर क्षेत्रक प्रगतिशील किसान सभ कें सेहो सम्मानितकएल गेल। कार्यक्रमक दौरान किसान आ छात्र सभ कें जैविक खेतीक माध्यम सं उत्पादन आ गुणवत्ता मे वृद्धिकरबाक संबंध मे जानकारी देल गेल। माटिक उर्वरता, जड़िक विकास, पोषक तत्वक अवशोषण तथा फसलक बढ़वार मे जैविक तत्वक उपयोगिताक संबंध मे विस्तार सं बताओल गेल।किसान सभ कें आधुनिक कृषि तकनीक अपनाबय लेल प्रेरित कएल गेल। एहि अवसर पर प्रधानाचार्य गिरिंद्र मिश्रा,प्रमोद कुमार, बैद्यनाथ कुमार, दीपक कुमार सिंह, चुनचुन सिंह सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# रूपौली गाम मे पैगंबर साहेबक जन्मदिन धूमधाम सं मनाओल गेल



**सीतामढ़ी, समदिया**

रून्नीसैदपुर प्रखंडक रूपौली गाम मे पैगंबर हजरत मोहम्मद साहेबक जन्मदिन ईद-ए-मिलादुन्नबी श्रद्धा आ उत्साहक संग धूमधाम सं मनाओल गेल। एहि अवसर पर मौलाना मोहम्मद अबरार बरकातीक नेतृत्व मे जुलूसनिकालल गेल, जाहि मे पैघ संख्या मे लोक सहभागी भेलाह। कार्यक्रम मे मौलाना अबरार, जिला परिषदक पूर्व अध्यक्ष इंद्राणी राय आ अधिवक्ता लालबाबू राय पैगंबर साहेबक शिक्षा तथा हुनका द्वारा देल गेल शांति, भाईचारा, प्रेम आ मानवताक संदेश पर प्रकाश देलनि। एहि अवसर पर लोक सभ आपसी सौहार्द आ सामाजिक एकता कायम रखबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रम मे स्थानीय लोक, जनप्रतिनिधि आ पैघ संख्या मे श्रद्धालु उपस्थित छलाह। आयोजन कें सफल बनयबाक लेल स्थानीय युवा आ ग्रामीण सभमहत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। मौका पर मो. अकलू, मो. नसीम, मो. यूसुफ, सत्यनारायण राय, अमन कुमार सहित दर्जनों लोक उपस्थित छलाह।

# मखानक उत्पादन, गुणवत्ता आ निर्यात कें बढ़ावा देबा पर संयुक्त सचिव देलनि जोर

## कृषि क्षेत्रक समग्र विकास लेल समाहरणालय मे कएल गेल बैसार

**दरभंगा, समदिया**

प्रधानमंत्री धन-धान्य कृषि योजनाक सफल क्रियान्वयन आ जिला मे कृषि क्षेत्रक समग्र विकास कें लए भारत सरकारक वाणिज्य विभागक संयुक्त सचिव साकेत कुमारक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकर सभागार मे समीक्षा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे जिलाधिकारी कौशल कुमार सहित विभिन्न विभागक अधिकारी, मखाना उत्पादक आ निर्यातक सहभागी भेलाह। बैसार मे मखानक खेती, उत्पादन, गुणवत्ता, प्रसंस्करण आ निर्यातक स्थिति केर समीक्षा कएल गेल। संयुक्त सचिव उत्पादक आ



निर्यातक सभ सं निर्यात मे आबि रहल समस्या तथा गुणवत्ता सं जुड़ल चुनौतीक जानकारी लेलनि। ओ बेसी सं बेसी उत्पादक कें मखानाक जीआई टैग सं जोड़बाक तथा एपीडा केर माध्यम सं बिहार सं मखाना निर्यात कें बढ़ावा देबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे अंतरराष्ट्रीय बाजारक आवश्यकताक अनुरूप मखानाक उत्पादन, गुणवत्ता, पैकेजिंग, प्रसंस्करण आ निर्यात व्यवस्था कें सुदृढ़ करब आवश्यक अछि। संगहि, अंतरराष्ट्रीय स्तर पर उत्पादक पहचान स्थापित करबाक लेल सर्टिफिकेट ऑफ ओरिजिन कें महत्वपूर्ण बतौलनि। जिलाधिकारी कौशल कुमार निर्यातक सभ कें मखानाक गुणवत्ता पर विशेष ध्यान देबाक तथा जीआई टैग लेल पंजीकरणक संख्या बढ़ेबाक निर्देश देलनि। ओ मखाना विकास योजनाक अंतर्गत उत्पादन क्षेत्रक विस्तार पर सेहो जोर देलनि। बताओल गेल जे पछिला वर्ष जिलाक 890 किसान कें योजनाक लाभ भेटल अछि, जखन कि मखाना अनुसंधान केंद्र द्वारा पछिला दू वर्ष मे करीब पांच हजार किसान कें प्रशिक्षण देल गेल अछि। बैसार मे निर्यातक सभ दरभंगा विमानपत्तन सं कार्गो सुविधाक व्यवस्था करबाक तथा मखानाक भंडारण, प्रसंस्करण आ निर्यात लेल पैक हाउस विकसित करबाक सुझाव देलनि। संयुक्त सचिव आवश्यक कारबाइ करबाक संग कार्यशाला आयोजित करबाक निर्देश देलनि। एहि क्रम मे कृषि उत्पादन, फसल विविधीकरण, सिंचाई, माटिक स्वास्थ्य, उन्नत तकनीक, किसानक आय मे वृद्धि तथा विभिन्न योजनाक अभिसरणक सेहो समीक्षा कएल गेल। अधिकारी सभ कें आपसी समन्वय सं परिणामोन्मुख कार्ययोजना तैयार कए किसान सभ कें योजनाक लाभ समय पर पहुंचेनाय सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल।

# सीएम सैटेलाइट सिटी विरोधी प्रदर्शन मे गिरफ्तार किसान कें बिनु शर्त छोड़बाक मांग

## किसान पर दर्ज मामिला वापस नहि लेल गेल तं राज्यव्यापी आंदोलनक चेतावनी

**सीतामढ़ी, समदिया**

सैटेलाइट सिटी परियोजना वापस लेबाक मांग कें लए पटना मे शांतिपूर्ण आ अहिंसक प्रदर्शन कए रहल किसान सभ कें गिरफ्तार कए हुनका सभ पर मामिला दर्ज कएल जाए पर संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चा तथा भूमि बचाओ संघर्ष समिति, सीतामढ़ीक नेता सभ कड़ा आपत्ति जतौलनि अछि। नेता सभ मुख्यमंत्री सं गिरफ्तार किसान सभ कें बिनु शर्त रिहा करबाक, विभिन्न धारा मे दर्ज मामिला वापस लेबाक तथा सैटेलाइट सिटी परियोजना कें लए किसान सभसं वार्ता कए परियोजना वापस लेबाक मांग केलनि अछि। मुख्यमंत्री कें पठाओल गेल ई-मेल मे संयुक्त किसान संघर्ष मोर्चा आ भूमि बचाओ संघर्ष समितिक नेता डॉ. आनंद किशोर, जलंधर यदुबंशी, बैद्यनाथ हाथी आ अवधेश यादव कहलनि जे पुनपुन अंचलाधिकारी तथा कोतवाली पुलिसक अधिकारी अपन विफलता कें नुकाओबाक लेल जमीन बचाओ संघर्ष मोर्चाक नेता, आम किसान आ महिला किसान सभ पर दमन केलनि तथा लाठीचार्ज कएलनि। नेतासभक आरोप अछि जे कोतवाली थाना मे गिरफ्तारकिसान सभ कें भोजन नहि देल गेल। भोजनक मांग कें लए नारा लगेलाक बाद सभ कें सबक सिखेबाक तथा विभिन्नमामिला मे फंसेबाक धमकी देल गेल। एहि मामिला मे 39 किसान पर कांड संख्या 630/26 दर्ज कए धारा 190, 126(2), 115(2), 352 सहित अन्य धारा मे आरोपित कएल गेल अछि। गिरफ्तार किसान सभ मे महिला, जेपी सेनानी, युवा तथा वृद्ध सेहो शामिल छथि। नेता सभ चेतावनी देलनि जे किसानक दमन जारी रहल तं ई संघर्ष राज्यव्यापी आंदोलनक रूप लेत।

# श्रावणी पूर्णिमा पर ड्रोन कैमरा सं होयत सुंदरनाथ धामक निगरानी, मेटल डिटेक्टर सेहो लागत

## पूर्णिमाक भीड़क कें देखैज आयोजित कएल गेल बैसार



**अररिया, समदिया**

क्षेत्रक ऐतिहासिक धर्मस्थल सुंदरनाथ धाम परिसर स्थित कार्यालय मे बुधदिन सांझ सुंदरी मठ न्यास समितिक सदस्य आ प्रशासनिक अधिकारी सभक बैठक भेल। एक मास धरि चलयवला श्रावणी महोत्सव आ श्रावणी पूर्णिमा कें सफल बनयबाक उद्देश्य सं आयोजित एहि बैठकक अध्यक्षता मंदिर समितिक अध्यक्ष सह विधायक विजय कुमार मंडल कएलनि, जखन कि संचालन सदस्य एचके सिंह कएलनि। बैठक मे अंतिम सोमवारी कें जुटल अप्रत्याशित भीड़ कें ध्यान मे राखि सुरक्षा आ श्रद्धालुक सुविधा संबंधी कतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। तय भेल जे सभ दिस सं अयवला वाहन कें मंदिर सं करीब एक सं डेढ़ किलोमीटर पहिनेरोकल जायत। तकर बाद श्रद्धालु सभ पैदल सुंदरनाथ धाम पहुंचताह। बृहस्पति राति आयोजित होयबला भक्ति जागरण कार्यक्रम आ शुक्रदिन श्रावणी पूर्णिमाक अवसर पर पर्याप्त संख्या मे स्वयंसेवक आ पुलिस बलक तैनाती कएल जायत। श्रद्धालु सभ लेल शिवगंगाक पवित्र जल सं जलाभिषेक करबाक व्यवस्था कएल गेल अछि। महोत्सवक अवसर पर पेयजल, शौचालय, चिकित्सकीय दल, एंबुलेंस,अग्निशमन वाहन, गोताखोरक संग ड्रोन कैमरा आ मेटल डिटेक्टरक व्यवस्था सेहो रहत। ड्रोन कैमरा सं धाम परिसरआ आसपासक क्षेत्रक निगरानी कएल जायत, जखन कि मेटल डिटेक्टरक माध्यम सं सुरक्षा जांच कएल जायत। बैठक मे अररियाक अनुमंडल पदाधिकारी दीक्षित श्वेतम, ट्रैफिक डीएसपी तरुण कुमार पांडेय, विभिन्न थानाक थानाध्यक्ष, प्रशासनिक अधिकारी, मंदिर न्यास समितिक सदस्य आ स्थानीय जनप्रतिनिधि सभ उपस्थित छलाह। विधायक विजय कुमार मंडल श्रद्धालु, स्थानीय लोक आ आयोजन सं जुड़ल सभ पक्ष सं श्रावणी महोत्सव कें शांतिपूर्ण आ सुव्यवस्थित ढंग सं संपन्न करय मे सहयोग करबाक अपील कएलनि।

# नारी सम्मान समारोह मे गूंजल समानताक संदेश, बाल विवाहक विरोध मे जताओल गेल सामूहिक प्रतिबद्धता

## बेटी सभ कें समान अधिकार आ अवसर देने सं बनत बाल विवाह मुक्त समाज : जिला कल्याण पदाधिकारी

**सीतामढ़ी, समदिया**

सिमरा स्थित अदिथी कार्यालय मे बुधदिन नारी सम्मान एवं समानता समारोहक आयोजन कएल गेल। अदिथी कवच परियोजनाक तत्वावधान मे कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंहक नेतृत्व मे आयोजित एहि समारोहक मुख्य विषय 'समान अधिकार, समान अवसर, सशक्त नारी' छल। कार्यक्रम मे किशोरी सभक सुरक्षा, शिक्षा, महिला एवं बालअधिकारक संरक्षण तथा बाल विवाह मुक्त समाजक निर्माण पर विशेष जोर देल गेल। अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक शुभारंभ कएलनि। समारोह मे जिला कल्याण पदाधिकारी सुभाष चंद्र राजकुमार, अनुमंडल कल्याण पदाधिकारी पूजा सिंह, महिला थानाध्यक्ष श्वेता स्वराज सहित महिला एवं बाल अधिकारक क्षेत्र मे काज कएनिहार सामाजिक कार्यकर्ता, शिक्षिका, कवयित्री, बाल संरक्षण सं जुड़ल प्रतिनिधि आ प्रबुद्ध नागरिक उपस्थित छलाह। जिला कल्याण पदाधिकारी सुभाष चंद्र राजकुमार कहलनि जे महिला समानता मात्र



महिलाक सम्मानक विषय नहि, बल्कि न्यायपूर्ण आ समतामूलक समाजक आधार अछि। बेटी सभके शिक्षा, सुरक्षा, सम्मान आ आगू बढ़बाक समान अवसर देनाइ समाजक सामूहिक दायित्व अछि। बाल विवाह सन सामाजिक कुरीति बच्चा सभक अधिकार, शिक्षा,स्वास्थ्य आ समग्र विकास कें प्रभावित करैत अछि। एकर उन्मूलन लेल प्रशासन, पंचायत, विद्यालय, समुदाय आनागरिक समाज कें मिलि कए निरंतर प्रयास करय पड़त।अदिथीक कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह महिला एवं बाल अधिकारक संरक्षण आ बाल विवाहक रोकथाम लेल अदिथीकवच परियोजनाक माध्यम सं प्रशासन आ संबंधित पक्षक सहयोग सं भए रहल काजक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे बाल विवाह रोकय मे समुदायाक सक्रिय सहभागिता, समय पर सूचना आ विभिन्न संस्थाक बीचसमन्वय अत्यंत आवश्यक अछि।कन्वर्जेंस एक्सपर्ट मनीष कुमार बाल कल्याण एवं संरक्षण समितिक सक्रियता आ विभिन्न पक्षक समन्वित प्रयास सं बाल विवाह मुक्त जिला बनयबाक दिशा मे भए रहल काज सं प्रतिभागी सभके अवगत करौलनि। अनुमंडल कल्याण पदाधिकारी पूजा सिंह भावपूर्ण प्रस्तुति माध्यम

### » उत्कृष्ट काज कएनिहार 11 महिला सम्मानित

सं महिला समानता आ बेटी सभक सम्मानक संदेश देलनि। हुनकर प्रस्तुति मे बेटी कें बोझ नहि, बल्कि समान अधिकार आ अवसरक अधिकारी मानबाक भावपूर्ण संदेश देल गेल। ओतहि कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद चौधरी प्रगतिशील कवि आ गीतकार साहिर लुधियानवीक प्रसिद्ध रचनाक मार्मिक पाठ प्रस्तुत कए समाज मे व्याप्त भेदभाव, ऊंच-नीच आ असमानता पर ध्यान आकृष्ट कएलनि।कार्यक्रम मे पीपीटीक माध्यम सं महिला एवं बाल अधिकार, बाल संरक्षण, महिला सशक्तीकरण आ सामाजिक परिवर्तन लेल उल्लेखनीय काज कएनिहार महिलाक योगदान प्रस्तुत कएल गेल। उत्कृष्ट काज लेल मिश्रौलिया पंचायतक मुखिया आरती कुमारी, महिला थानाध्यक्ष श्वेता स्वराज, कवयित्री संगीता चौधरी, पत्रकार मोना पटेल, शिक्षिका निधि कुमारी, बाल समिति सदस्य इंद्रा कुमारी, शिक्षिका रीता कम्मलाल, सामाजिक कार्यकर्ता महालक्ष्मी चौधरी, रेणु कुमारी, पायल कुमारी आ समा प्रवीण कें सम्मानित कएल गेल।समारोह मे ई संदेश देल गेल जे महिला समानता, किशोरी सभक सुरक्षा एवं शिक्षा आ बाल विवाहक रोकथाम परस्पर जुड़ल महत्वपूर्ण सामाजिक सरोकार अछि। बाल विवाह मुक्त समाजक निर्माण लेल कानूनक प्रभावी क्रियान्वयनक संग परिवार, समुदाय, पंचायत, विद्यालय, प्रशासन आ नागरिक समाजक साझा जिम्मेवारी आ निरंतर सहभागिता आवश्यक अछि। कार्यक्रम मे सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर, अदिथीक प्रतिनिधि ज्योति कुमारी, काजल कुमारी, कोमल कुमारी, गौतम कुमार, सीतांशु कुमार सहित कतेको सामाजिक कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।



# नाग मुकुटक दोसर बाट बासुकीनाथे किएक?



कुमार नितेश

श्रावणी पथ : कड़ी-27

बाबा वैद्यनाथक मस्तक पर सालो भरि चढ़ाओल जाएबला पुष्प नाग मुकुट महाशिवरात्रिक राति नहि सजैत अछि। ओहि राति शिव–विवाह होइत अछि आ बाबा कें मौर पहिराओल जाइत अछि। मुदा परंपरा एहि एक दिनक अनुपस्थिति कें अपूर्ण नहि छोड़ैत अछि। श्रावण पूर्णिमाक दिन देवघर मंडल काराक बंदी दूटा पुष्प नाग मुकुट बनबैत छथि। एक बाबा वैद्यनाथ लेल आ दोसर बाबा बासुकीनाथ लेल। एतहि सं प्रश्न उठैत अछि जे नाग मुकुटक दोसर बाट बासुकीनाथे किएक जाइत अछि? एकर उत्तर मात्र एकटा मंदिर सं दोसर मंदिर धरि पहुंचैत धार्मिक परंपरा मे नहि नुकायल अछि। एकर पाछां नाम, लोकस्मृति, शिव–भक्ति आ ओहि पुरान संबंधक कतेको परत अछि, जे देवघर आ बासुकीनाथ कें एक–दोसर सं जोड़ैत अछि। कखनो–कखनो कोनो परंपराक अर्थ लिखल इतिहासक अपेक्षा ओकर निरंतरता मे बेसी स्पष्ट होइत अछि। नाग मुकुटक ई दोसर यात्रा सेहो एहने निरंतरताक संकेत दैत अछि। सुल्तानगंज सं देवघर धरि अबैत श्रावणी पथ एखन धरि हमर आंखिक सामने मुख्य यात्रा रहल अछि। अजगैबीनाथ सं गंगाजल उठैत अछि, कांवर कन्हा पर अबैत अछि, पैर सं दूरी नापल जाइत अछि आ बाबा वैद्यनाथक दरबार मे पहुंचि जल अर्पित कएल जाइत अछि। मुदा कतेको शिवभक्त लेल देवघर अंतिम पड़ाव नहि अछि। ओतय सं ओ बासुकीनाथ दिस बढ़ैत छथि। अर्थात जाहि यात्रा कें हम एखन धरि एकटा सीधा रेखाक रूप मे देखैत रहलहुं, ताहि मे देवघरक बाद एकटा दोसर दिशा सेहो विद्यमान अछि। लोकविश्वास दुनू धामक बीचक एहि यात्रा कें अपन भाषा देने अछि। देवघर कें बाबा वैद्यनाथक दीवानी अदालत आ बासुकीनाथ कें फौजदारी अदालत कहल जाइत अछि। ई कानूनक व्यवस्था नहि, बल्कि श्रद्धाक लोकबिंब अछि। मनोकामना लए भक्त देवघर अबैत छथि आ ओकर फलप्राप्तिक कामना लए बासुकीनाथ पहुंचैत छथि। देवघर मे अरदास आ बासुकीनाथ मे ओकर सुनवाइ – मानू एकहि श्रद्धाक दू अवस्था बनि जाइत अछि। नाग मुकुट एहि बाट कें आर गहिंर अर्थ दैत अछि। श्रावण पूर्णिमाक दिन देवघर मंडल काराक बंदी सभक हाथ सं दूटा मुकुट बनैत अछि। एहि परंपरा मे बंदी मात्र फूल आ बेलपत्र नहि जोड़ैत छथि। परंपरा सं जुड़ल विवरण मे हुनकर उपवास राखब, जेलक भीतर शिवक पूजा करब आ तकर बाद मुकुट बनेबाक साधनाक उल्लेख सेहो भेटैत अछि। चारि–दिवारिक भीतरक ई साधना जखन फूलक नागक रूप धारण करैत अछि, तं ओ जेलक सीमा सं बाहर निकलि मंदिर धरि पहुंचैत अछि। बंदीक हाथ सं बनल ई मुकुट तें मात्र शिल्प नहि अछि। ताहि मे साधना, श्रम आ शिवक प्रति समर्पण–तीनू एक संग देखाइत अछि। एकटा मुकुट बाबा वैद्यनाथक मस्तक पर सजैत अछि आ दोसर बासुकीनाथ चलि जाइत अछि। एकटा मुकुट ठहरैत अछि, दोसर यात्रा करैत अछि। एकहि साधना सं बनल दुनू मुकुटक अलग–अलग यात्रा एहि परंपरा कें देखबाक दृष्टि बदलि दैत अछि। दुनू दिशा अंततः शिव सं जुड़ैत अछि। बासुकीनाथ नाम सुनिते वासुकीक स्मृति सामने आबि जाइत अछि। समुद्र–मंथन मे वासुकी अपन शरीर कें मंथनक रस्सी बनेने छलाह। देव आ दानव दुनू दिस सं हुनका खींचैत रहलाह। मंथनक गौरव हुनकर भाग मे आयल तं पीड़ा सेहो हुन कें सहए पड़ल। दोसर दिस शिव छथि, जे समुद्र सं निकलल विष कें अपन कंठ मे रोकि लेलनि आ नीलकंठ कहौलाह। मंथनक पौराणिक कथाक बाद वासुकीक आगांक यात्राक स्पष्ट विवरण नहि भेटैत अछि। मुदा बासुकीनाथक स्थानीय परंपरा वासुकी कें एहि भूभाग सं जोड़ैत अछि आ हुनकर शिव–आराधनाक स्मृति कें एहि धामक नाम मे जीवित रखने अछि। पुराणक कथा आ लोकस्मृतिक बीचक ई भेद बुझब आवश्यक अछि। एकटा हमरा मूल आख्यान दैत अछि, दोसर ओहि आख्यान कें कोनो भूगोल मे जीवित रखैत अछि। कथाक एहि स्थानीय विस्तार सं नाग मुकुटक दोसर बाट कें अर्थ भेटैत अछि। जे समुद्र–मंथन मे अपन शरीर देने छलाह, से महादेवक गला मे हार बनलाह।

अंततः पीड़हि पीड़ा कें मांजैत अछि।

वासुकीक पीड़ा आ शिवक पीड़ा एकरूप नहि छल। एकटा अपन शरीर सं मंथनक कष्ट सहलनि, दोसर विषक ज्वाला अपन कंठ मे रोकि लेलनि। मुदा दुनूक स्मृति शिवक ओहि स्वरूप मे आबि मिलैत अछि, जतय पीड़ा सं करुणा आ करुणा सं निकटता जन्म लैत अछि। वासुकीक शिव–भक्तिक स्थानीय स्मृति एहि निकटता कें आर अर्थ दैत अछि। पुकार नहि होय तं महादेव धरि पीड़ाक समाचार कोना पहुंचत आ भक्ति नहि होय तं देवता सं एहन संबंध कोना बनत? देवघर मे ओही शिव कें वैद्यनाथ कहल जाइत अछि। वैद्य ओ छथि, जे पीड़ा कें चिन्हैत छथि आ ओकर उपचार करैत छथि। एहि दृष्टि सं वैद्यनाथ, वासुकी आ बासुकीनाथक बीचक लोकस्मृति नाग मुकुट कें मात्र फूलक श्रृंगार बनल नहि रहए दैत अछि। ई पीड़ा सं भक्ति आ भक्ति सं शरण धरि जाएबला एकटा सांकेतिक यात्रा बनि जाइत अछि।

एतहि सं श्रावणी पथक एकटा आर अर्थ उद्घाटित होइत अछि। यात्रा मात्र पैरक दूरी नहि अछि। बाट मे प्रतीक सेहो चलैत अछि। गंगाजल चलैत अछि, कांवर चलैत अछि आ नाग मुकुट सेहो अपन दोसर बाट पर चलैत देखाइत अछि। श्रद्धा कखनो–कखनो अपन संग एहन स्मृति लए चलैत अछि, जकर अर्थ यात्राक संग चलनिहार लोक सं बहुत आगू धरि जाइत अछि। एतय शिवपुराणक एकटा विचार ध्यान आकृष्ट करैत अछि। विद्येश्वरसंहिता मे लिंग–पूजाक संख्या संग ओकर फलक्रमक उल्लेख भेटैत अछि –

एकं लिङ्गं पापहरं द्वे लिङ्गेऽर्थप्रदे नृणाम्।
त्रीणि लिङ्गानि सर्वेषां सर्वकामफलप्रदानि॥
चत्वारि लिङ्गानि तथा मुक्तिदानि न संशयः॥

अर्थात एक लिंग पापहर, दू लिंग अर्थप्रद, तीन लिंग सर्वकामफलप्रद आ चारि लिंग मुक्तिदायक कहल गेल अछि।

श्लोक मे तीन अथवा चारि लिंगक नाम नहि कहल गेल अछि। ओ संख्या अनुसार पूजाक फलविधान करैत अछि। सनातन परंपरा मे पार्थिव लिंग बना कए सेहो कतेको लिंगक अभिषेक कएल जाइत अछि। तें एहि श्लोक कें कोनो निश्चित तीर्थ–त्रयक प्रमाण मानब उचित नहि होयत। एकर महत्व दोसर ठाम अछि। ई तीन आ चारिक संख्या कें साधनाक अलग–अलग पड़ाव सं जोड़ैत अछि।

श्रावणी पथ पर देखल जाए तं एकटा अर्थपूर्ण क्रम देखाइत अछि। अजगैबीनाथ सं यात्रा शुरू होइत अछि, वैद्यनाथ धरि पहुंचैत अछि आ तकर बाद बासुकीनाथ दिस बढ़ैत अछि। तीन प्राचीन शिवधाम एकहि यात्राक अलग–अलग अवस्थाक रूप मे सामने अबैत अछि। शिवपुराण तीन लिंगक पूजा कें सर्वकामफलप्रद कहैत अछि आ बासुकीनाथक लोकमान्यता सेहो मनोकामना आ ओकर फल सं जुड़ल अछि। अधिकांश लोक देवताक लग अपन सांसारिक इच्छा लए जाइत छथि। घर, परिवार, स्वास्थ्य, रोजगार, सुख आ समृद्धिक अपन–अपन कामना होइत अछि। एहन मे प्रश्न उठब स्वाभाविक अछि जे मुक्ति कतेक लोकक पहिल कामना होइत अछि? शायद एहि प्रश्नक आगू यात्राक चारिम पड़ाव देखाइ पड़ैत अछि। शिवपुराण चारि लिंगक पूजा कें मुक्तिदायिनी कहैत अछि। मुदा ई नहि कहैत अछि जे ओ चारिम लिंग कोन अछि। तैयो हमर यात्रा मे तीन शिवधामक बाद एक आर शिव–संबंधित भूगोल खुलैत अछि – मंदार। एतय हम शास्त्र आ अपन यात्रा कें एक नहि कए रहल छी। मात्र दुनू कें संग राखि कए देखैत छी। तीन धरि कामनाक भाव आ चारि मे मुक्तिक शास्त्रीय विधान सामने अछि। हमर यात्रा तीन शिवधामक बाद चारिम पड़ाव दिस बढ़ैत अछि। ई निष्कर्ष नहि, एकटा संभावना अछि। मुदा कखनो–कखनो यात्रा मे संभावना एहि अगिला पड़ावक द्वारि खोलैत अछि। मंदारक अपन कथा अछि। समुद्र–मंथन मे ओकर भूमिका अछि। शिव सं ओकर अपन संबंध अछि। विष्णुक स्मृतियो ओकर भूगोल मे विद्यमान अछि। तें एकरा एखन बासुकीनाथक कथा मे समेटब उचित नहि होयत। ई अगिला कड़ीक अपन विषय अछि। श्रावण पूर्णिमा साओनक अंतिम दिन अछि। पूरा मास कांवरियाक पैर देवघर दिस बढ़ैत अछि आ एहि अंतिम दिन दोसर नाग मुकुट देवघर सं निकलि दोसर दिशा पकड़ैत अछि। मानू श्रावणी पथक एकटा धारा ओतय पहुंचि ठहरैत नहि, बल्कि आगू बढ़ैत अछि। अजगैबीनाथ सं उठाओल गंगाजल देवघर अबैत अछि, मनोकामनाक यात्रा बासुकीनाथ धरि जाइत अछि आ तकर बाद बासुकीनाथक आगू मंदारक नाम देखाइ पड़ए लगैत अछि। श्रावणी पथ देवघर मे समाप्त नहि होइत अछि। ओतय सं ओकर एकटा दोसर आध्यात्मिक बाट खुलैत अछि, जे बासुकीनाथ सं आगू मंदार धरि पहुंचैत अछि।

आब यात्रा मंदार पहुंचत।

## जेन-जी बीच अपन प्रासंगिकता फेर सं बनेबाक प्रयास कए रहल छथि बाबा रामदेव

करनजीत कौर



एहि गर्मी मे दिमागी नक्सली, कॉकरोच, जेन जी आ जनरेशन गटर सन शब्दक चर्चा बीच प्रासंगिक बनल रहब सभ सं जरूरी बात बनि गेल अछि। जखन भारतक युवाक नेतृत्व मे शुरू भेल विरोध इंस्टाग्राम सं निकलि सड़क धरि पहुंचि गेल आ एक केंद्रीय शिक्षा मंत्री सहित सरकारक 12 वर्षक अति-आत्मविश्वास कें सेहो चुनौती देलक, तखन 25 वर्ष सं कम उमेरक युवाक विषय मे अपन राय राखब सार्वजनिक जीवन मे सक्रिय प्रत्येक व्यक्तिक लेल आवश्यक भए गेल। एहि क्रम मे आब योगगुरु रामदेव सेहो युवाक बीच अपन प्रासंगिकता फेर सं स्थापित करबाक प्रयास करैत देखाइ पड़ैत छथि। अरबपति कारोबारी आ योगगुरु रामदेव आब अपना कें जेन जीक समर्थक आ सरकारक आलोचकक रूप मे प्रस्तुत करैत छथि। एकर शुरूआत हुनकर स्वतंत्रता दिवसक भाषण सं भेल, जे हरिद्वार स्थित हुनकर परिसर सं देल गेल छल। रामदेव कहलनि जे ब्राह्मण, क्षत्रिय, वैश्य, शूद्र, दलित, आदिवासी, वनवासी तथा हिंदू, मुस्लिम, सिख, ईसाई, जैन आ बौद्ध सभ एक-दोसराक विरुद्ध घोर वैर-भाव मे ठाढ़ छथि। हुनकर अनुसार देश मे घृणाक सभटा देवाल तोड़बाक आवश्यकता अछि। तकर बाद हुनकर निशाना परीक्षा व्यवस्था आ प्रश्नपत्रक लीक बनल। हुनकर कथन छल जे कतहु खुल्लमखुल्ला नकल होइत अछि तं कतहु प्रश्नपत्र लीक भए जाइत अछि। पतंजलि आयुर्वेदक प्रबंध निदेशक आचार्य बालकृष्णक उपस्थिति मे ओ सरकारी नोकरीक साक्षात्कार मे भ्रष्टाचारक स्तर 99 प्रतिशत धरि पहुंचि गेलाक आरोप लगबैत कहलनि जे एहन परिस्थिति मे देश कोना चलत? रामदेव आगू चेतावनी दैत कहलनि जे व्यवस्था अपन तरीका सुधारय, नहि तं आंदोलन आर तेज होयत आ हुनका फेर आंदोलन करए पड़त। हुनकर फेर आंदोलनक संकेत 2011-12क इंडिया अगेंस्ट करप्शन आंदोलन दिस छल, जाहि सं यूपीएक दोसर कार्यकालक विरुद्ध वातावरण बनय मे सहायता भेटल छल। जून 2011मे रामदेव दिल्लीक रामलीला मैदान मे प्रदर्शनक नेतृत्व केने छलाह। मुदा पुलिसक लाठीचार्ज आ टीसर गैसक बाद हुनकर प्रदर्शनस्थल सं निकलि जाएबाक घटना सेहो ओहि आंदोलनक चर्चित हिस्सा रहल।

**रामदेव आ भाजपाक बीच मित्रता मे दरारि? :** हाल मे रामदेवक किछु भाजपा नेता सं मतभेद सेहो सामने आयल अछि। एकटा टेलीविजन चर्चा मे हुनका भाजपा सांसद कंगना रनौतक युवाक लेल कॉकरोच शब्दक प्रयोग पर आपत्ति करैत देखल गेल। रनौत जनरेशन गटरक प्रदर्शनकारी युवाक आलोचना करैत हुनका भद्दा, भ्रष्ट आ बहुत खराब कहने छलथि। रामदेव कहलनि जे देशक युवाक लेल गटर शब्दक प्रयोग खराब सोचक परिचायक अछि। एहि पर रनौते सेहो तीव्र प्रत्युत्तर देलनि। तकर बाद पूर्व भाजपा सांसद बृजभूषण शरण सिंह सेहो रामदेवक आंदोलन करबाक क्षमता पर प्रश्न उठौलनि। एहन घटनाक्रमक बाद रामदेव आ भाजपा बीच पुरान निकटता मे दरारक चर्चा स्वाभाविक अछि। मुदा दुनूक संबंध बहुत पुरान अछि। लेखक कौशिक डेकाक पुस्तकक अनुसार, 2009मे पतंजलि आयुर्वेद भाजपा कें आर्थिक सहयोग देने छल आ 2014मे भाजपा कें केंद्रक सत्ता मे अयबाक भविष्यवाणी सेहो केने छल। 2014क बाद रामदेव आ पतंजलि कें जमीन, सुरक्षा आ सरकारी स्तर पर कतेको सुविधा भेटलाक चर्चा सेहो होइत रहल अछि। रामदेव कें जेड श्रेणीक सुरक्षा देल गेल आ पतंजलिक हरिद्वार स्थित फूड पार्क मे सीआईएसएफक जवान तैनात कएल गेल।

**रामदेवक स्वदेशी समाधान :** रामदेव कतेको वर्ष सं शिक्षा क्षेत्र सं सेहो जुड़ल छथि। 2019मे हुनका भारतीय शिक्षा बोर्डक अध्यक्ष बनाओल गेल। एहि बोर्डक आधार भारतीय पारंपरिक ज्ञान कें मानल गेल अछि। 2022 सं बोर्डक कार्य शुरू भेल। ई रामदेवक ओहि व्यापक सोचक हिस्सा अछि, जाहि मे ओ आधुनिक औषधि, एफएमसीजी वस्तु आ पश्चिमी मानल जाएबला उत्पादक स्थान पर स्वदेशी विकल्पक पक्षधर रहल छथि। ओ अपना कें एहन वैकल्पिक व्यवस्था प्रस्तुत करैत रहल छथि, जे हुनकर मत मे वर्तमान व्यवस्था सं बेसी प्रभावी भए सकैत अछि। परीक्षा प्रश्नपत्रक लीक, परीक्षा रद्द होयब आ परीक्षार्थीक परेशानी एहन मुद्दा अछि, जे वर्तमान शिक्षा व्यवस्थाक कमजोरी कें उजागर करैत अछि।

## मक्का समझौता : इस्लामिक नाटो बनबाक बाट पर तुर्की, सऊदी अरब आ पाकिस्तान, मुदा चुनौती कम नहि

पुष्पेंद्र



सऊदी अरब, तुर्की आ पाकिस्तानक बीच भेल मक्का रक्षा समझौता कें किछु लोक इस्लामिक नाटोक रूप मे देखि रहल छथि। तीनू देश एक-दोसरा पर सशस्त्र आक्रमण कें सामूहिक आक्रमण मानबाक सहमति जरूर देने अछि, मुदा विशेषज्ञक मानब अछि जे ई समझौता एखन नाटो-सन मजबूत सैन्य गठबंधन सं बहुत दूर अछि। तीनू देशक सुरक्षा प्राथमिकता अलग-अलग होयबाक कारण एकर वास्तविक स्वरूप आ भविष्यक विस्तार पर सेहो प्रश्न उठि रहल अछि। तुर्कीक वरिष्ठ कूटनीतिज्ञ हाकान फिदान कहलनि जे मक्का समझौता अंतर्गत ई सहमति भेल अछि जे तीनू मे सं कोनो एक देश पर सशस्त्र आक्रमण भेल तं ओकरा सभ पर भेल आक्रमण मानल जायत। तकनीकी रूप सं ई बात ट्रांस-अटलांटिक सुरक्षा गठबंधनक अनुच्छेद-5 मे वर्णित सामूहिक रक्षा सिद्धांतक समान अछि। मुदा ओ इहो स्पष्ट कएलनि जे ई समझौता ईरान अथवा अन्य कोनो देशक विरुद्ध नहि अछि, जाधरि समझौता मे सम्मिलित देश पर आक्रमण नहि होइत अछि।

एहि समझौता सं तेहरान पर तत्काल कोनो विशेष प्रभाव पड़ैत नहि देखाइत अछि। भारत सेहो प्रत्यक्ष रूप सं कोनो चिंता व्यक्त नहि कएलक अछि, मुदा नई दिल्ली कें एहन गठबंधनक सामना करबाक लेल अपन रणनीति बनाबय पड़त। जानकार लोक एहि समझौता सं बहुत बेसी आशा नहि रखैत छथि। एहि क्षेत्र मे टिकाउ रक्षा गठबंधन बनेबाक पहिनेक प्रयास सभक उदाहरण दैत विशेषज्ञ कहैत छथि जे एहन प्रयास दीर्घकाल धरि नहि टिकि सकल अछि। चीनक इन्स्टिट्यूट ऑफ कन्टेंपररी इन्टरनेशनल रिलेशन्स मे मध्य-पूर्व अर्थव्यवस्था आ ऊर्जा अध्ययनक निदेशक थांग थियानबो कहलनि जे ई गठबंधन एखन नाटो-जेकां सैन्य गठबंधन सं बहुत दूर अछि।

आइ सं 26 वर्ष पूर्व, दिसंबर 2000 मे गल्फ कोऑपरेशन काउन्सिलक छओ सदस्य देशक बीच भेल संयुक्त रक्षा समझौता कें सेहो किछु लोक गल्फ नाटो कहने छल। एहि क्रम मे कतेको बेर संयुक्त सैन्य तैनाती सेहो भेल। मुदा 2017 मे सहयोगक प्रयास तखन रुकि गेल, जखन किछु सदस्य देश कतार सं अपन संबंध विच्छेद कए लेलनि। तकर बादक संकट सभ मे एहि समूहक प्रतिक्रिया बहुत हद धरि मात्र कूटनीतिक वक्तव्य धरि सीमित रहल।

निंग्जिया विश्वविद्यालयक चीन-अरब अनुसंधान संस्थानक निदेशक नी शिनचुन सेहो मानैत छथि जे मक्का समझौता कें इस्लामिक नाटो कहब निश्चित रूप सं अतिशयोक्ति अछि। रियाद आ इस्लामाबाद गत वर्ष 17 सितंबर कें द्विपक्षीय रक्षा समझौता पर हस्ताक्षर केने छल। एक वर्षक भीतर तुर्की सेहो एहि गठबंधन मे सम्मिलित भए गेल। 7 अगस्त 2026 कें सऊदी अरबक पवित्र नगर मक्का मे सऊदी अरब, तुर्की आ पाकिस्तान संयुक्त रक्षा समझौता पर हस्ताक्षर कएलक।

मक्का समझौताक हस्ताक्षरक दू दिन बाद यमन मे ईरान समर्थित हूथी समूह देशक दक्षिण-पश्चिम मे स्थित सऊदी तेल-शोधनागार पर भेल आक्रमणक जिम्मेवारी स्वीकार कएलक। पाकिस्तान आ तुर्की एहि घटनापर कोनो प्रतिक्रिया नहि देलक। मध्य-पूर्व पर केंद्रित वाशिंगटनक परामर्श संस्था रिहला रिसर्च एंड एडवाइजरीक संस्थापक जेसी मार्क्सक अनुसार एहि समझौताक सब सं पैघ कठिनाइ ई अछि जे तीनू देशक सुरक्षा-चिंता अलग-अलग अछि। रियादक ध्यान ईरान आ अपन आधारभूत संरचनाक सुरक्षा पर अछि, तुर्की कें इस्राइलक चिंता अछि, जखनकि पाकिस्तान भारत, अफगानिस्तान आ घरेलू स्थिरता कें प्राथमिकता दैत अछि।

समझौता अंतर्गत आक्रमणक अर्थ की होयत, एकर उत्तर जानि-बुझि अस्पष्ट राखल गेल अछि, जाहि सं तीनू पक्ष कें अपन रणनीति निर्धारित करबाक स्वतंत्रता रहय। जं सऊदी अरब, तुर्की आ पाकिस्तान पहिने सं एहि बातपर सहमत नहि भए पबैत अछि जे के, कतय आ कोन परिस्थिति मे लड़त, तं मक्का समझौता मात्र राजनीतिक प्रतीक बनि कए रहि सकैत अछि। पाकिस्तानक घरेलू स्थिति सेहो चुनौतीपूर्ण अछि। बढ़ैत महंगाई, बेरोजगारी आ वित्तीय संकटक समाधान करबाक बदला प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ विश्व-मंचपर अपन प्रभाव बढ़ेबाक प्रयास मे लागल छथि।

## गंगा चाही वा चाही मात्र गंगाक जल?

करुणानिधि



एहि प्रश्नक आवश्यकता तें पड़ि रहल अछि जे लोक मे एहि विषयक जानकारी आ मुद्दाक समझक घोर अभाव देखाइ पड़ैत अछि। पहिने फरक्का पर लिखबाक समय हमरा लागल छल जे बिहारक प्रत्येक समझदार व्यक्ति कम–सं–कम फरक्का बराजक खतरा सं परिचित होयत। मुदा जखन जानकारी सं भरल सांसद सुधाकर सिंह कें फरक्का बराज हटेबाक पक्ष मे बाजनिहार लोक कें कालिदास कहैत सुनलहुं, तं बुझायल जे आम लोक मे एखनहुं एहि विषय मे तथ्य आ जानकारीक कमी अछि। तें एहि मुद्दा कें विस्तार सं बुझनाइ आवश्यक अछि। सब सं पहिने प्रश्न अछि–अहां कें गंगा चाही वा मात्र गंगाजल? गंगाक अस्तित्व रहत, तखने गंगाजल रहत। मुर्गी रहत, तखने अंडा देत। फरक्का बराज बनलाक बाद पछिला लगभग पांच दशक मे गंगा कोना दिन–प्रतिदिन क्षीण होइत गेल अछि, ई नहि बुझब तं पूरा मुद्दा बुझनाइ कठिन अछि। गंगा उत्तराखंडक गंगोत्री हिमनद सं निकलि उत्तर प्रदेश, बिहार, झारखंड आ बंगाल होइत बांग्लादेश पहुंचैत अछि। भारत मे एकर यात्रा लगभग 2071 किलोमीटरक अछि। बिहार मे ई बक्सरक लग सं प्रवेश करैत भोजपुर, पटना, बेगूसराय, मुंगेर, भागलपुर आ कटिहार होइत साहिबगंजक लग झारखंड दिस बढ़ैत अछि। बिहार मे गंगाक प्रवाह लगभग 445 किलोमीटर अछि। बिहारक संग गंगाक संबंध मात्र एहि लेल नहि अछि जे गंगा एतय सं बहैत अछि। सोन, घाघरा, गंडक, बूढ़ी गंडक, कोसी, महानंदा आ पुनपुन सन नदी सभ अपन जल गंगा कें दैत अछि। एहि नदी सभ मे कमला, बागमती आ अधवारा आदिक जल सेहो अबैत अछि। जनवरी सं अप्रैल धरि जे लीन पीरियड होइत अछि, तखन गंगा बक्सर मे लगभग 400 क्यूमेक जल लए अबैत अछि, मुदा फरक्का पहुंचैत–पहुंचैत एकर प्रवाह एतेक बढ़ि जाइत अछि जे बांग्लादेश कें लगभग 1500 क्यूमेक जल देल जा सकैत अछि। एहि कारण जल–संधि, विशेष रूप सं 1996क भारत–बांग्लादेश जल–संधिक पुनर्विचारक मांग उठैत रहल अछि। मुदा प्रश्न मात्र जलक बंटवाराक नहि अछि। प्रश्न ई अछि जे किछु दशक पहिने जे गंगा मे एतेक जल छल जे हाथी धरि बहि सकैत छल – जकर स्मृति मे हाथीदह नाम पड़ल – ओहि नदी मे आब जहाज चलय लेल ड्रेजर सं तल खुनबाक आवश्यकता किएक पड़ैत अछि? गंगाक एहि दुर्दशाक एकटा पैघ कारण टिहरी सं फरक्का धरि बनल कतेको बांध आ बराज अछि। जानकार लोकक कथन अछि जे टिहरी मे गंगाक गला रोकल गेल अछि आ फरक्का मे ओकर प्राकृतिक निकास बाधित कएल गेल अछि। एहन स्थिति मे नदी स्वाभाविक रूप सं कोना बहत?

**फरक्का बराज किएक बनल? :** फरक्का बराजक निर्माण 1960क दशक मे आरंभ भेल आ 1975मे पूरा भेल। एकर मूल उद्देश्य हुगली नदी मे जमा होइत गाद कें हटेबाक छल। गादक कारण समुद्री जहाज सभक कलकत्ता धरि पहुंचब कठिन भए रहल छल। योजना छल जे गंगाक धाराक किछु जल कें मोड़ि हुगली दिस पठाओल जाए, जाहि सं गाद बहि जाए आ जहाजक आवागमन सुगम हो। मुदा अभियंता कपिल भट्टाचार्य एहि योजनाक गंभीर विरोध कएलनि। हुनकर तर्क छल जे फरक्का सं हुगलीक समस्या समाप्त होयत वा नहि, मुदा बराजक ऊपरक दिस गंगाक प्रवाह मे भारी मात्रा मे गाद जमा होयत, नदीक तल ऊंच होयत आ कटाव बढ़त। बादक घटनाक्रम मे हुनकर आशंका बहुत हद धरि सत्य सिद्ध भेल। नदी आ पर्यावरण पर काज कएनिहार संस्था सैंनड्रैपक एकटा रिपोर्ट अनुसार गंगा प्रतिवर्ष लगभग 736 मिलियन टन गाद अनैत अछि, जाहि मे सं लगभग 328 मिलियन टन फरक्का बराजक ऊपरक दिस जमा भए जाइत अछि। एहि सं नदी उत्थर होइत अछि, प्रवाहक दिशा बदलैत अछि आ कटाव बढ़ैत अछि। मालदा मे हजारो हेक्टेयर भूमि गंगा मे समा चुकल अछि। एकर प्रभाव बिहारक कटिहार, भागलपुर, मोकामा सहित कतेको क्षेत्र मे सेहो देखाइ पड़ैत अछि। फरक्का पर जलक प्राकृतिक प्रवाह बाधित होयबाक कारण कोसी, गंडक आ बूढ़ी गंडक सन नदी गाद सं भरैत जाइत अछि। तटबंध एहि समस्या कें आर बढ़बैत अछि, कारण बराज गाद कें आगू बहय सं रोकैत अछि आ तटबंध ओकर विस्तार रोकि दैत अछि। परिणामस्वरूप बिहारक नदीनाला मे जलक प्रवाह लेल पर्याप्त स्थान नहि बचैत अछि। गादक कारण नदी अपन बाट बदलैत अछि आ कटाव होइत अछि।

**फरक्का हटला सं की समुद्री व्यापार रुकि जायत? :** ई तर्क देल जाइत अछि जे फरक्का बराज हटाओल गेल तं बंगालक खाड़ी सं होमयबला समुद्री व्यापार प्रभावित होयत। मुदा प्रश्न अछि जे फरक्का बनबा सं पहिने की समुद्री व्यापार नहि होइत छल? ओहि समय गंगा मे आजुक अपेक्षा बेसी जहाज चलैत छल। आइ गादक कारण गंगा मे जहाज चलब कठिन भए गेल अछि। हुगली मे जहाजक आवागमन कठिन होइत अछि तं ओकर भार बिहारक हजारो गाम आ शहर पर किएक पड़य? जहाज जतय धरि पहुंचत, ओतय धरि सड़क आ रेलमार्ग सं माल पहुंचाओल जा सकैत अछि। विकासक सुविधा लेल बिहारक भूमि, गंगा आ हजारो लोकक जीवनक बलि किएक देल जाए? बराज हटलाक बाद गंगाक प्राकृतिक प्रवाह गाद कें क्रमशः समुद्र दिस बहा लए जा सकैत अछि। नदीक गहराइ बढ़त आ जलधारणक क्षमता सेहो बढ़त। पुरनका लोकक स्मृति मे गंगा मे गर्मीक दिनो जलक कमी नहि रहैत छल। गंगाक एहन दुर्दशा बराज आ बांधक बढ़ैत हस्तक्षेपक संग गहिंर रूप सं जुड़ल अछि। तें जल–संधि पर बात आवश्यक भए सकैत अछि, मुदा ताहि सं बेसी जरूरी गंगाक प्राकृतिक प्रवाह पर पुनर्विचार करब अछि। आ प्रश्न मात्र फरक्का धरि सीमित नहि अछि। टिहरी सं फरक्का धरि गंगा मे कतेको अवरोधक बनल अछि, जे ठाम–ठाम जलक स्वाभाविक प्रवाह कें रोकैत अछि। जं गंगा कें बचयबाक अछि तं विकासक नाम पर बनल एहि सभ अवरोधकक पर्यावरणीय प्रभाव पर गंभीरता सं विचार करब आवश्यक अछि। तें फरक्का बराज हटेबाक मांग करब कालिदास बनब अछि वा दूरदर्शिता, ई निर्णय भावना सं नहि, तथ्य, नदीक प्राकृतिक स्वरूप आ बिहारक भविष्य कें ध्यान मे रखि कए होयबाक चाही। मूल प्रश्न राजनीतिक नहि, बल्कि ई अछि जे गंगा बचत तं गंगाजल बचत।

# कांग्रेस आगामी विधानसभा चुनाव समाजवादी पार्टीक संग लड़त

यूपी राजनीतिः मिशन-2027कें लए उत्तर प्रदेश मे संगठन कें मजबूत करबा मे जुटल कांग्रेस विधानसभा चुनाव कें लए अपन रणनीति स्पष्ट कए देने अछि। बुध दिन गोरखपुर पहुंचल उत्तर प्रदेश कांग्रेसक सह प्रभारी सांसद श्याम कुमार दौलत बर्वे दावा कएलनि जे कांग्रेस आगामी विधानसभा चुनाव समाजवादी पार्टीक संग गठबंधन मेए लड़त। ओ कहलनि जे दूनू दलक बीच गठबंधन कें लए स्थिति स्पष्ट अछि। सीट बंटवाराक आखरी फैसला सपा अध्यक्ष अखिलेश यादव आ कांग्रेस नेता राहुल गांधीक स्तर सं होयत। दूनू नेताक बीच एहि संबंध मे बातचीत चलि रहल अछि।

संगठन सृजन अभियानक पर्यवेक्षक सांसद श्याम कुमार दौलत बर्वे कहलनि जे मिशन-2027कें लए कांग्रेस बूथ सं जिला स्तर धरि संगठन कें मजबूत करबा मे जुटल अछि। पार्टी मे जिला अध्यक्ष जकां महत्वपूर्ण संगठनात्मक पद पर सेहो कार्यकर्ताक राय कें प्राथमिकता देल जा रहल अछि। जमीनी स्तर पर कार्यकर्ता सं राय लेल जा रहल अछि। हुनक सुझावक आधार पर संगठन कें नव मजबूती देबाक तैयारी अछि।

कांग्रेस सांसद इमरान मसूदक बयान कें लए पूछल गेल सवाल पर सांसद श्याम कुमार दौलत कहलनि जे दूनू दलक नेता अपन विचार रखबाक लेल स्वतंत्र छथि। ओ कहलनि जे कांग्रेसक नेता तं किछु बेसी स्वतंत्र छथि, ताहि लेल ओ समय-समय पर अपन बात रखैत रहैत छथि। ओ स्पष्ट कएलनि जे नेतासभक अलग-अलग बयानक बावजूद सपा-कांग्रेस गठबंधनक दिशा मे कोनो बदलाव नहि अछि। उत्तर प्रदेश मे दूनू दल संग मिलि चुनाव लड़त आ सीटसभक आखरी फैसला शीर्ष नेतृत्व करत।



**कांग्रेसक यूपी सह प्रभारीक दावा**

**सीट बंटवारा कें लए ई कहलनि**

कांग्रेस मे गुटबाजीक आरोप कें लए पूछल गेल सवाल पर ओ भाजपा पर पलटवार कएलनि। कहलनि जे भाजपा कें पहिने अपन भीतरक स्थिति देखबाक चाही। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथक बीच की चलि रहल अछि? एहि पर भाजपा कें विचार करबाक चाही। ओ कहलनि जे कांग्रेस अपन संगठन सं जुड़ल मामिला कें स्वयं सुलझाबय मे सक्षम अछि। पार्टीक पूरा ध्यान संगठन कें मजबूत करब आ आगामी विधानसभा चुनावक तैयारी पर अछि।

श्याम कुमार दौलत कहलनि जे हुनक गोरखपुर दौराक लक्ष्य अछि जे कार्यकर्ता सभ कें सक्रिय कए संगठनक पहुंच गांव आ बूथ स्तर धरि मजबूत कएल जाए। एहि लेल स्थानीय कार्यकर्ता आ पदाधिकारी सभ सं लगातार संवाद कएल जा रहल अछि। चुनावक तैयारी मात्र चुनावक समय नहि, बल्कि लगातार जनता बीच रहि कए कएल जा रहल अछि। संगठनक मजबूती आ जनमुद्दा कें लए सक्रियता कें मिशन-2027क तैयारीक प्रमुख आधार बनाओल गेल अछि।

# यूपी पंचायत चुनाव सं पहिने आयोगक तैयारी सं बढ़ल हलचल

यूपी पंचायत चुनावः उत्तर प्रदेश मे आगामी पंचायत आ स्थानीय निकाय चुनाव कें लए राज्य निर्वाचन आयोग तैयारी तेज कए देने अछि। आयोग प्रदेशक सभ 75 जिला मे चुनाव कराबय लेल इलेक्ट्रॉनिक वोटिंग मशीन आ एहि सं जुड़ल उपकरणक खरीद लेल ई-टेंडर जारी केने छल। प्रस्तावित खरीद मे 1.40 लाख बैलेट यूनिट आ 55 हजार कंट्रोल यूनिट शामिल अछि। कंट्रोल यूनिटक संग बैटरी, इंटरकनेक्टिंग केबल, एक्सेसरीज आ अतिरिक्त स्पेयर बैटरी सेहो खरीदबाक योजना अछि। उत्तर प्रदेश मे पंचायत चुनावक चुनावी प्रक्रिया लमहर समय धरि बैलेट पेपर पर आधारित रहल अछि। शुरूआती दौर मे ग्रामीण मतदाता कागजक मतपत्र पर अपन पसंदक उम्मीदवारक चुनाव चिह्नक सामने मुहर लगाकए मतदान करैत छलाह। एकर बाद मतपत्र कें मतदान केंद्र सं सुरक्षित तरहे स्ट्रॉन्ग रूम धरि पहुंचाओल जाइत छल आ निर्धारित प्रक्रियाक अंतर्गत हाथ सं गिनती कएल जाइत छल। पंचायत चुनाव मे पैघ संख्या मे उम्मीदवार रहबाक कारण कतेको बेर मतपत्रक छपाइ, वितरण, सुरक्षा आ मतगणना अपन आप मे पैघ प्रशासनिक चुनौती बनि जाइत छल। बैलेट पेपर सं मतदानक व्यवस्थाक सब सं पैघ लाभ ई छल जे मतदाता




कागज पर उम्मीदवार आ चुनाव चिह्न देखि अपन वोट दर्ज करैत छल। मुदा एहि व्यवस्था मे पैघ संख्या मे मतपत्र छापब, ओकरा अलग-अलग मतदान केंद्र धरि पहुंचाएब आ मतदानक बाद सुरक्षित राखब जरूरी होइत छल। मतगणना सेहो कर्मचारी सभ द्वारा हाथ सं कएल जाइत छल, जाहि सं बेसी समय आ मानव संसाधनक आवश्यकता पड़ैत छल। मतपत्रक वैधता कें लए सेहो कतेको बेर सवाल उठैत रहल अछि, जेना गलत जगह मुहर लगनाइ वा एक सं बेसी निशान लगि जेनाइ। ईवीएमक उपयोग सं मतदान प्रक्रिया अधिक व्यवस्थित करबा मे सहायता भेटैत अछि। मशीनक माध्यम सं वोट दर्ज भेलाक बाद मतगणनाक प्रक्रिया सेहो बैलेट पेपरक तुलना मे तेज भए सकैत अछि। पैघ संख्या मे कागजक मतपत्रक छपाइ, परिवहन आ सुरक्षित भंडारणक आवश्यकता मे कमी अबैत अछि। एहि सं चुनाव प्रबंधन मे लगनिहार समय आ मानव संसाधन सेहो कम कएल जा सकैत अछि। मुदा पंचायत चुनाव मे ईवीएमक उपयोग कें लए आखरी व्यवस्था आ तकनीकी मानकक पालन राज्य निर्वाचन आयोगक निर्धारित प्रक्रियाक अनुसार होयत। पंचायत चुनाव मे एकहि संग ग्राम पंचायत, क्षेत्र पंचायत आ जिला पंचायत स्तर पर पैघ संख्या मे सीट लेल मतदान कराओल जाइत अछि। एहन स्थिति मे चुनाव सामग्रीक उपलब्धता आ मतदान प्रक्रियाक कुशल प्रबंधन बहुत महत्वपूर्ण होइत अछि। 1.40 लाख बैलेट यूनिट आ 55 हजार कंट्रोल यूनिटक प्रस्तावित खरीद एहि तैयारीक हिस्सा अछि। आयोगक प्रयास अछि जे चुनाव कार्यक्रम घोषित होमय सं पहिने जरूरी मशीन आ उपकरणक उपलब्धता सुनिश्चित कए लेल जाए, जाहि सं मतदानक दौरान कोनो तरहक तकनीकी वा लॉजिस्टिक समस्या नहि हो। ईवीएम आ अन्य चुनावी उपकरणक खरीद सं संबंधित विस्तृत नियम, तकनीकी शर्त आ निविदाक जानकारी उत्तर प्रदेश सरकारक ई-प्रोक्योरमेंट पोर्टल पर उपलब्ध कराओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त राज्य निर्वाचन आयोगक आधिकारिक वेबसाइट पर सेहो चुनाव सं संबंधित सूचना देखल जा सकैत अछि। आयोगक ई तैयारी एहि लेल सेहो महत्वपूर्ण अछि, कारण उत्तर प्रदेश मे पंचायत आ स्थानीय निकाय चुनाव मे लाखो मतदाता तथा पैघ संख्या मे मतदान केंद्र शामिल होइत अछि। एहन स्थिति मे चुनावी मशीनरी कें पहिने सं तैयार राखब आयोगक प्रमुख प्राथमिकता मे शामिल अछि।

**बैलेट पेपर सं ईवीएम धरि, बदलैत गेल मतदानक तरीका**

# पंजाब चुनाव कें लए भाजपाक रणनीति स्पष्ट, बीएल संतोष कहलनि- बिना गठबंधन सभ सीट लड़त चुनाव

भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय संगठन महासचिव बीएल संतोष पंजाब मे आगामी विधानसभा चुनाव कें लए पार्टीक रणनीति स्पष्ट करैत कार्यकर्ता सभ सं चुनावक तैयारी मे पूरा तरहे जुटि जेबाक आह्वान कएलनि। गठबंधनक सहाराक जरूरत नहि..., भाजपा महासचिव बीएल संतोष सभ सीट पर एकसर चुनाव लड़बाक बात फेर दोहरौलनि ओ दोहरौलनि जे भाजपा पंजाब मे कोनो गठबंधनक सहारा पर नहि, बल्कि अपन दम पर सभ 117 विधानसभा सीट पर चुनाव लड़त। ओ कार्यकर्ता सभ सं संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत करबाक आ बेसी सं बेसी लोक कें पार्टीक संग जोड़बाक अपील कएलनि।



एखन बीएल संतोषक एहि बयानक बाद पंजाब मे अकाली दल आ भाजपाक गठबंधनक संभावना कम नजरि आबि रहल अछि। संतोष मंगल दिन फिरोजपुर रोड स्थित होटल ली बैरन मे भारतीय जनता पार्टीक कार्यकर्तासभक बैठक कें संबोधित करैत छलाह। जगरांव, खन्ना, रायकोट आ लुधियाना सं जुड़ल वरिष्ठ नेता, जिला अध्यक्ष, मंडल अध्यक्ष, कोर कमेटीक सदस्य आ प्रमुख कार्यकर्तासभक संग भेल बैठक मे बीएल संतोष संगठनात्मक गतिविधिक फीडबैक लेलनि। ओ बूथ कमेटी कें बेसी प्रभावी बनेबाक आ जतय कमेटी गठित नहि भेल अछि, ततय शीघ्र गठन करबाक निर्देश देलनि।

**अकाली दल सं गठबंधनक संभावना आब कम देखाइ पड़ि रहल अछि**

ओ कहलनि जे कार्यकर्ता मात्र राजनीतिक गतिविधि धरि सीमित नहि रहथि, बल्कि आम लोकक संग व्यक्तिगत संपर्क मजबूत करथि। लोकक जन्मदिन आ अन्य सामाजिक कार्यक्रम मे शामिल होथि तथा अपन कार्यक्रम मे सेहो हुनका आमंत्रित करथि। एहि सं आपसी भाईचारा मजबूत होयत आ संगठनक जनाधार बढ़त। बीएल संतोष पंजाब सरकार पर विकास काज मे कथित बाधा आ कानून-व्यवस्था कें लए सेहो निशाना साधलनि।

ओ कार्यकर्ता सभ सं जिला आ प्रखंड स्तर पर एहन मुद्दा उठेबाक, सोशल मीडिया माध्यम सं जनताधरि पहुंचेबाक आ समाचारपत्र मे प्रमुखता सं उठेबाक कहलनि। पंजाब चुनाव मे 117 सीट पर एकसर हुंकार भरत भाजपा, अकाली दल संग गठबंधनक चर्चापर लागल पूर्ण विराम ओ कहलनि जे 2027क विधानसभा चुनाव आब दूर नहि अछि। ताहि लेल कार्यकर्ता एखन सं सक्रिय होथि आ केंद्र सरकारक नीति तथा विकास काज कें जनता धरि पहुंचाबथि। ओ कहलनि जे पंजाब मे उद्योग आ विकासक स्थिति सरकारक दावाक अनुरूप नहि अछि। बैठक मे पार्टीक चलि रहल कार्यक्रम, सक्रिय सदस्य आ बूथ स्तर पर गठित कमेटीक रिपोर्ट सेहो लेल गेल। संतोष नेता आ कार्यकर्ता सं चुनाव धरि लगातार सक्रिय रहबाक आ संगठनक विस्तार करबाक आह्वान कएलनि।

# चिराग पासवान राजू तिवारी कें प्रदेश अध्यक्षक पद सं हटौलनि, सुरेंद्र विवेक कें बिहारक कमान

चिराग पासवान अपन पार्टी लोजपा (रामविलास)क बिहार आ झारखंड सहित कतेको राज्य मे प्रदेश अध्यक्ष बदलि देने छथि। राजू तिवारी सं आब बिहारक कमान लए लेल गेल अछि। एलजेपी (आर) सुरेंद्र विवेक कें आब बिहार प्रदेशक नव अध्यक्ष बनौलक अछि। राजू तिवारी कें आब राष्ट्रीय महासचिव बनाओल गेल अछि। ओ पछिला 5 वर्ष सं एहि पद पर छलाह। सुरेंद्र विवेक बेगूसरायक साहेबपुर कमाल विधानसभा क्षेत्र सं दू बेर पार्टीक प्रत्याशी रहि चुकल छथि। ओ भूमिहार समाज सं अबैत छथि। राजू तिवारी कें राष्ट्रीय कार्यसमिति मे महासचिवक जिम्मेदारी देल गेल अछि। देशक 8 राज्य मे आगू होमयबला चुनाव सं पहिने चिराग पासवान ई बदलाव केने छथि। सुरेंद्र विवेक एहि पहिने प्रदेश प्रवक्ता आ प्रदेश कोषाध्यक्षक भूमिका निभा चुकल छथि। बेगूसराय जिला मे हुनक पहचान सामाजिक कार्यकर्ताक रूप मे रहल अछि। किछु वर्ष पहिने सुरेंद्र विवेक कें पार्टी बिहार चुनाव अभियानक प्रमुख सेहो बनौने छल। नव कार्यकारिणी मे युवा, महिला आ जमीनी स्तर पर सक्रिय कार्यकर्ता सभ कें विशेष प्रतिनिधित्व देल गेल अछि। पार्टी नेतृत्वक कहब अछि जे संगठन मे ओहि कार्यकर्ता सभ पर भरोसा जताओल गेल अछि, जे लगातार जमीन पर काज कए पार्टी कें मजबूत करबा मे भूमिका निभौने छथि। चिराग पासवान कें राष्ट्रीय अध्यक्ष एवं केंद्रीय संसदीय बोर्डक चेयरमैन बनाओल गेल अछि। हुनका संग ललित कुमार गौतम, हरमीत सिंह आ एडवोकेट सरदार तारा सिंह कें स्थायी आमंत्रित सदस्य बनाओल गेल अछि। राष्ट्रीय उपाध्यक्षक जिम्मेदारी मनीषंकर पांडेय, मोहम्मद शमीम एम. हवा, वीरेंद्र प्रधान, कुंवर आसिम खान, डॉ. सत्यनंद शर्मा आ डॉ. कामला कुमारी कें देल गेल अछि। ओतहि अब्दुल खालिक कें राष्ट्रीय महासचिव नियुक्त कएल गेल अछि। राजेश वर्मा, सांसद कें राष्ट्रीय कोषाध्यक्षक जिम्मेदारी देल गेल अछि। राष्ट्रीय महासचिवक रूप मे मिथिलेश कुमार सिंह, राजू तिवारी, वीणा देवी, अजय कुमार, पंकज अरोड़ा, डॉ. केपी चौधरी, वीरेंद्र बिधूड़ी, डॉ. सुखातो ए. सेमा, धीरेंद्र कुमार सिन्हा मुन्ना, अशरफ अंसारी, अरविंद कुमार सिंह आ सी. विद्याधरन कें जिम्मेदारी देल गेल अछि।

**4 सांसद कें राष्ट्रीय कार्यकारिणी मे स्थान**



**झारखंड मे जनार्दन पासवान कें कमान :** राज्य अध्यक्षक सूची मे बिहार सं सुरेंद्र विवेक कें प्रदेश अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त अंडमान–निकोबार मे जी. नागेंद्रन, आंध्र प्रदेश मे सत्यनारायण चंदोलू, असम मे अहमद अली अय्यूबी, छत्तीसगढ़ मे शरत चंद पांडेय, दिल्ली मे प्रणब कुमार कें अस्थायी प्रभार, दादरा एवं नगर हवेली आ दमन–दीव मे राजन सोलंकी आ गुजरात मे आशीष कुमार पटेल कें प्रदेश अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। एकर अतिरिक्त हरियाणा मे प्रवीण सबरवाल, हिमाचल प्रदेश मे नितिन चौहान, जम्मू–कश्मीर मे रफीक मलिक, झारखंड मे जनार्दन पासवान, कर्नाटक मे एम.एस. जगन्नाथ, केरल मे अरुण केवी, मध्य प्रदेश मे अब्दुल खालिक कें अस्थायी प्रभार, महाराष्ट्र मे प्रमोद मनोहर कुडाले आ मणिपुर मे खोइराम डीपू सिंह कें प्रदेश अध्यक्ष बनाओल गेल अछि।

**बिहारक चारि सांसद कें राष्ट्रीय कार्यकारिणी मे स्थान :** नव राष्ट्रीय कार्यकारिणी मे बिहारक चारि सांसद कें सेहो शामिल कएल गेल अछि। एहि मे जमुईक सांसद अरुण भारती, वैशालीक सांसद वीणा देवी, समस्तीपुरक सांसद शांभवी चौधरी आ खगड़ियाक सांसद राजेश वर्मा शामिल छथि। पार्टी बिहारक कतेको विधायक आ विधान पार्षद कें सेहो राष्ट्रीय संगठन मे स्थान देने अछि। नागालैंड सं डॉ. सुखातो ए. सेमा आ नैबा कोन्याक तथा झारखंड सं जनार्दन पासवान कें सेहो कार्यकारिणी मे स्थान देल गेल अछि। नव कार्यकारिणीक घोषणा भेलाक बाद चिराग पासवान सभ नवनियुक्त पदाधिकारी कें बधाई देलनि। ओ कहलनि, संगठन मे भेटल कोनो पद मात्र पद नहि, बल्कि एकटा पैघ जिम्मेदारी अछि। पार्टी नेतृत्वक अनुसार, स्वर्गीय पद्म भूषण रामविलास पासवानक सोच छलनि जे संगठन समाजक दर्पण होबाक चाही। नव कार्यकारिणी मे युवा, महिला आ विभिन्न सामाजिक वर्ग कें प्रतिनिधित्व दए एहि सोच कें आगू बढ़ेबाक प्रयास कएल गेल अछि।

# युवा पीढ़ीक व्यक्तित्व निर्माणक सशक्त माध्यम अछि संस्कृत : प्रो. अर्कनाथ चौधरी

## युवाशक्ति कें संस्कार, ज्ञान आ कौशल दैत अछि संस्कृत

दरभंगा, समदिया

श्रीरामसुंदर संस्कृत विश्वविद्यालय प्रतिष्ठानम् एवं केंद्रीय संस्कृत विश्वविद्यालयक संयुक्त तत्वावधान मे बुध दिन 'युवशक्तिविकासाय संस्कृतस्य महत्त्वम्' विषय पर राष्ट्रीय संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। संस्कृत सप्ताहक उपलक्ष्य मे आयोजित एहि राष्ट्रीयसंगोष्ठी मे संस्कृत भाषा एवं साहित्यक माध्यम सं युवाक व्यक्तित्व, ज्ञान, संस्कार एवं कौशलविकासक संभावना पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल।कार्यक्रमक शुभारंभ सरस्वती वंदना एवं मंगलाचरण सं भेल। महाविद्यालयक प्राचार्य डॉ. कामेश्वर चौधरी अतिथिक स्वागत करैत वैदिक मंत्र 'युवा सुवासा...' केर व्याख्या करैत कहलनि जे संस्कृत मात्र प्राचीन



ज्ञानक भाषा नहि, बल्कि युवा कें भारतीय ज्ञान परंपरा सं जोड़ए बला सशक्त कड़ी अछि।विशिष्ट अतिथि प्रो. कुलदीप शर्मा, प्रभारी, आदर्श संस्कृत महाविद्यालय, ऑनलाइन संबोधन मे संस्कृतक अध्ययन सं युवा मे तार्किक चिंतन, अनुशासन, संस्कार एवं नेतृत्व क्षमताक विकासपर बल देलनि। ओतहि डॉ. प्रियव्रत मिश्र, सहाचार्य, काशी हिंदू विश्वविद्यालय, वाराणसी, अपनसारस्वत संबोधन मे संस्कृतक व्यापक शैक्षणिक एवं रोजगारपरक अवसरक चर्चा कएलनि।बतौर सारस्वत अतिथि कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक प्राध्यापक डॉ. रामसेवकझा कहलनि जे संस्कृत युवा कें ज्ञान आ संस्कार दूनू दैत अछि।ओतहि मुख्यातिथि स्नातकोत्तर प्रभारी प्रो. दिलीप कुमार झा, विभागाध्यक्ष, अपन विचार व्यक्त करैत संस्कृतक अध्ययन कें समकालीन आवश्यकताक अनुरूप विकसित करबाक आवश्यकता परबल देलनि। एहि अवसर पर पूज्य संत रामविनोद दास जी एवं श्रद्धेय संत ललितदास जीक विशेष सान्निध्य प्राप्त भेल। दूनू संत युवा कें भारतीय संस्कृति, सदाचार एवं आध्यात्मिक मूल्य सं जुड़बाक संदेश देलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता पूर्व कुलपति प्रो. अर्कनाथ चौधरी, अध्यक्ष, प्रबंध समिति, ऑनलाइन माध्यम सं कएलनि।संगोष्ठी मे डॉ. आशुतोष कुमार झा, डॉ. माधुरी राय, डॉ. श्रीनिवास मूर्ति , डॉ. राजकुमार मंडल, डॉ. नंदिनी चटर्जी, हीरानंद पाठक सहित दर्जनो छात्र-छात्रा, शिक्षक, गवेषक, कर्मचारीगण तथा सामाजिक कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। संयोजक एवं मंच संचालक डॉ. पुष्कर आनंद आ धन्यवाद ज्ञापन सहसंयोजक डॉ. रामानुज श्रीधर कएलनि।

# सड़क दुर्घटना मे घायल पंपिंग सेट मिस्त्रीक इलाजक दौरान मृत्यु

## आक्रोशित ग्रामीण कएलनि सड़क जाम

समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया

रोसड़ा थाना क्षेत्रक ठाहर बसढिया गांव निवासी पंपिंग सेट मिस्त्री मनोज कुमार शर्माक इलाजक दौरान मृत्यु भए गेल। मनोज शर्मा 22 अगस्त कें खानपुर थाना क्षेत्रक समन गांव मे बाइककठोकर सं गंभीर रूप सं घायल भए गेल छलाह। दुर्घटनाक बाद हुनका इलाज लेल अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल, जतए इलाजक दौरान हुनक मृत्यु भए गेल। मनोज शर्माक मृत्यु केर खबर भेटिते परिजन मे कोहराम मचि गेल। ओ अपन पाछू पत्नी आतीन छोट बच्चा छोड़ि गेल छथि। परिवार मे कमाय बला एकमात्र सदस्यक मृत्यु सं परिजनक आगू आर्थिक संकट ठाढ़ भए गेल अछि। घटनाक बाद गांव मे सेहो मातमक माहौल अछि। बुध दिन पोस्टमार्टमक



बाद मनोज कुमार शर्माक शव गांव पहुंचिते आक्रोशित ग्रामीण रोसड़ा-हथौड़ी मुख्य सड़क कें गांवक समीप जाम कए मुआवजाक मांग करए लगलाह। सड़क जाम भेला सं मार्गक दुनू दिस वाहनक पैघ कतार लागि गेल। एहि दौरान राहगीर आ वाहन चालक कें आवागमन मे बहुत परेशानीक सामना करए पड़ल।सड़क जामक सूचना भेटिते नगर इंस्पेक्टर सह थाना अध्यक्ष लालबाबू कुमार आ अपर थानाअध्यक्ष सुभाष मंडल पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस अधिकारी स्थानीय लोकक सहयोग सं आक्रोशित ग्रामीण आ परिजन कें बुझा कए शांत करौलनि। पुलिस एवं प्रशासन दिस सं पीड़ित परिवार कें सरकार दिस सं भेटए बला सहायता राशि शीघ्र उपलब्ध करएबाक आश्वासन देल गेल। आश्वासनक बाद ग्रामीण सड़क जाम समाप्त कए देलनि, जाहि बाद मुख्य सड़क पर यातायात सामान्य भए सकल।

# प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभारक होयत समीक्षा

सहरसा,समदिया

शिक्षा विभाग प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक रिक्त पद पर देल गेल अतिरिक्त प्रभारक समीक्षा करबाक निर्देश सभ जिलाधिकारी कें देलक अछि। शिक्षा विभागक सचिव राजीव रौशन 21अगस्त 2026 कें जारी पत्र मे कहलनि अछि जे प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक रिक्त पद पर नियमित अथवा वैकल्पिक व्यवस्था होय धरि प्रखंड मे पदस्थापित पर्यवेक्षकीय स्तरक पदाधिकारी कें अतिरिक्त प्रभार देबाक प्रावधान अछि। एहि मे वित्तीय अधिकार सेहो शामिल अछि। विभागीय स्तर पर विभिन्न योजनाक समीक्षा केर दौरान पाओल गेल जे कतेको प्रखंड मे अतिरिक्त प्रभार देल गेला सं काजक निष्पादन मे तेजी आएल अछि। मुदा, किछु प्रखंड मे काजक प्रगति संतोषजनक नहि अछि। एहन प्रखंड मे कोनो दोसर प्रखंडस्तरीय पर्यवेक्षकीयपदाधिकारी कें प्रभार देबाक विचार करबाक कहल गेल अछि। विभाग ई सेहो पाओल अछि जे किछु जिला मे जिला शिक्षा पदाधिकारी कार्यालय मे पदस्थापित जिला कार्यक्रम पदाधिकारी कें सेहो प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभार देल जा रहल अछि। एहि सं जिलास्तरीय कार्यालयक काज प्रभावित भए रहल अछि। निर्देश देल गेल अछि जे जिला शिक्षा पदाधिकारीक संग समीक्षा कए आवश्यक कारबाइ कएलजाए। संगहि, जिला शिक्षा पदाधिकारी कार्यालय मे पदस्थापित कार्यक्रम पदाधिकारी कें प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभार देबाक तथा जिला कार्यक्रम पदाधिकारी कें एहि काज सं मुक्त रखबाक कहल गेल अछि।

# संभावित आपदाक दैखैत पदाधिकारी आ कर्मीक अवकाश रद्द, मुख्यालय मे रहबाक निर्देश

सहरसा,समदिया

जिला मे वर्तमान आपदाक स्थिति कें देखि जिला प्रशासन सभ जिलास्तरीय, तकनीकी, अनुमंडलस्तरीय, प्रखंडस्तरीय एवं अंचलस्तरीय पदाधिकारी आ कर्मीक अवकाश तत्काल प्रभाव संरद्द कए देलक अछि। एहि संबंध मे समाहरणालय स्थित जिला गोपनीय प्रशाखाक दिस संआदेश जारी कएल गेल अछि।जारी आदेशक अनुसार, बुध दिन मुख्य सचिवक अध्यक्षता मे आपातकालीन प्रबंधन समूहक बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे वर्तमान आपदा सं संबंधित परिस्थिति केर समीक्षा करैत सभ पदाधिकारी एवं कर्मीक सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल। आपदाक स्थिति सं प्रभावी ढंग सं निपटबाक लेल सभ संबंधित अधिकारी आ कर्मीक मुख्यालय मे उपस्थिति आवश्यक बताओलगेल अछि।आदेश मे कहल गेल अछि जे सभ संबंधित पदाधिकारी एवं कर्मी तत्काल प्रभाव सं मुख्यालय मेउपस्थित रहताह। कोनो विशेष परिस्थिति मे मुख्यालय छोड़बाक लेल अधोहस्ताक्षरी सं अवकाशक स्वीकृति प्राप्त करब अनिवार्य होयत। जिला प्रशासन आदेशक सूचना सभ संबंधित पदाधिकारी एवं कर्मीक देबाक निर्देश देलक अछि।

# नाहर चौक पर खुजल स्पार्की ब्रांडक नव शोरूम

## रेखा कुमारी फीता काटि कए कएलनि उद्घाटन

सीतामढ़ी, समदिया

नाहर चौक स्थित स्पार्की ब्रांडक नव शोरूमक उद्घाटन बिहार विधान परिषद सदस्य सीतामढ़ी- शिवहर रेखा कुमारी फीता काटि कए कएलनि। शोरूमक शुभारंभ कें लए स्थानीय लोक मे उत्साहदेखए कें भेटल। उद्घाटनक अवसर पर श्रीमती रेखा कुमारी शोरूमक संचालक आ पूरा टीम कें शुभकामना दैतकहलनि जे क्षेत्र मे नीक आ गुणवत्तापूर्ण परिधानक उपलब्धता सं स्थानीय लोक कें सुविधा भेटत। ओ आशा व्यक्त कएलनि जे प्रतिष्ठान अपन गुणवत्ता आ नीक सेवाक माध्यम सं ग्राहकक विश्वास हासिल करत।स्पार्की ब्रांडक एहि नव शोरूम मे पुरुष, महिला आ बच्चा सभक लेल विभिन्न प्रकारक परिधानक आकर्षक रेंज उपलब्ध रहत। एकहि छत तर परिवारक सभ सदस्यक लेल कपड़ाक विविध वैरायटी उपलब्ध रहला सं ग्राहक कें खरीदारी



मे सहूलियत भेटबाक आशा अछि। एहि अवसर पर शोरूमक प्रोपराइटर विधान परिषद सदस्य रेखा कुमारी कें शॉल ओढ़ा कए सम्मानित कएलनि। ओ प्रतिष्ठानक उद्घाटन समारोह मे शामिल होयबाक लेल हुनक आभार व्यक्त कएलनि।उद्घाटन समारोहक दौरान स्थानीय गणमान्य लोक आ पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह।

# एनीमिया पर प्रभावी नियंत्रण लेल 75 दिवसीय विशेष अभियान

## स्वास्थ्यकर्मी कें स्क्रीनिंग सं उपचार आ फॉलो-अप धरि देल गेल जानकारी

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

एनीमिया मुक्त भारत अभियानक अंतर्गत एनीमियाक रोकथाम, समय पर पहचान, उपचार आ नियमित फॉलो-अप कें प्रभावी बनेबाक उद्देश्य सं स्वास्थ्य विभाग दिस सं 25 अगस्त सं 30 नवंबर धरि 75 दिवसीय विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। अभियानक सफल क्रियान्वयन कें लए प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र शिवाजीनगरक तत्वावधान मे राधा कृष्ण मंडल गोविंद गोस्वामी महाविद्यालय भवनक सभागार मे एएनएम, सीएचओ, जीएनएम एवंआरबीएसके टीमक सदस्यक लेल विशेष ओरिएंटेशन सह क्षमता-वर्धन सत्र आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. सुमित कुमार कएलनि, जखनकि संचालन स्वास्थ्य प्रबंधक अमानुल्ला कएलनि। स्टेट हेल्थ सोसाइटी एवं जिला स्वास्थ्य समिति समस्तीपुरक निर्देशानुसार आयोजित प्रशिक्षण सत्र मे स्वास्थ्यकर्मी कें



75 दिवसीय विशेष अभियानक रूपरेखा, निर्धारित गतिविधि आ हुनकरजिम्मेदारीक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। प्रशिक्षणक दौरान एनीमियाक स्क्रीनिंग, संभावित मामिलाक समय पर पहचान, उपचार एवं प्रबंधन प्रोटोकॉल, नियमित फॉलो-अप, गंभीर मामिलाक रेफरल तथा रियल-टाइम रिपोर्टिंगक प्रक्रियाक संबंध मे स्वास्थ्यकर्मी कें प्रशिक्षितकएल गेल।अधिकारी कहलनि जे अभियानक मुख्य उद्देश्य स्वास्थ्य संस्थानक संगहि समुदाय स्तर पर एनीमियाक प्रभावी पहचान आ प्रबंधन सुनिश्चित करब अछि। एहि लेल फ्रंटलाइन हेल्थ वर्करक भूमिका महत्वपूर्ण रहत। स्वास्थ्यकर्मी कें अपन-अपन कार्यक्षेत्र मे पात्र लाभार्थीक पहचान कए हुनकर स्क्रीनिंग करएबाक, एनीमिया सं प्रभावित लोक कें समय पर उपचार उपलब्ध करएबाक तथा उपचारक बाद नियमित निगरानी रखबाक पर विशेष जोर देल गेल। सत्र मे स्वास्थ्यकर्मी कें एनीमिया सं बचाव लेल संतुलित एवं पौष्टिक आहार, पोषण तथास्वास्थ्य संबंधी व्यवहार मे सकारात्मक बदलाव लेल समुदाय कें जागरूक करबाक आवश्यकताबताओल गेल। अधिकारी कहलनि जे मात्र एनीमियाक पहचान करब पर्याप्त नहि अछि, बल्कि प्रभावित व्यक्ति कें निर्धारित उपचार देनाइ, हुनक स्वास्थ्यक नियमित निगरानी करनाइ आ आवश्यकता पड़ला पर उच्च स्वास्थ्य संस्थान मे समय पर रेफर करनाइ सेहो ओतबे जरूरी अछि। विशेष अभियानक दौरान गंभीर एनीमियाक मामिलाक शीघ्र पहचान आ उचित प्रबंधन पर विशेषबल देल जाएत। स्वास्थ्यकर्मी कें निर्देश देल गेल जे गंभीर स्थिति बला रोगीक रेफरल मे कोनो प्रकारक देरी नहि होबाक चाही। संगहि उपचार प्राप्त कए रहल लाभार्थीक नियमित फॉलो-अप करैत ई सुनिश्चित कएल जाए जे ओ निर्धारित दवाइ आ अनुपूरकक सेवन कए रहल छथि। प्रशिक्षणक दौरान बीएचएम एवं पिरामल प्रतिनिधि सेहो उपस्थित छलाह। हुनका सभ अभियानक उद्देश्य, निर्धारित गतिविधि तथा स्वास्थ्यकर्मीक भूमिकाक संबंध मे विस्तार सं चर्चा कएलनि। प्रतिभागी कें निर्धारित लक्ष्य कें प्रभावी ढंग सं पूरा करबाक लेल आपसी समन्वय आ सक्रिय सहभागिताक संग काज करबाक लेल प्रेरित कएल गेल।

# स्कूल-कॉलेज मे पुलिस दीदीक तैनाती महिला सुरक्षाक लेल वरदान : सांसद

## कहलनि- महिला सशक्तीकरण कें नव आयाम देल जा रहल

दरभंगा, समदिया

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे बिहार मे महिला सशक्तीकरण कें नव आयाम देल जा रहल अछि। स्कूल-कॉलेज मे पुलिस दीदीक तैनाती तथा महिला कें पीएचडी, फेलोशिप आ स्टार्टअप लेल आर्थिक सहायता देबाक पहल महिला सुरक्षा एवं आत्मनिर्भरता दिस वरदान साबित होयत। ई बात भाजपा सांसद सह लोकसभा मे पार्टीक सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बुध दिन रक्षाबंधनक अवसर पर ज्ञान भवन, पटना मे गृह विभाग एवं शिक्षा विभाग द्वाराआयोजित कार्यक्रमक दौरान कहलनि। ओ कहलनि जे महिला कें उच्च शिक्षा एवं उद्यमिता कें बढ़ावा देबाक लेल 1000 महिला कें पीएचडी लेल प्रतिमाह



10 हजार रुपैयाक फेलोशिप तथा 2,100 महिला कें स्टार्टअप लेल 50 हजार सं 2 लाख रुपैया धरि सहायता देबाक शुरुआत सराहनीय पहल अछि। ओतहि, महिलासुरक्षा लेल पुलिस दीदी योजनाक अंतर्गत पूरा बिहार मे करीब 2,700 स्कूटी आ 2 हजार संबेसी मोटरसाइकिल सं स्कूल-कॉलेजक आसपास पुलिसकर्मीक तैनाती करबाक निर्णय छात्रा एवं महिलाक सुरक्षा कें आओर मजबूत करत। सांसद कहलनि जे आर्थिक रूप सं कमजोर एवं मध्यम वर्गक महिला कें उच्च शिक्षा केर सपना साकार करए मे ई योजना महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। बिहार सरकारक ई पहल सुरक्षित, शिक्षित आ आत्मनिर्भर महिलाक निर्माण दिस मजबूत संकल्प कें दर्शबैत अछि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे बिहारक करीब 1.81 करोड़ महिला जीविका सं जुड़ल छथि आ करीब 43 लाख महिला लखपति दीदी बनि चुकल छथि। अगिला दू वर्ष मे 1 लाख आओर जीविका दीदी कें लखपति बनेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। ओ कहलनि जे सुरक्षित, शिक्षित आ आत्मनिर्भर महिला सभे सुरक्षित, समृद्ध एवं विकसित बिहारक पहचान बनतीह।

# गंडक मे बढ़ैत जलप्रवाह कें देखि कोशी क्षेत्र मे सेहो हाई अलर्ट

सहरसा,समदिया

नेपालक गंडक नदीक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र मे फ्लैश फ्लड केर स्थिति बनेबाक तथा नदी मे अनचोके जलप्रवाह बढ़बाक आशंका कें देखि बिहार मे विशेष सतर्कता बरतल जा रहल अछि। अनुमानक अनुसार गंडक नदी मे करीब 3 मीटर धरि ऊंच फ्लैश फ्लड वेव आबए केर संभावना अछि। एहि कें देखि गंडक सं जुड़ल जिला मे बाढ़ि सं निपटबाक तैयारी तेज कए देल गेल अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे बुध दिन उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार भेल। वीडियोकॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं संबंधित जिला केर जिलाधिकारी एवं वरीय पुलिस पदाधिकारी बैसार मे शामिल भेलाह। बैसार मे स्थितिक समीक्षा करैत सभ अधिकारी कें सतर्क रहबाक तथा बचाव एवं राहतिक तैयारी पूरा राखबाक निर्देश देल गेल।नेपालक रसुवा, नुवाकोट, धादिंग, गोरखा, लमजुंग आ तनहुं मे फ्लैश फ्लडक उच्च खतरा बताओल गेल अछि। दोलखा एवं सिंधुपालचोक मे सेहो खतरा अछि। गंडक नदी मे संभावित बढ़ल जलप्रवाह कें देखि



पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सारण, मुजफ्फरपुर आ वैशाली मे विशेष सतर्कता बरतल जा रहल अछि।तटबंध आ जलस्तरक निगरानी जिलाधिकारी कें नदीक जलस्तर, तटबंध, निचला क्षेत्र, पुल-पुलिया आ संवेदनशील क्षेत्रक लगातार निगरानी करबाक निर्देश देल गेल अछि। जल संसाधन विभाग कें गंडक बैराजक गेट एवं नहरकसंचालन तथा तटबंधक निगरानी सुनिश्चित करबाक कहल गेल अछि।एनडीआरएफ-एसडीआरएफक तैनाती गोपालगंज मे एनडीआरएफक एकटा टीम पठाओल जा रहल अछि, जखनकि एकटा टीममुजफ्फरपुर मे तैयार राखल जायत। बेतिया मे सेहो एनडीआरएफक टीमक तैनाती केर कारबाइ जारी अछि। प्रभावित क्षेत्र मे

» छह जिला मे विशेष सतर्कता

» नेपाल मे फ्लैश फ्लडक आशंका

नाव, आश्रय स्थल, सामुदायिक रसोई आ निकासी योजनाक तैयारी राखबाक निर्देश देल गेल अछि।ओतहि सहरसा अंतर्गत कोशी तटबंध क्षेत्र पर सेहो जिला प्रशासन द्वारा अधिकारी कें तैनातकरबाक निर्देश जारी कएल गेल अछि आ अधिकारीक छुट्टी रद्द कए देल गेल अछि। प्रशासनलोक सं घबराएबक बदला सतर्क रहबाक आ मात्र आधिकारिक सूचनाक भरोसा करबाक अपील कएलक अछि।

# चपरांव चौक पर ताबड़तोड़ फायरिंग, पैर मे गोली लगला सं महिला घायल



सिमरीबख्तियारपुर/ सहरसा, समदिया

बलवाहाट थाना क्षेत्र अंतर्गत चपरांव चौक पर बुध दिनक सांझ अज्ञात अपराधी द्वारा कएल गेल ताबड़तोड़ गोलीबारी सं इलाका मे अफरा-तफरी मचि गेल। फायरिंगक दौरान एकटा गोली ओतहिमौजूद 55 वर्षीय महिलाक पैर मे लागि गेल, जाहि सं ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेली। घायलमहिलाक पहचान चपरांव चौक निवासी ललन यादवक पत्नी सुमित्रा देवीक रूप मे भेल अछि।जानकारीक अनुसार, बुध दिनक सांझ चपरांव चौकक समीप अज्ञात बदमाश अनचोके फायरिंगशुरू कए देलक। एहि दौरान एकटा गोली सुमित्रा देवीक पैर मे लागि गेल। गोली लगिते ओ लहूलुहान भए घटनास्थल पर खसि गेली। अनचोके भेल गोलीबारी सं चौक पर मौजूद लोकक बीच भगदड़ जेहन स्थिति उत्पन्न भए गेल आ आसपासक लोक मे दहशत पसरि गेल।घटनाक सूचना भेटिते पुलिसक आपातकालीन टीम घटनास्थल पर पहुंचल आ घायल महिलाकतत्काल इलाज लेल नजदीकी अस्पताल मे भर्ती कराओल, जतए हुनक उपचार जारी अछि। ओतहि, घटनाक बाद पुलिस मामिलाक जांच शुरू कए देलक अछि। पुलिस घटनास्थलक आसपास लागल सीसीटीवी कैमरा केर फुटेज खंगालि रहल अछि। संगहि प्रत्यक्षदर्शी सं पूछताछकए गोलीबारी मे शामिल अपराधीक पहचानक प्रयास कएल जा रहल अछि। अपराधीक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकाना पर छापेमारी सेहो कएल जा रहल अछि।

# वरिष्ठ पत्रकार बीएन सिंह पप्पनक माता गीता देवीक निधन

सहरसा,समदिया

शहरक जानल-पहिचानल वरिष्ठ पत्रकार बीएन सिंह पप्पनक 84 वर्षीय माता गीता देवीकआकस्मिक निधन भए गेल। हुनक निधनक खबर भेटिते पत्रकार जगत सहित सामाजिक आराजनीतिक क्षेत्र सं जुड़ल लोक मे शोकक लहर दौड़ि गेल। पैघ संख्या मे लोक हुनक आवास पर पहुंचि शोक-संतप्त परिजन कें सांत्वना दैत रहलाह। स्वर्गीय गीता देवीक आखरी संस्कार सिमरिया स्थित गंगाघाट पर कएल गेल। हुनक ज्येष्ठ पुत्र डॉ. दयानाथ सिंह नम आंखि सं हुनका मुखाग्नि देलनि। हुनक निधन सं परिजन आ शुभचिंतक मे गहींर शोक अछि।गीता देवी अपन पाछू पति लक्ष्मण प्रसाद सिंह, ज्येष्ठ पुत्र डॉ. दयानाथ सिंह, छोट पुत्र बुद्धिनाथ सिंह पप्पन, पुत्रवधू रेखा सिंह एवं डॉली सिंह, पुत्री कंचन देवी, दामाद विनोद कुमार सिंह, पोता देवांश सिंह एवं ऐकांश सिंह तथा पोती निवेदिता सिंह एवं सुश्रुता सिंह सहित भरल-पूरल परिवार छोड़ि गेल छथि। हुनक निधन पर डॉ. भारत भूषण सिंह, रंजन सिंह, मणिभूषण सिंह, ईरा



## पत्रकार जगत मे शोक

सिंह, अमित कुमार सिंह, मनदीप सिंह, कोमलागिका सिंह, बबन सिंह, डॉ. रंजन सिंह, मनोज सिंह, टुनटुन सिंह,मनोज कुमार सिंह, आलोक झा, राजीव झा, अनु सिंह, सतीश कुमार सिंह, गोपाल सिंह, बेचनप्रसाद, दीपक कुमार, सुमन कुमार सौरभ, संजय कुमार सिंह, मुद्रिका सिंह, विक्की कुमार, रमन कुमार, नंद प्रसाद सिंह, मनोज झा, सुभाष चंद्र झा, आशीष झा, गौरव कुमार, शिव कुमार, प्रणवकुमार एवं मथुरेश कुमार, मुकेश चुन्नू, मंजीत सिंग, दीपांकर श्रीवास्तव सहित अन्य लोक गहींर संवेदना व्यक्त करैत दिवंगत आत्माक शांतिक लेल प्रार्थना कएलनि।

# हिंदुस्तान कॉपर मे 6 प्रतिशत धरि हिस्सेदारी बेचत सरकार

## केंद्र कें विनिवेश सं 3,000 करोड़ रुपैया भेटबाक उम्मीद

घाटशिला ,समदिया



केंद्र सरकार सार्वजनिक क्षेत्रक कंपनी हिंदुस्तान कॉपर लिमिटेड (एचसीएल) मे अपन हिस्सेदारी घटाबय जा रहल अछि। ऑफर फॉर सेल (ओएफएस)क माध्यम सं पहिल चरण मे 3 प्रतिशत हिस्सेदारी बेचबाक प्रक्रिया शुरू भए गेल अछि। मांग बेसी रहला पर ग्रीन शू विकल्पक अंतर्गत 3 प्रतिशतअतिरिक्त हिस्सेदारी बेचल जा सकैत अछि। एहि तरहे सरकार कुल 6 प्रतिशत धरि हिस्सेदारी बेचि सकैत अछि। सरकार ओएफएस लेल 514 रुपैया प्रति शेयर फ्लोर प्राइस निर्धारित केने अछि। 6 प्रतिशत हिस्सेदारी एहि कीमतक आसपास बिकला पर केंद्र सरकार कें 3,000 करोड़ रुपैया भेटबाक उम्मीद अछि। कुल ऑफरक 10 प्रतिशत हिस्सा खुदरा निवेशकसभ लेल आरक्षित अछि। पात्र कर्मचारी सभ लेल 25 हजार अतिरिक्त शेयर राखल गेल अछि। ओएफएस शुरू भेलाक बाद मंगल दिन एचसीएलक शेयर पर दबाव रहल आ कारोबारक दौरान ई 7 प्रतिशत धरि खसि गेल। बाजार भावक तुलना मे कम फ्लोर प्राइस कें एकर प्रमुख कारण मानल जा रहल अछि। 31 मार्च 2026 धरि केंद्र सरकार लग एचसीएलक 66.14 प्रतिशत हिस्सेदारी छल। सरकार जं 6 प्रतिशत हिस्सेदारी बेचैत अछि तं ओकर हिस्सेदारी 60.14 प्रतिशत रहि जाएत। अर्थात बिक्रीक बादो कंपनी पर सरकारक नियंत्रण बनल रहत। मजबूत प्रदर्शनक बीच केंद्र बेचि रहल हिस्सेदारी हिस्सेदारीक बिक्री एहन समय मे भए रहल अछि, जखन एचसीएलक वित्तीय प्रदर्शन मजबूत अछि। जून 2026 मे समाप्त पहिल तिमाही मे कंपनीक कर पूर्व लाभ 471.77 करोड़ रुपैया रहल, जे पिछला सालक समान तिमाहीक तुलना मे 163 प्रतिशत बेसी अछि। शुद्ध लाभ 352.61 करोड़ रुपैया आ परिचालन सं राजस्व 936.50 करोड़ रुपैया रहल, जे सालाना आधार पर 81 प्रतिशत बेसी अछि। कंपनी 2030 धरि अयस्क उत्पादन क्षमता बढ़ाकए सालाना 12.2 मिलियन टन करबाक लक्ष्य रखने अछि।

# जिला कौशल विकास योजना मे उद्योगक मांग कें भेटत प्राथमिकता

गिरिडीह ,समदिया




डीसी रामनिवास यादवक अध्यक्षता मे जिला कौशल समितिक बैठक आयोजित कएल गेल। बैठक मे जिला कौशल विकास योजना 2026-27क तैयारी, जिला मे संचालित कौशल प्रशिक्षण कार्यक्रम, स्थानीय उद्योगक आवश्यकता, रोजगारक संभावना आ प्रशिक्षित युवा सभ कें रोजगार एवं स्वरोजगार सं जोड़बाक रणनीति पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। उपायुक्त कहलनि जे कौशल विकासक उद्देश्य मात्र युवा सभ कें प्रशिक्षण देब नहि अछि। प्रशिक्षणक बाद हुनका स्थायी रोजगार एवं स्वरोजगारक अवसर सं जोड़ल जाएब जरूरी अछि। ओ स्थानीय उद्योगक मानव संसाधन संबंधी आवश्यकताक आकलन कए ओहने अनुरूप प्रशिक्षण ट्रेड निर्धारित करबाक निर्देश देलनि। ओ प्रशिक्षित युवा सभ लेल प्रभावी प्लेसमेंटक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। युवा आ संभावित उद्यमी सभ लेल नाबार्डक सहयोग सं विकसित ग्रामोद्यम पोर्टलक उपयोगिता पर सेहो चर्चा भेल। पोर्टल पर बिजनेस आइडिया, इंडस्ट्रियल कोर्स जकां सुविधाक जानकारी उपलब्ध अछि। बताओल गेल जे पोर्टल पर 50 आंत्रप्रेन्योरशिप मॉडल उपलब्ध अछि।एहि मे खाद्य प्रसंस्करण, कृषि एवं डेयरी, अनाज मिलिंग, ग्रीन एनर्जी, वेस्ट रीसाइक्लिंग, घरेलू उत्पाद, वेलनेस, टेक्सटाइल, सर्विस एवं रिपेयर सं जुड़ल उद्यम शामिल अछि। एहि मे आटा चक्की, मिनी राइस मिल, मिल्क प्रोसेसिंग, मशरूम प्रोसेसिंग, बेकरी, मसाला निर्माण, सोलर पैनल असेंबली, डिजिटल मार्केटिंग एजेंसी, वाहन मरम्मत, कार वॉशिंग, लॉन्ड्री सहित कतेको व्यावसायिक मॉडल शामिल अछि।

# चतरा मे अंतरराज्यीय बाइक चोर गिरोहक पर्दाफाश, एक आरोपित गिरफ्तार

## एक देसी बंदूक आ चारि चोरीक बाइक बरामद



चतरा ,समदिया

सिमरिया पुलिस एकटा पैघ अंतरराज्यीय बाइक चोर गिरोहक पर्दाफाश केने अछि। पुलिस एकटा शातिर अपराधी कें गिरफ्तार कए हुनकाक लग सं अवैध हथियार आ चोरीक चारि मोटरसाइकिल बरामदकेने अछि।25 अगस्त कें गुप्त सूचनाक आधार पर सिमरिया एसडीपीओ शुभम भाउसाहेबक नेतृत्व मे काशियातु गांव (टोला चोरबोरा) मे छापेमारी कएल गेल। पुलिस कें देखिते आरोपित मुकेश गंझू भागय लगल, मुदा मुस्तैद जवान सभ ओकरा पकड़ि लेलनि।सघन तलाशीक दौरान ओकर घर सं एकटा देसी बंदूक आ चोरीक चारि बाइक बरामद भेल। चतरा एसपी अनिमेष नैथानी बतौलनि जे आरोपित रांची शहरक विभिन्न क्षेत्र सं बाइक चोरी कए ग्रामीण मेला मे लोककें मात्र 10 सं 20 हजार रुपैया मे बेचैत छल। जखन लोक नाम ट्रांसफर करबाक बात कहैत छल, तं ई ठग सभ 'किछु दिन मे कए देब' कहि झांसा दैत छल। एहि गिरोहक तार बिहार धरि पसरल अछि। पुलिस लातेहार आ रांची सं जुड़ल गिरोहक अन्य सदस्यसभक सेहो पहचान कए लेने अछि आ शीघ्र पूरा नेटवर्क कें ध्वस्त कएल जाएत।

# राजकीय श्रावणी मेलाक 27म दिन शीघ्रदर्शनम कूपन सं मंदिर प्रशासन कें भेटल 7.98 लाख रुपैया



दुमका,समदिया

राजकीय श्रावणी मेला महोत्सव-2026क 27म दिन बासुकीनाथ धाम मे श्रद्धा आ आस्थाक ज्वार देखल गेल। देशक विभिन्न हिस्सा सं पहुंचल 1 लाख 6 हजार 354 कांवरिया सभ बाबा बासुकीनाथ पर जलार्पण कए पूजा-अर्चना कएलनि आ सुख-समृद्धि आ मनोकामना पूर्ण होबाक कामना कएलनि। एहि दौरान मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे श्रद्धालुसभक भीड़ बनल रहल। मेलाक दौरान 1,597 श्रद्धालु शीघ्रदर्शनम कूपनक माध्यम सं बाबा बासुकीनाथक शीघ्र दर्शन आ पूजन कएलनि। शीघ्रदर्शनम कूपन सं मंदिर प्रशासन कें 7 लाख 98 हजार 500 रुपैयाक आय भेल। श्रद्धालु सभ बाबाक दरबार मे अपन श्रद्धाक अनुसार चढ़ावा सेहो अर्पित कएलनि। मंदिर प्रशासनक अनुसार दान पेटी सं 1 लाख 75 हजार 930 रुपैया आ गोलक सं 35 हजार 960 रुपैया प्राप्त भेल। गोलक सं 333 ग्राम चांदी सेहो भेटल। एकर अतिरिक्त अन्य स्रोत सं 3,555 रुपैयाक आमदनी भेल।श्रावणी मेला मे देशभरि सं कांवरिया सभ कठिन यात्रा पूरा कए बासुकीनाथ पहुंचैत छथि आ बाबा भोलेनाथ पर जल अर्पित कए मनोकामना पूर्ण होबाक प्रार्थना करैत छथि। श्रद्धालुसभक बढ़ैत भीड़ कें देखैत जिला प्रशासनक दिस सं मेला क्षेत्र मे सुविधा आ व्यवस्थाक लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभ कें सुगमतापूर्वक दर्शन आ जलार्पण कराबय लेल प्रशासनिक एवं मंदिर प्रबंधनक टीम सक्रिय अछि।

# लंकास्टर अस्पताल परिसर मे भू-धंसान,एक्स-रे भवन आ दवाखाना क्षतिग्रस्त

## 2.5 फीट धरि धंसल जमीन



गिरिडीह,समदिया

सीसीएल गिरिडीह कोलियरीक लंकास्टर अस्पताल परिसर मे मंगल दिन भोर 4:15 बजे तेज धमाकाक संग भू-धंसान भेल। जमीन 2 सं 2.5 फीट नीचां धंसि गेल, जाहि सं आसपासक हिस्सा मे लमहर दरार पड़ि गेल। भू-धंसानक चपेट मे आबि अस्पतालक एक्स-रे भवन आ दवाखाना क्षतिग्रस्त भए गेल। घटनाक समय दूनू भवन मे केओ मौजूद नहि छल, जाहि सं पैघ दुर्घटना टलि गेल। घटनाक बाद सीसीएल प्रबंधन सुरक्षा कारण सं अस्पताल परिसर मे आम आवाजाही रोकि देने अछि। भू-धंसानक असर अस्पताल दिस जाएबला सड़क पर सेहो पड़ल अछि। सड़क कतेको जगह सं फाटि गेल अछि। लोक सभ क्षेत्रक तकनीकी सर्वे करबाक आ अवैध खनन पर रोक लगाबयक मांग केने छथि। अस्पताल सं सटल भदुआ पहाड़ी मे लमहर समय सं अवैध कोयला उत्खननक शिकायत भेटैत रहल अछि। स्थानीय लोक आ अस्पतालकर्मीसभक कहब अछि जे भूमिगत खननक कारण जमीनक नीचां खोखलापन बढ़ला सं भू-धंसान भए सकैत अछि। मुदा वास्तविक कारण तकनीकी जांचक बादे स्पष्ट होयत।

# जमशेदपुर एनएमएल पहुंचलाह वाणिज्य मंत्री एड जेगर

जमशेदपुर,समदिया



कनाडाक उच्चायोगक वाणिज्य मंत्री एड जेगर बुध दिन सीएसआईआर-राष्ट्रीय धातुकर्म प्रयोगशाला (सीएसआईआर-एनएमएल), जमशेदपुरक आधिकारिक दौरा कएलनि। एहि उच्चस्तरीय यात्राक मुख्य उद्देश्य भारत आ कनाडाक बीच शैक्षणिक संस्थान, अनुसंधान संगठन तथा उद्योगक बीच अनुसंधान आ नवाचार (आरएंडडी) क्षेत्र मे आपसी सहयोग कें मजबूत करब अछि। दौराक दौरान ओ निदेशक डॉ. संदीप घोष चौधरीक संग द्विपक्षीय साझेदारीक नव आयाम पर गहन चर्चा कएलनि। यात्राक दौरान दुनू पक्षक बीच क्रिटिकल मिनरल्स (महत्वपूर्ण धातु)क निष्कर्षण, पुनर्प्राप्ति आ पुनर्चक्रणक क्षेत्र मे आपसी सहयोग कें लए विस्तार सं विचार-विमर्श भेल। जानकारसभक मानब अछि जे ई रणनीतिक क्षेत्र दुनू देशक भावी औद्योगिक आ तकनीकी आवश्यकताक लेल बहुत महत्वपूर्ण अछि। एहि पहला सं भविष्य मे संयुक्त अनुसंधान परियोजना आ तकनीकी आदान-प्रदानक नव मार्ग प्रशस्त होयत। मंत्री एड जेगर प्रयोगशाला परिसर मे महत्वपूर्ण धातु सं जुड़ल नवीनतम तकनीक पर आधारित विशेष प्रदर्शनीक अवलोकन कएलनि। एहि दौरान ओ सीएसआईआर-एनएमएलक युवा शोधकर्ता आ वैज्ञानिक सभ सं प्रत्यक्ष संवाद कए हुनक काजक सराहना कएलनि। ओ वैश्विक स्तर पर सतत संसाधन प्रबंधन आ उन्नत सामग्रीक महत्व पर जोर देलनि। ई दौरा भारत आ कनाडाक बीच सतत संसाधन प्रबंधन, उन्नत सामग्री आ धातुकर्मक क्षेत्र मे साझेदारी कें नव गति देबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पड़ाव मानल जा रहल अछि। एहि उच्चस्तरीय सहयोग सं नहि मात्र दुनू देशक औद्योगिक संबंध मजबूत होयत, बल्कि वैश्विक तकनीकी चुनौती कें मिलि कए सामना करबा मे सेहो सहायता भेटत।

# साकची-आजादनगर मार्ग पर घंटो फंसल रहल यात्री

जमशेदपुर,समदिया

## जमशेदपुर मे मानगो पुल पर लागल भीषण जाम



लौहनगरीक मानगो पुल पर बुध दिन दुपहर 11.30 बजे सं भीषण यातायात जामक स्थिति बनि गेल, जाहि सं वाहनक परिचालन घंटो धरि रेंगैत रहल। पुलक दूनू दिस वाहनक लमहर कतार लागिगेल, जाहि कारण राहगीर, दैनिक यात्री आ स्थानीय लोक कें भारी परेशानीक सामना करए पड़ल। मानगो सं साकची जाएबला आ साकची सं आजादनगर तथा उलीडीह दिस लौटएबला वाहन पूरा तरहे जाममे फंसि गेल। घंटो धरि गाड़ी सभ सड़क पर रेंगैत देखल गेल। जुलूस मे शामिल लोक सेहो फंसल पैगंबर मोहम्मद साहबक जन्मोत्सवक अवसर पर निकालल जा रहल जुलूस-ए-मोहम्मदी मे शामिल होमय जा रहल लोक आ कतेको वाहन सेहो एहि भीषण जाम मे फंसि गेल। जामक कारण कार्यालयजाएबला कर्मचारी, रोगी आ आम लोक कें भीषण गर्मी आ यातायात जामक कारण भारी कठिनाइक सामना करए पड़ल। जामक सूचना भेटिते स्थानीय यातायात पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ यातायात कें सुचारु करबाक प्रयास मे जुटि गेल। वाहनक भारी दबावक कारण स्थिति सामान्य होबय मे बहुत समय लागल।

## कहलनि-भाजपाक सभ सांसद केंद्रक समक्ष एहि मामिला कें उठाबथि

# राज्यक आर्थिक स्वायत्तता पर हमला अछि एमएमडीआर विधेयकः सुबोधकांत

रांची,समदिया




पूर्व केंद्रीय मंत्री सुबोधकांत सहाय रांची मे प्रेस वार्ता कए कहलनि जे एमएमडीआर संशोधन विधेयक झारखंडक आर्थिक हित आ संघीय ढांचापर गंभीर हमला अछि। ओ केंद्र सरकार सं सवाल करैत कहलनि जे झारखंडक खनिज संपदा पर पहिल अधिकार एतयक जनताक अछि। सहाय पूछलनि जे जं राज्यक संभावित 14,000 करोड़ रुपैयाक 'मिनरल बियरिंग लैंड सेस' पर रोक लगैत अछि, तं एहि पैघ राजस्व नोकसानक भरपाई के करत। सुप्रीम कोर्टक 2024क फैसलाक बाद राज्यसभक वित्तीय अधिकार कें सीमित करब अनुचित अछि। जखन झारखंड अपन जमीन पर प्रदूषण आ विस्थापनक सामाजिक बोझ उठा रहल अछि, तं विकास आ कल्याणकारी योजनाक लेल राजस्व निर्धारित करबाक स्वतंत्रता सेहो राज्यक लग रहबाक चाही। ओ झारखंडक सभ राजनीतिक दल आ विशेष रूप सं भाजपाक सांसद सभ सं अपील कएलनि जे ओ दलगत राजनीति सं ऊपर उठि राज्यक आर्थिक हितक रक्षा लेल एकजुट होथि आ केंद्र सं ठोस गारंटीक मांग करथि। प्रेस वार्ता मे राकेश सिन्हा, सोनल शांति, कमल आ उज्ज्वल तिवारी उपस्थित छलाह।

# बीएसएलक बोकारो इस्पात पुस्तकालय मे मासिक कवि-गोष्ठीक भेल आयोजन

बोकारो,समदिया



बोकारो इस्पात संयंत्र (बीएसएल) एवं अखिल भारतीय चेतना दर्पणक संयुक्त तत्वावधान मे सेक्टर-5 स्थित बोकारो इस्पात पुस्तकालय मे मासिक कवि-गोष्ठीक आयोजन कएल गेल। एहि कार्यक्रम मे नगरक वरिष्ठ एवं युवा कवि-कवयित्री सभ अपन उत्कृष्ट रचना सभ सं काव्य रसक संचार कएलनि। साहित्यकार सभ सामाजिक सरोकार आ समसामयिक विषय सभ पर आधारित कवितासभक माध्यम सं उपस्थित श्रोता सभ कें प्रभावित कएलनि।कार्यक्रमक शुभारंभ अतिथिसभक औपचारिक स्वागत एवं सरस्वती वंदना 'हे मां शारदे वीणावादिनी'क संग भेल। एहि काव्य गोष्ठीक दौरान साहित्यकार सभ अपन विविध भाव एवं शैली सं परिपूर्ण रचना सभ प्रस्तुत कएलनि। जाहि मे कस्तूरी सिन्हाक 'क्या कहूं क्या से क्या हो गए', अनिल कुमार श्रीवास्तवक 'पश्चाताप', क्रांति श्रीवास्तवक भोजपुरी कविता 'केतना कुछ छूट गईल नईहरा के दुआरे', काजल भलोटियाक कविता 'क्या होती है', कनक लता रायके 'दैहिक दैविक भौतिक तापा', नीलम झाक 'धरती की पुकार', पद्मावति कोमलक 'जंतर-मंतर पर युवाओं की आवाज', ऋचा प्रियदर्शिनीक 'इस्पात संयंत्र के कर्मी', डॉ. रंजना श्रीवास्तवक 'सफलता के सोपान', शैलजा झाक कविता 'रंग', पंकज प्रेमीक 'मेरा भारत देश महान', विजय शंकर मल्लिकक 'गाओ स्वदेश जयगाथा' तथा अमृता शर्माक 'पौ बारह शकुनियों' प्रमुख रहल। ई प्रस्तुति सभ पूरा पुस्तकालय परिसर कें साहित्यिक एवं प्रेरणादायी वातावरण सं परिपूर्ण कए देलक।

# किसानक मुद्दा पर राजद सरकारक विरुद्ध खोललक मोर्चा

## कैमूर मे खादक कालाबाजारीक विरुद्ध प्रदर्शन, दू मास बाद सरकारी बीया पठेबाक आरोप

**कैमूर, समदिया**

राष्ट्रीय जनता दल (राजद) कैमूर जिला मे किसान सं जुड़ल मुद्दा कें लए सरकारक विरुद्ध मोर्चा खोलि देने अछि। भभुआ स्थित राजद कार्यालय मे आयोजित प्रेस वार्ता मे रामगढ़क पूर्व विधायक प्रत्याशी अजीत सिंह आ भभुआक पूर्व विधायक प्रत्याशी वीरेंद्र सिंह कुशवाहा कृषि विभाग आ जिला प्रशासन पर गंभीर आरोप लगौलनि।




राजद नेता सभ किसानक उपेक्षा, खादक कालाबाजारी आ सिंचाइक लेल पानिक किल्लत कें लए सरकारक नीतिपर सवाल उठौलनि।

अजीत सिंह कृषि विभागक कार्यशैली पर सवाल उठबैत कहलनि जे कैमूर मे किसान धानक शत-प्रतिशत रोपनी कए चुकल छथि। एकर बावजूद दू मास बाद आब प्रखंड सभ मे सरकारी बीज पठाओल जा रहल अछि।

अजीत सिंह आरोप लगौलनि जे बीज माफिया आ अधिकारीसभक मिलीभगत सं सरकारी धनक दुरुपयोग भए रहल अछि। ओ खादक कालाबाजारी रोकबाक लेल प्रतिदिन स्टॉकक रोस्टर सार्वजनिक करबाक आ प्रत्येक दोकान पर नोडल अधिकारी तैनात करबाक मांग कएलनि। एकर अतिरिक्त बरखाक मौसिम मे मवेशीक समय पर टीकाकरण सुनिश्चित करबाक अपील सेहो कएलनि।

वीरेंद्र सिंह कुशवाहा एनडीए सरकार पर लापरवाहीक आरोप लगबैत कहलनि जे किसान डीएपी आ यूरिया लेल लमहर कतार मे ठाढ़ रहबाक लेल मजबूर छथि। ओ जगदहवा आ कर्मचट बांध सं नहर सभ मे तत्काल पानि छोड़बाक मांग कएलनि, जाहि सं किसान कें सिंचाइक लेल पर्याप्त पानि भेटि सकय।

राजद कार्यकर्ता कृषि विभागक विरुद्ध प्रदर्शन करैत आंदोलनक चेतावनी देने छथि। पार्टी कहलनि जे जं खादक कालाबाजारी नहि रुकल आ किसान कें सिंचाइक लेल पानि नहि भेटल, तं राजद सड़क पर उतरि राज्यव्यापी उग्र आंदोलन करत।

# झाझा रेलवे मैदानक 3.45 करोड़ सं होयत कायाकल्प

## मुख्यमंत्रीक आगमनक बाद रेलवे जीर्णोद्धारक निविदा जारी कएलक

**झाझा, समदिया**

ऐतिहासिक रेलवे चांदवारी खेल मैदान (रेलवे ग्राउंड)क जीर्णोद्धार आ सौंदर्यीकरण लेल रेलवे निविदा प्रक्रिया शुरू कए देने अछि। ई खेलाड़ी आ खेल प्रेमीसभक कतेको वर्ष पुरान मांग छल, जे आब पूरा होमय जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक 16 अगस्त कें झाझा आगमनक दौरान हुनका सं मैदानक विकासक मांग राखल गेल छल। एकर बाद रेलवे प्रशासन निविदा प्रक्रिया शुरू कएलक।



एनडीएक पिपराडीह मे भेल बैठक मे राकेश सिंह, बबलू सिन्हा आ मुकेश राजहंस सहित अन्य सदस्य सभ बतौलनि जे बिहार सरकारक परिवहन मंत्री आ झाझा विधायक दामोदर रावत सेहो एहि संबंध मे प्रयास केने छलाह। रावत मैदानक विकास लेल रेलवे महाप्रबंधक आ दानापुर मंडलक डीआरएम सं कतेको बेर भेंट कए मरम्मत, बाउंड्री वॉल आ सौंदर्यीकरणक मांग रखने छलाह। रेलवेक निविदा दस्तावेजक अनुसार, ई निविदा 24 अगस्त 2026 कें जारी कएल गेल अछि। काजक अनुमानित लागत 3 करोड़ 44 लाख 60 हजार 706 रुपैया निर्धारित कएल गेल अछि। निविदा जमा करबाक आखरी तिथि 18 सितंबर 2026कें दुपहर 12 बजे धरि अछि। एहि परियोजना कें पूरा करबाक लेल 11 महिनाक अवधि निर्धारित कएल गेल अछि।

एहि योजनाक अंतर्गत रेलवे कॉलोनी क्षेत्र मे बाउंड्री वॉलक निर्माण, फुटबॉल मैदानक नवीनीकरण, वॉकिंग ट्रैक आ शौचालयक निर्माण कएल जाएत। एकर अतिरिक्त माटि भराइ आ अन्य आवश्यक विकास काज सेहो कएल जाएत।

रेलवे चांदवारी मैदान झाझाक खेल इतिहासक महत्वपूर्ण हिस्सा रहल अछि। एतय वर्षो सं पैघ फुटबॉल टूर्नामेंट आयोजित होइत रहल अछि। मोहन बागान सहित कोलकाता, लिलुआ, मुंबई आ बनारसक कतेको प्रसिद्ध क्लब आ खेलाड़ी एहि मैदान पर खेल चुकल छथि।

# शिक्षक सभ कें सोलर लगेबा लेल कएल गेल प्रेरित



**सरायगढ़, समदिया**

प्रखंड क्षेत्र मे प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक प्रभावी ढंग सं लागू करबाक लेल बुध दिन प्रखंड कार्यालय मे बैठक आयोजित कएल गेल। बीडीओ अच्युतानंद बैठकक अध्यक्षता कएलनि। बैठक मे प्रभारी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी आ विभिन्न विद्यालयक शिक्षक उपस्थित छलाह।

बैठकक दौरान बीडीओ अच्युतानंद शिक्षक सभ कें प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। ओ बेसी सं बेसी लोक कें एहि योजना सं जोड़बाक निर्देश देलनि। बीडीओ कहलनि जे ई केंद्र सरकारक महत्वपूर्ण पहल अछि, जकर उद्देश्य सौर ऊर्जा कें बढ़ावा देब, बिजलीक बचत करब आ घरेलू बिजली खर्च कम करब अछि।

बीडीओ सभ शिक्षक सं अपन-अपन क्षेत्र मे लोक कें योजनाक प्रति जागरूक करबाक आ पात्र परिवार सभ कें सोलर पैनल लगाबय लेल प्रेरित करबाक आग्रह कएलनि। ओ शिक्षक सभ कें स्वयं सेहो एहि योजनाक अंतर्गत सोलर पैनल स्थापित करबाक लेल आवश्यक कदम उठेबाक निर्देश देलनि। बैठक मे योजनाक लाभ, सोलर पैनल लगाबयक प्रक्रिया आ जनजागरूकता सं संबंधित विभिन्न बिंदु पर चर्चा कएल गेल।

अधिकारी सभ एहि बात पर जोर देलनि जे सौर ऊर्जा पर्यावरण संरक्षणक संग-संग बिजलीक आवश्यकता कें पूरा करबाक प्रभावी माध्यम अछि। ओ कहलनि जे समाज मे शिक्षकक महत्वपूर्ण भूमिका होइत अछि, ताहि लेल ओ ग्रामीण आ शहरी दूनू क्षेत्रक लोक धरि योजनाक जानकारी पहुंचाबय मे महत्वपूर्ण योगदान दए सकैत छथि।

# शिवहर पुलिस लाइन मे 250 पुलिसकर्मी कें बान्हल गेल राखी

## ब्रह्माकुमारी कहलनि-परमात्मा शिवक संग योग-प्रेमक प्रतीक, नशामुक्तिक संकल्प

**शिवहर, समदिया**

रक्षाबंधनक अवसर पर बुध दिन प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालय द्वारा पुलिस लाइन मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कएल गेल।

संस्थाक संचालिका बहिन भारती लगभग 250 पुलिसकर्मीक कलाई पर राखी बांधलनि आ हुनका शुभकामना देलनि। एहि दौरान पुलिसकर्मी कें तिलक लगाक मुंह मीठ कराओल गेल आ नशा सहित विभिन्न बुराइ सं दूर रहबाक संकल्प दिलाओल गेल।




बहिन भारती एहि अवसर पर कहलनि जे रक्षाबंधन मात्र भाइ-बहिनक लौकिक संबंधक पर्व नहि अछि, बल्कि ई आत्मिक प्रेम, पवित्रता आ परमात्मा सं जुड़बाक संदेश दैत अछि। ओ बतौलनि जे राखी परमात्मा शिवक संग योग, प्रेम आ समर्पणक प्रतीक अछि, जे मनुष्य कें काम, क्रोध जकां विकार सं बचबाक प्रेरणा दैत अछि।

### प्रेम, भाईचारा आ आपसी सम्मानक पर्व

ओ पुलिसकर्मी कें संबोधित करैत कहलनि जे ई पर्व मन, वचन आ कर्म सं पवित्र रहबाक प्रतिज्ञा लेबाक अवसर अछि। माथ पर लगाओल तिलक ई स्मरण करबैत अछि जे हम मात्र शरीर नहि, बल्कि शांत आ पवित्र आत्मा छी। ई पर्व जाति आ धर्म सं ऊपर उठि समाज मे प्रेम, भाईचारा आ आपसी सम्मानक संदेश दैत अछि।

### अधिकारी-कैदी कें सेहो बान्हल गेल राखी

बहिन भारती बतौलनि जे रक्षाबंधनक उद्देश्य एक-दोसरक रक्षा, सुख-समृद्धि आ स्वस्थ जीवनक कामनाक संग संबंध मे प्रेम आ विश्वास कें मजबूत करब अछि।

संस्थाक बहिन सभ समाजक विभिन्न वर्ग, अधिकारी आ कैदी धरि पहुंचि राखी बांधैत छथि आ लोक कें नशामुक्त रहबाक तथा बुराइ सं दूर रहबाक लेल प्रेरित करैत छथि।

ओ पुलिसकर्मी कें कहलनि जे ड्यूटीक कारण कतेको पुलिसकर्मी रक्षाबंधन पर अपन घर नहि जा पबैत छथि। हुनक कलाई सूनी नहि रहय, एहि उद्देश्य सं पुलिस लाइन मे राखी बांधि भाईचारा आ अपनत्वक संदेश देल गेल।

एहि अवसर पर मेजर कन्हैया कुमार, पुलिस सब इंस्पेक्टर लक्ष्मी प्रसाद सहित पैघ संख्या मे पुलिस बल उपस्थित छल।

# मझौलिया मे ईद-ए-मिलाद-उन-नबीक पर्व मनाओल गेल

## पैगंबर मोहम्मद साहबक संदेश जन-जन धरि पहुंचेबाक अपील



**मझौलिया, समदिया**

बुध दिन मुस्लिम समुदाय ईद-ए-मिलाद-उन-नबी (बारावफात)क पर्व उत्साह आ उल्लासक संग मनौलक। एहि अवसर पर मझौलिया गांव, हरिपकड़ी आ मीर टोला महोदीपुर सं श्रद्धालु सभ पैघ संख्या मे उत्साह यात्रा निकाललनि। यात्रा मे शामिल लोक सभ पैगंबर मोहम्मद साहबक बताओल आदर्श आ संदेश कें जन-जन धरि पहुंचेबाक आह्वान कएलनि।

मझौलियाक मौलाना नूर आलम बतौलनि जे ईद-ए-मिलाद-उन-नबी पैगंबर मोहम्मद साहबक जन्मदिनक स्मृति मे मनाओल जाइत अछि। ओ कहलनि जे पैगंबर साहब इंसानियत, प्रेम, शांति आ भाईचाराक संदेश देने छलाह। ओ लोक सभ सं हुनका बताओल बाट पर चलबाक आ समाज मे आपसी भाईचारा आ सामाजिक सौहार्द बनौने रखबाक अपील कएलनि।

उत्साह यात्रा मे पैघ संख्या मे युवा, बुजुर्ग आ अन्य लोक शामिल भेलाह। यात्राक दौरान लोक सभ मे बहुत उत्साह देखल गेल। विभिन्न मार्ग सं गुजरैत यात्राक दौरान श्रद्धालु सभ पैगंबर मोहम्मद साहबक संदेश कें स्मरण कएलनि। पर्व कें लए क्षेत्र मे भोरसंए उत्साहक माहौल रहल।

सुरक्षा व्यवस्था कें लए मझौलिया थाना पुलिस पूरा तरहे सतर्क रहल। पुलिसकर्मी यात्राक संग चलैत लगातार निगरानी करैत रहलाह, जाहि सं पर्व शांतिपूर्ण आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न भए सकय। एहि दौरान पुलिस भीड़ आ यातायात व्यवस्थापर विशेष नजरि बनौने रहल।

## विविध

# शाकाहारी आहार आ 14 घंटाक उपवास सं टाइप-2 मधुमेह नियंत्रण मे सुधार

एकटा नव यादृच्छिक नियंत्रित परीक्षणक निष्कर्षक अनुसार, लैक्टो-शाकाहारी आहारक संग 14 घंटाक रातिक उपवास टाइप-2 मधुमेह सं पीड़ित महिलाक रक्त शर्करा नियंत्रण मे उल्लेखनीय सुधार कए सकैत अछि।




24 सप्ताह धरि चलल एहि अध्ययन मे देखल गेल जे संयुक्त आहार आ समय-सीमित भोजन कार्यक्रमक पालन कएनिहार महिला मे एचबीए1सी स्तर मे महत्वपूर्ण कमी भेल। एकर संग शरीरक वजन, इंसुलिन प्रतिरोध आ हृदय-रक्तवाहिका संबंधी जोखिमक संकेतक मे सेहो सुधार देखल गेल, जखनकि सामान्य मधुमेह उपचार लेनिहार महिला मे एहन सुधार तुलनात्मक रूप सं कम रहल। शोधकर्ता सभ भारत मे बहुकेंद्रीय, यादृच्छिक आ ओपन-लेबल परीक्षणक अंतर्गत 25 सं 60 वर्ष आयुक टाइप-2 मधुमेह सं पीड़ित 96 महिला कें अध्ययन मे शामिल कएलनि। प्रतिभागी सभ कें दू समूह मे बांटल गेल। एक समूह कें सामान्य मधुमेह उपचार देल गेल, जखनकि दोसर समूह कें व्यवस्थित लैक्टो-शाकाहारी आहारक संग 14 घंटाक समय-सीमित भोजनक कार्यक्रम देल गेल। हस्तक्षेप समूहक आहार मे साबुत अनाज आ अधिक रेशायुक्त भोजनक संग तरकारी, फल, दाल आ डेयरी उत्पाद पर जोर देल गेल। एहि आहार मे मांस, माछ, मुर्गी आ अंडा कें शामिल नहि कएल गेल। प्रतिभागी सभ प्रतिदिन 10 घंटाक भोजनक अवधि मे भोजन करैत छलाह आ शेष 14 घंटा उपवास करैत छलाह। सामान्यतः भोजनक समय भोर 9 बजे सं सांझ 7 बजे धरि अथवा भोर 10 बजे सं राति 8 बजे धरि निर्धारित छल।

अध्ययन मे शामिल 96 प्रतिभागी मे सं 90 गोटे 24 सप्ताहक अध्ययन पूरा कएलनि।

परीक्षणक अंत मे हस्तक्षेप समूहक महिला मे समायोजित औसत एचबीए1सी स्तर 6.53 प्रतिशत रहल, जखनकि सामान्य उपचार प्राप्त कएनिहार समूह मे ई 7.65 प्रतिशत रहल। दुनू समूहक बीच समायोजित भेद 1.12 प्रतिशत अंकक रहल।हस्तक्षेपक संग शरीरक वजन, बॉडी मास इंडेक्स, खाली पेट आ भोजनक बादक रक्त शर्करा तथा लिपिड प्रोफाइल मे सेहो उल्लेखनीय बेसी सुधार देखल गेल। शोधकर्ता सभ हस्तक्षेपक पालन कएनिहार महिला मे इंसुलिन संवेदनशीलता मे सेहो पर्याप्त सुधार देखलनि। इंसुलिन प्रतिरोधक अनुमान लगाबय लेल उपयोग होइत एचओएमए-आईआर स्तर 24 सप्ताहक बाद हस्तक्षेप समूह मे उल्लेखनीय रूप सं कम रहल। दुनू समूहक बीच समायोजित भेद 1.84 रहल। बताओल गेल प्रतिकूल प्रभाव हल्का आ अस्थायी रहल। प्रतिभागी सभ सामान्यतः ऊर्जा, मनोदशा, वजन आ समग्र स्वास्थ्य मे सुधार महसूस करबाक जानकारी देलनि।

अध्ययनक निष्कर्ष सं संकेत भेटैत अछि जे आहार मे बदलावक संग अपेक्षाकृत मध्यम अवधि बला रातिक उपवास टाइप-2 मधुमेहक प्रबंधन लेल बेसी प्रतिबंधात्मक इंटरमिटेंट फास्टिंगक तुलना मे सहज विकल्प भए सकैत अछि।

14 घंटाक उपवासक अर्थ अछि जे प्रतिदिन भोजन लेल 10 घंटाक अवधि उपलब्ध रहत। एहि कारण ई तरीका 16:8 फास्टिंग अथवा दिन मे मात्र एक बेर भोजन करबाक रणनीतिक तुलना मे दैनिक दिनचर्या मे अपनाबय लेल बेसी सहज भए सकैत अछि। मेटाबोलिक सुधारक प्रभाव उल्लेखनीय रहलाक बावजूद, अध्ययन ई स्थापित नहि करैत अछि जे परिणाम लेल मात्र समय-सीमित भोजन जिम्मेदार छल।

प्रतिभागी सभ एकहि समय मे जीवनशैलीक कतेको पहलू मे बदलाव कएलनि। 14 घंटा उपवासक संग-संग ओ व्यवस्थित लैक्टो-शाकाहारी आहार अपनौलनि, जाहि मे रेशा आ काबोर्हाइड्रेटक गुणवत्ता पर जोर देल गेल। हुनका सभ कें व्यक्तिगत भोजन योजना, पोषण संबंधी परामर्श, नियमित फॉलो-अप आ व्यवहार संबंधी सहयोग सेहो देल गेल। दोसर दिस, नियंत्रण समूह सामान्य मधुमेह उपचार जारी रखलक आ हुनका सभ कें एहन व्यवस्थित आहार संबंधी हस्तक्षेप नहि देल गेल। एकर अर्थ ई भेल जे उपवासक प्रभाव कें नीक आहार गुणवत्ता, भोजनक मात्रा पर नियंत्रण, ऊर्जा सेवन मे बदलाव अथवा प्रतिभागी सभ कें भेटल अतिरिक्त पोषण संबंधी सहयोगक प्रभाव सं अलग कए नहि देखल जा सकैत अछि।

# जानलेवा नहि अछि एच1एन1 तेजी सं पसरि रहल

एच1एन1 इन्फ्लूएंजा अर्थात स्वाइन फ्लू सं बचाव लेल किछु बातक विशेष ध्यान राखब जरूरी अछि। दरअसल, दिल्ली मे मानसून आ उमसभर वातावरणक बीच एच1एन1 (स्वाइन फ्लू)क मामिला मे भारी बढ़ोतरी भेल अछि। दिल्ली मे कतेको घर मे एकर रोगीक संख्या मे बहुत इजाफा भए रहल अछि। हालहि मे केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री जेपी नड्डा देश मे स्वाइन फ्लूक स्थिति आ एहि सं जुड़ल तैयारी कें लए स्वास्थ्य विभागक टीमक संग बैठक कएलनि। एहि दौरान रोगीक जांच, उपचार आ अस्पतालक तैयारी पर ध्यान देल गेल।



स्वाइन फ्लू एक प्रकारक फ्लू अछि, जे सांस संबंधी बेमारी उत्पन्न करैत अछि। एहि मे बोखार, खांसी, गला मे खराश, नाक बहनाइ, माथ मे दर्द, थकान आ शरीर मे दर्द जकां लक्षण भए सकैत अछि। एहि सभक बीच एम्स नवी दिल्लीक मेडिसिन विभागक वरिष्ठ चिकित्सक नीरज निश्चल टीवी9 भारतवर्ष सं विशेष बातचीत कएलनि। विशेषज्ञ सं बुझू बचावक उपाय...

चिकित्सक कहलनि जे समय रहैत जं किछु सावधानी राखल जाए तं एहि बेमारीक प्रकोप सं बचल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे एखन एकर स्वरूप कें देखैत ई कहल जा सकैत अछि जे पैघ संख्या मे रोगी सभ कें अस्पताल मे भर्ती करबाक आवश्यकता नहि अछि।

राजधानी मे एहि साल एच1एन1क कुल 1,777 मामिला दर्ज कएल जा चुकल अछि, जे पिछला सालक तुलना मे छह गुना सं बेसी अछि। स्वास्थ्य विभागक अनुसार, कुल 2,392 इन्फ्लूएंजा-ए मामिला मे सं अधिकांश एच1एन1क अछि। ईहो देखल गेल अछि जे एक दिन मे 114 नव मामिला सेहो दर्ज भेल अछि। चिकित्सकक अनुसार एहि बेरक स्ट्रेन कोनो नव नहि अछि। ई पिछला साल जकांए अछि।

केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय आ दिल्ली सरकार स्थितिक समीक्षा लेल उच्चस्तरीय बैठक कएलनि आ अस्पताल सभ कें अलर्ट पर राखल गेल अछि। सरकारक सूत्रक अनुसार, एहि समय रोगीक भर्ती मे कोनो पैघ संख्या नहि देखल जा रहल अछि। मुदा एकरा बावजूद सभ अस्पताल कें सजग रहबाक हिदायत देल गेल अछि।

# नेपाल मे अनचोके आएल बाढ़ि सं सगरे नजरि आबि रहल अछि तबाही, सैकड़ो पर्यटक लापता

- भोटेकोशी नदी मे बर्फ पिघलि कए पानिक मात्रा बढ़ला सं विकट भेल स्थिति
- पहाड़ पर बहि गेल कतेको गाम, एक पनबिजली केंद्र कें सेहो पहुंचल भारी नुकसान
- ऐतिहासिक त्रिशूली बाजारक आधा सं बेसी भाग डूबल, कतेको गोटे छथि लापता







**काठमांडू, समदिया**

नेपालक रसुवा जिलाक भोटेकोशी नदी मे अनचोके आएल बाढ़िक बाद देशक विभिन्न जिला सं एखन धरि कम-सं-कम 17 शव बरामद कएल गेल अछि। नेपाल पर्यटन बोर्डक अनुसार, 291 विदेशी पर्यटक सहित कुल 384 लोक सं संपर्क नहि भए पाबि रहल अछि। लापता लोक मे 100 सं बेसी भारतीय नागरिक सेहो शामिल छथि। नेपाल पर्यटन बोर्डक अनुसार, विभिन्न यात्रा एजेंसी सं प्राप्त जानकारीक आधार पर रसुवा जिलाक भोटेकोशी नदी मे आएल बाढ़िक बाद 291 विदेशी पर्यटक आ 93 नेपाली नागरिक लापता छथि। एहि सभ सं संपर्क स्थापित नहि भए पाबि रहल अछि। लापता पर्यटक मे सर्वाधिक संख्या भारतीय नागरिकक बताओल गेल अछि। उत्तरी नेपालक किछु भाग मे आएल भीषण बाढ़िक कारण भारी जान-मालक क्षतिक आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि। बाढ़ि मे कतेको गाम बहि गेल अछि। एकटा पनबिजली बांध सहित कतेको महत्वपूर्ण आधारभूत संरचना सेहो क्षतिग्रस्त भेल अछि। बुधदिन भोर मे राजधानी काठमांडू सं उत्तर दिस स्थित रसुवा क्षेत्र मे अनचोके बाढ़ि आबि गेल। ई क्षेत्र तिब्बत सं सटल अछि आ चीनक संग नेपालक प्रमुख व्यापारिक मार्ग सेहो एहि क्षेत्र सं गुजरैत अछि। अधिकारी सभक मानब अछि जे तिब्बत दिस सं नेपाल दिस बहनिहार भोटेकोशी नदी मे बर्फ पिघलि कए पानिक मात्रा अनचोके बढ़लाक कारण बाढ़िक स्थिति उत्पन्न भेल। एकर संगहि त्रिशूली नदी मे सेहो बाढ़ि आबि गेल अछि। नदीक निचला भाग मे पड़निहार कतेको जिला मे सतर्कता बढ़ा देल गेल अछि। रसुवा जिलाक प्रमुख जिला अधिकारी नरेंद्र परियार कहलनि जे बाढ़ि सं भारी क्षति होयबाक आशंका अछि। मुदा एखन क्षतिक वास्तविक परिमाणक सटीक आकलन करब जल्दबाजी होयत।

## कतेको लोकक कएल गेल बचाव

राहति आ बचाव अभियान मे एखन धरि 12 लोकक सुरक्षित उद्धार कएल जा चुकल अछि। सशस्त्र प्रहरी बलक अनुसार, ओकर 13 सुरक्षाकर्मी लापता भेलाक बाद खोज आ बचाव अभियान शुरू कएल गेल अछि। सशस्त्र प्रहरी बलक उपप्रवक्ता शैलेंद्र थापा कहलनि जे रसुवाक मैलुंग सं चारि आ तिमुरे सं नौ लोक लापता छथि। हुनकर कहब छल जे बलंबू मे स्थित 100 शय्या बला अस्पताल कें तैयार राखल गेल अछि। नेपालक राष्ट्रपति रामचंद्र पौडेल भोटेकोशी आ त्रिशूली नदी मे आएल बाढ़ि सं रसुवा आ नुवाकोट जिला मे भेल क्षतिक खबरि पर गहींर दु:ख व्यक्त कएलनि। काठमांडू मे रहनिहार चीनी व्यवसायी यी लियांग कहलनि जे हुनकर रसुवा क्षेत्र मे सातटा मालवाहक कंटेनर ट्रक अछि, जाहि मे सभ नेपाली कर्मचारी काज करैत छथि। बाढ़िक बाद हुनकर सभ सं संपर्क टूटि गेल अछि। क्षेत्र मे दूरभाषक संकेत नहि रहबाक कारण कोनो कर्मचारी सं बात नहि भए पाबि रहल अछि। नेपालक आपदा प्रबंधन प्राधिकरण संवेदनशील क्षेत्रक नदी कात मे रहनिहार लोक सं सतर्क रहबाक आ आवश्यक सावधानी बरतबाक आग्रह कएलक अछि। आपात बैठकक बाद नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह कहलनि जे चिकित्सकीय दल, स्काउट्स आ रेडक्रॉसक समन्वय मे आवश्यक डेग उठेबाक काज शुरू कएल गेल अछि। अधिकारी सभक अनुसार, रसुवा जिलाक दूटा चौकी पर तैनात सशस्त्र प्रहरी बलक 13 अधिकारी लापता छथि। एकर अतिरिक्त दर्जनों अन्य प्रहरी अधिकारी सं सेहो संपर्क नहि भए पाबि रहल अछि। गत वर्ष सेहो रसुवा मे भीषण बाढ़ि आएल छल। ओहि आपदा मे सीमाक चीनी भाग मे ग्लेशियर टूटलाक बाद 18 लोकक मृत्यु भेल छल। अधिकारी सभक मानब अछि जे एहि बेरक आपदाक परिमाण गत वर्षक बाढ़ि सं बहुत बेसी अछि।

## ऐतिहासिक त्रिशूली बजार मे भारी क्षति

विदुर नगरपालिकाक वार्ड संख्या-1क वार्ड अध्यक्ष लेनिन रंजित कहलनि जे रसुवा आ नुवाकोट सं बहनिहार भोटेकोशी आ त्रिशूली नदी मे आएल बाढ़िक कारण नुवाकोटक ऐतिहासिक त्रिशूली बजार लगभग पूर्ण रूप सं डूबि गेल अछि। हुनकर अनुसार, बजारक आधा सं बेसी भाग पूरा डूबि गेल अछि। त्रिशूली जलविद्युत संयंत्र, बजारक पुरान आ नव दुनू पक्की पुल, त्रिशूली विद्यालय, मंदिर आ कतेको घर बाढ़ि मे बहि गेल अछि। किछु स्थानीय लोकक आंखिक सामने लोक सभ कें नदीक तेज धार मे बहैत देखल गेल, जखन कि बजारक किछु निवासी सं एखन धरि संपर्क नहि भए पाबि रहल अछि। बचाव कार्य लेल हेलिकॉप्टर मंगेबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। अखन बजारक लोक विदुर आ कॉलोनी क्षेत्र मे शरण लेने छथि। रंजित कहलनि जे नदीक कातक निचला बजार मे रहनिहार लोक तुरंत सुरक्षित स्थान दिस चलि गेल छलाह, मुदा ऊपरका बजारक किछु लोक चेतावनीक बादो नहि निकलल छलाह। हुनकर कहब छल जे एहि सं पहिने अफवाह आ छोट-मोट बाढ़िक घटना होइत रहल छल, मुदा बजार कें बहा लए जाएत एहन भयंकर बाढ़िक कल्पना केओ नहि केने छल।

## भारत आ चीन सं सहायता लेल बात

नेपाल सरकारक प्रवक्ता सस्मित पोखरेल कहलनि जे रसुवा आ नुवाकोट सं बहनिहार भोटेकोशी नदी मे आएल बाढ़िक बाद राहति आ बचाव कार्य लेल भारत आ चीनक सरकार सं बात चलि रहल अछि। विदेश मंत्रालयक माध्यम सं दुनू देशक संग समन्वय कएल जा रहल अछि। पोखरेल कहलनि जे चीनक सरकार आवश्यक सहायता देबाक जानकारी देने अछि आ भारत सरकार सेहो सहायता करबाक तत्परता व्यक्त केने अछि। आपदा पाछां भेल मंत्रिमंडलक बैठक मे सरकारी आ निजी क्षेत्रक हेलिकॉप्टरक सहायता लए बचाव अभियान तेज करबाक निर्णय लेल गेल। विस्थापित लोक लेल भोजन आ आश्रयक व्यवस्था, सड़कक मरम्मत, पेयजल आपूर्ति, बिजली पुनर्बहाली आ दूरसंचार व्यवस्था ठीक करबाक निर्देश संबंधित मंत्रालय सभ कें देल गेल अछि। नेपाल सरकार मृतकक परिजन कें तत्काल आर्थिक सहायता देबाक आ बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ कें आपदा प्रभावित क्षेत्र घोषित करबाक निर्णय सेहो लेने अछि। बचाव कार्य लेल हेलिकॉप्टरक आवश्यकता होय पर लोक सं आपातकालीन सहायता नंबर 1234 पर संपर्क करबाक आग्रह कएल गेल अछि।

# इस्लामाबादक सरकारी अस्पताल मे आगि, 15 नवजातक जिंदा जरि कए मृत्यु

**इस्लामाबाद, एजेंसी**



पाकिस्तानक राजधानी इस्लामाबादक एकटा अस्पताल मे बुधदिन लागल भीषण आगि मे 15 नवजात बच्चाक मृत्यु भए गेल। ई दुर्घटना पाकिस्तान इन्स्टिट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज (पीआईएमएस) अस्पतालक स्त्रीरोग वार्डक नर्सरी मे भेल। अस्पताल अधिकारीक अनुसार, दुर्घटनाक समय नर्सरी मे 16 नवजात बच्चा छल, जाहि मे सं मात्र एकटा बच्चा कें सुरक्षित बचाओल जा सकल। बचाव अधिकारीक अनुसार, नर्सरीक भीतर एयर कंडीशनरक कंप्रेसर मे विस्फोट भेलाक बाद आगि लागि गेल। देखते-देखते आगि पूरा वार्ड मे पसरि गेल। सूचना भेटिते बचाव दल घटनास्थल पर पहुंचल आ राहति-बचाव काज शुरू कएल। अधिकारीक अनुसार, बाद मे आगि पर नियंत्रण पा लेल गेल।

### आगिक जांच लेल कमेटी बनत

जिला प्रशासन घटनाक जांच लेल अतिरिक्त उपायुक्तक अध्यक्षता मे एकटा कमेटी गठित करबाक निर्णय लेने अछि। कमेटी आगि कोना लागल आ एहि दुर्घटनाक पाछां कोन कारण रहल, एकर जांच करत। जांच पूरा भेलाक बादे आगि लगबाक वास्तविक कारण आ दुर्घटनाक लेल जिम्मेदार परिस्थिति स्पष्ट भए सकत।

### पीआईएमएस इस्लामाबादक सब सं पैघ अस्पताल

पाकिस्तान इन्स्टिट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज (पीआईएमएस) इस्लामाबादक सब सं पैघ अस्पताल अछि। लगभग 140 एकड़ क्षेत्रफल मे पसरल एहि अस्पताल मे करीब 1,300 बेड अछि। एतय 27 सं बेसी प्रकारक रोगक उपचारक सुविधा उपलब्ध अछि। पीआईएमएस परिसर मे इस्लामाबाद अस्पताल, बाल अस्पताल, माता आ शिशु स्वास्थ्य केंद्र, अग्निदग्ध उपचार केंद्र आ हृदय रोग केंद्र सहित कतेको प्रमुख चिकित्सकीय केंद्र अछि। बाल अस्पताल मे नवजात बच्चा सभक उपचारक संग नवजात गहन चिकित्सा इकाई (एनआईसीयू)क सुविधा उपलब्ध अछि। ओतहि माता आ शिशु स्वास्थ्य केंद्र मे गर्भवती महिला आ नवजात बच्चा सभ लेल अलग व्यवस्था अछि। दुर्घटनाक बाद अस्पतालक आगि-सुरक्षा व्यवस्था आ नवजात बच्चा सभक सुरक्षा लेल अपनाओल जा रहल उपाय पर गंभीर प्रश्न उठि रहल अछि।

> नर्सरीक भीतर एयर कंडीशनरक कंप्रेसर मे विस्फोट भेलाक बाद आगि लागि गेल

## बांग्लादेश मे खुलेआम घुमि रहल आतंकवादी

**ढाका, एजेंसी।** बांग्लादेश मे आतंकवादी संगठनक बढ़ैत सक्रियता भारत लेल चिंता बढ़ेबाक कारण बनि रहल अछि। अल-कायदा इन द इंडियन सबकॉन्टिनेंट (एक्यूआईएस)क दोसर प्रमुख नेता इकरामुल हक उर्फ अबू ताल्हा बांग्लादेश मे खुलेआम घुमि रहल होयबाक दावा कएल गेल अछि। ई दावा बांग्लादेशकी पूर्व प्रधानमंत्री शेख हसीनाक पुत्र साजीब वाजेद केने छथि। ओ एहि लेल तारिक रहमानक सरकार पर सेहो निशाना साधने छथि। भारतीय राष्ट्रीय जांच एजेंसी (एनआईए)क मोस्ट वांटेड सूची मे शामिल इकरामुलक नाम करीब 10 आतंकवादी मामिला मे रहल अछि। सुरक्षा एजेंसी सभक




अनुसार, 2018 मे भारत आएल इकरामुल फर्जी पहचान-पत्रक आधार पर पासपोर्ट बनबौलक आ पश्चिम बंगाल, मध्य प्रदेश तथा गुजरात धरि स्लीपर सेल स्थापित करबाक प्रयास कएलक। ओकरा मई 2023 मे ढाकाक मदारटेक क्षेत्र सं गिरफ्तार कएल गेल छल। ओकर पत्नी फारिया आफरीन कें सेहो हिरासत मे लेल गेल छल। 16 दिनक पूछताछक बाद इकरामुल कें काशिमपुर जेल पठाओल गेल, मुदा अक्टूबर 2024 मे ओ जमानत पर मुक्त भए गेल। तकर बाद सं ओकर कोनो ठेकाना नहि भेटि रहल अछि। खुफिया सूत्रक अनुसार, इकरामुल बंगाली, उर्दू, अरबी आ अंग्रेजी भाषाक जानकार अछि। ओ तकनीकी रूप सं सेहो दक्ष छल आ अल-कायदाक प्रचार गतिविधि मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छल।

## आशुतोष रांका पर साक्षात्कारक बीच बिलाड़ीक हमला, आंगुर सं निकलल खून

**नई दिल्ली, एजेंसी**



कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी)क सह-संयोजक आशुतोष रांका पर एकटा साक्षात्कारक दौरान अनचोके बिल्ली हमला कए देलक। पालतू बिल्ली हुनकर हाथ पर एतेक जोर सं नह मारलक जे ओ दर्द सं कराहि उठलाह। हुनकर आंगुर सं खून सेहो निकलय लागल। सीजेपी नेता पर हालहि मे राजस्थान मे सेहो हमला भेल छल, जखन ओ एकटा विद्यालयक निरीक्षण करबाक लेल गेल छलाह। आशुतोष रांका एकटा यूट्यूब चैनल लेल साक्षात्कार देबय पहुंचल छलाह। ओ राजस्थान मे तेसर मोर्चाक संभावना पर अपन विचार रखि रहल छलाह। एंकर दिस देखि ओ राजस्थान मे भाजपा आ कांग्रेसक अतिरिक्त कोनो दोसर दलक सरकार बनबाक संभावना पर चर्चा कए रहल छलाह, तखने पत्रकारक पालतू बिल्ली अनचोके हुनकर हाथ पर झपटि गेल। अनचोके भेल एहि हमला सं रांका चौंकि गेलाह। जाहि अंगुली पर बिल्ली नहुन मारलक, ओकरा ओ तुरंत मुंह मे दए लेलनि। किछु देर मे अंगुली सं खून निकलय लागल। बाद मे बिल्ली फेर हुनकर लग आबि गेल तं रांका सतर्क भए गेलाह। ओ बिल्ली कें हटा देबाक आग्रह करैत कहलनि जे ओ आब दोसर बेर खरोंच नहि चाहैत छथि। संगहि हुनका ई कहैत सुनल गेल, बहुत जरि रहल अछि। बाद मे बिल्ली कें ओतय सं हटा देल गेल। आशुतोष रांका सीजेपीक तीन प्रमुख नेता मे सं एक छथि। ओ एखन राजस्थान मे विद्यालय ठीक करू अभियान चलाबय मे व्यस्त छथि। एहि मासे हुनका पार्टीक सह-संयोजक बनाओल गेल अछि। रांका तेजतर्रार वक्ता सेहो छथि आ पहिने पार्टीक प्रवक्ता रहि चुकल छथि।

**राजस्थान मे सेहो भेल छल हमला :** सोमदिन भोर मे आशुतोष रांका जयपुर सं करीब 40 किलोमीटर दूर रामपुरा गामक विद्यालयक निरीक्षण करबाक लेल अपन दलक संग गेल छलाह। हुनकर आरोप छल जे विद्यालय भैंसक तबेला मे चलाओल जा रहल अछि। ग्रामीण लोकनि सीजेपीक दलक संग धक्का-मुक्की कएलनि। बाद मे जखन रांका स्वयं ओतय पहुंचलाह तं रास्ता मे हुनका पर सेहो हमला भेल। रांका आ हुनकर सहयोगी सभ कें दौड़ा-दौड़ाकऽ मारल गेल। रांका राजस्थानक शिक्षा मंत्री मदन दिलावर पर हमला करबाक आरोप लगौलनि।

# अमेरिकाक मोंटाना मे परिवारक 8 लोकक हत्या, मृतक मे 4 बच्चा



**वाशिंटन, एजेंसी**

अमेरिकाक मोंटाना राज्यक बिलिंग्स शहर मे एकटा परिवारक 8 लोकक हत्या कए देल गेल। घटना ओहि समय भेल, जखन परिवारक लोक सभ एक संग बैसि कए भोजन कए रहल छल। आरोप अछि जे संदिग्ध व्यक्ति सभ पर गोली चलौलक, तकर बाद घर मे आगि लगा देलक आ अंत मे अपने पर सेहो गोली चला लेलक। पुलिसक अनुसार, मृतक सभ एक्कहि परिवारक चारि पीढ़ीक लोक छलाह।

मृतक मे चारि बच्चा सेहो शामिल अछि। पुलिस कें रविदिन सांझ करीब 6 बजे घर मे गोली चलबाक सूचना भेटल छल। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल तं घरक पाछां दिस सं लगातार गोली चलबाक आवाज आबि रहल छल। घरक बाहर एकटा व्यक्ति घायल अवस्था मे भेटल। ओकरा अस्पताल लए जाओल गेल, जतय इलाजक क्रम मे ओकर मृत्यु भए गेल। पुलिस एहि व्यक्ति कें घटनाक संदिग्ध मानि रहल अछि।

### पुलिस कें बच्चाक बेहोश होयबाक सूचना भेटल

घटनाक समय आपातकालीन नंबर 911 पर पुलिस कें घर मे गोली चलबाक आ एकटा बच्चाक बेहोश होयबाक सूचना देल गेल। एकर बाद घटनास्थल पर दमकलक गाड़ी पठाओल गेल। किछु समय बाद एकटा आओर दमकल गाड़ी पठेबाक निर्देश देल गेल। डिस्पैचर जखन पूछलनि जे की बच्चा कें गोली लागल अछि, तं पुलिस कहलनि जे एकर पुष्टि नहि भेल अछि। एतबे जानकारी छल जे बच्चा बेहोश अछि आ ई सेहो स्पष्ट नहि छल जे ओ सांस लए रहल अछि अथवा नहि।

> संदिग्ध पहिने गोली चलौलक, फेर घर मे आगि लगा देलक

### पुलिस पहुंचल तं घर मे गोली चलि रहल छल

आपातकालीन दल रविदिन सांझ करीब 6 बजकर 10 मिनटक आसपास घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिसकर्मी घरक बाहर एकटा व्यक्ति कें देखलनि। ओहि समय घरक भीतर सं गोली चलबाक आवाज सेहो आबि रहल छल। घर मे लागल आगि तेजी सं पसरि रहल छल, एहि कारण दमकलकर्मी तुरंत घरक भीतर नहि जा सकलाह। अग्निशमन प्रमुख मैट हॉपेल कहलनि जे आगि बहुत तेजी सं पसरल आ घरक पैघ हिस्सा जरि गेल। आगि बुझाबय लेल प्रयुक्त पानि आ जरल मलबा जांचक काज मे बाधा उत्पन्न कए रहल अछि। एहि कारण घटनास्थल सं साक्ष्य जुटेबाक काज मे पुलिस कें समय लागि रहल अछि।

### पड़ोसी कें पटाखा जेकां सुनाइ देल आवाज

घटनास्थल सं तीनटा घरक दूरी पर रहनिहार डेविड हिलर कहलनि जे रविदिन सांझ 6 बजेक बाद हुनका पटाखा जेकां किछु आवाज सुनाइ देल। किछु समय बाद एकटा पड़ोसी फोन कए क्षेत्र मे गोलीबारी होयबाक जानकारी देलक। हिलर बाहर निकलि कए देखलनि तं पुलिसकर्मी हथियार लए गाड़ीक ओट मे ठाढ़ छलाह आ घर सं कारी धुआं निकलि रहल छल।

### हत्याक कारण एखन धरि स्पष्ट नहि

पुलिसक अनुसार, संदिग्ध व्यक्ति मृतक सभ कें पहिने सं जनैत छल। मुदा हत्या कोन कारण सं कएल गेल, ई एखन धरि स्पष्ट नहि भए सकल अछि। घर मे आगि कोना लागल, एकर जांच सेहो चलि रहल अछि। अधिकारी सभ कहलनि जे जांच पूरा नहि होय धरि घटना सं जुड़ल किछु महत्वपूर्ण जानकारी सार्वजनिक नहि कएल जायत।

# 26 सितंबर कें पनामा विरुद्ध 'मैत्री मैच' खेलत भारत

भारतक वरिष्ठ पुरुष टीम फीफा पुरुष अंतरराष्ट्रीय मैच विंडक दौरान पनामा विरुद्ध मैत्री मैच खेलत। ई मोकाबला 26 सितंबर कें खेलल जाएत। एखन धरि मोकाबलाक आयोजन स्थलकी पुष्टि नहि भेल अछि। ई दूनू देशक बीच पहिल मोकाबला होयत आ भारतक इतिहास मे ई मात्र 9म अलग कॉनकाकैफ टीम होयत, जकर सामना भारतीय टीम करत। पनामा एखन फीफा विश्व रैंकिंग मे 44म स्थान पर अछि। एहन स्थिति मे ह्यब्लू टाइगर्सह्न अर्थात भारतीय टीम कें विश्व कप खेलनिहार देशक विरुद्ध अपन क्षमता परखबाक एकटा आओर अवसर भेटत। लॉस कैनालेरोस अर्थात पनामा टीम फीफा विश्व कप 2026 मे हिस्सा लेने छल। सितंबर मे होमय जा रहल ई मोकाबला एखन 2026 मे विश्व कप खेलनिहार टीमसभक विरुद्ध भारतक निर्धारित चारि मोकाबला मे पहिल होयत। एकर बाद भारतीय टीम 3 अक्टूबर कें ब्राजिलक सामना करत, तकर बाद 12 आ 15 नवंबर कें न्यूजीलैंडक विरुद्ध मोकाबला खेलत। ऑल इंडिया फुटबॉल फेडरेशन (एआईएफएफ)क उप महासचिव एम. सत्यनारायण कहलनि, ब्राजिलक मैच सं पहिने पनामा विरुद्ध खेलनाइ एकटा कठिन चुनौती होयत। पनामा दुनियाक शीर्ष-50 टीम मे सं एक अछि आ ई खालिद जमीलक टीम लेल नीक परीक्षा होयत। हम चाहैत छी जे हमर खेलाड़ी सभ कें सही अनुभव भेटय आ सामा न्यत: हमरा सभ कें एहन विश्व कप टीमक विरुद्ध खेलबाक अवसर नहि



भेटैत अछि। ताहि लेल ई हमरा सभ लेल एकटा नीक फीफा विंडो अछि, जाहि मे हम एतेक मजबूत टीमक विरुद्ध खेलि रहल छी। भारतीय पुरुष राष्ट्रीय टीम अगिला फीफा अंतरराष्ट्रीय मैच विंडक दौरान 12 आ 15 नवंबर कें मेजबान न्यूजीलैंडक विरुद्ध दूटा मैत्री मैच खेलबाक लेल न्यूजीलैंड जाएत। पहिल मैच ऑकलैंडक गो मीडिया स्टेडियम मे होयत, जखनकि दोसर मैच क्राइस्टचर्चक वन न्यूजीलैंड स्टेडियम मे खेलल जाएत। एहि मोकाबलाक घोषणा प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक न्यूजीलैंड यात्राक दौरान कएल गेल छल। ई दूनू देशक बीच खेलक माध्यम सं एकताक 100 वर्षक उत्सव लेल आयोजित खेल आयोजनक श्रृंखलाक हिस्सा होयत। ई दौरा भारतीय पुरुष राष्ट्रीय टीमक न्यूजीलैंडक पहिल दौरा होयत आ 2005क बाद कोनो ओएफसी सदस्य देशक सेहो पहिल दौरा होयत। 2005 मे भारत फिजीक विरुद्ध दूटा अंतरराष्ट्रीय मैत्री मैच खेलने छल।

# महिला एशिया कप : श्रीलंका टीम मे चोटिल विहंगाक स्थान पर मीपेज शामिल

श्रीलंका कें महिला टी20 एशिया कप 2026 सं पहिने झटका लागल अछि। टीमक ऑलराउंडर देवमी विहंगा अभ्यास सत्रक दौरान दहिना घुटना मे चोट लगलाक कारण टूनार्मेंट सं बाहर भए गेल छथि।

क्रिकइन्फोक रिपोर्टक अनुसार विहंगा चोटक कारण टीमक संग यूएई नहि गेल छथि। श्रीलंकाक 15 सदस्यीय टीम मे हुनका जगह बाम हाथक स्पिनर निमाशा मीपेज कें शामिल कएल गेल अछि। बता दी जे विहंगा कें सीनियर टीमक संग पदार्पणक प्रतीक्षा छलनि।

चमारी अथापट्टू 15 सदस्यीय श्रीलंका टीमक कप्तान छथि। हर्षिता समरविक्रमा उपकप्तान बनाओल गेल छथि। गत चैंपियन श्रीलंका कें ग्रुप बी मे बांग्लादेश, मेजबान यूएई आ पहिल बेर टूनार्मेंटक हिस्सा बनल इंडोनेशियाक संग राखल गेल अछि।



श्रीलंकाक उम्मीद तेज गेंदबाज मिताली अयोध्या आ चेतना विमुक्तिक वापसी सं सेहो बढ़ल अछि। दूनू खेलाड़ी हंबनटोटा मे पाकिस्तानक विरुद्ध श्रीलंकाक हालक टी20 सीरीजक हिस्सा नहि छलथि। श्रीलंकाक टीम ई सीरीज 2-1 सं जीतने छल।

महिला एशिया कप 2026क आयोजन 28 अगस्त सं 13 सितंबर धरि यूएई मे होयत। सभ मैच दुबई इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल जाएत। सभ 8 टीम कें दू समूह मे बांटल गेल अछि। ग्रुप ए मे हांगकांग, भारत, पाकिस्तान आ थाइलैंड अछि। ग्रुप बी मे श्रीलंकाक अतिरिक्त बांग्लादेश, मेजबान यूएई आ पहिल बेर टूनार्मेंटक हिस्सा बनल इंडोनेशिया अछि।

प्रत्येक ग्रुपक शीर्ष दू टीम 10 आ 11 सितंबर कें होमयबला सेमीफाइनल मे पहुंचत, जखनकि फाइनल मोकाबला 13 सितंबर कें होयत। श्रीलंका 29 अगस्त कें यूएई, 2 सितंबर कें इंडोनेशिया आ 6 सितंबर कें बांग्लादेशक विरुद्ध खेलत।

श्रीलंका 2024क फाइनल मे सात बेरक विजेता भारत कें हराकए दांबुला मे अपन घरेलू दर्शकक समक्ष पहिल एशिया कप खिताब जीतने छल। आगामी टूनार्मेंट महिला एशिया कपक 10म संस्करण अछि आ पहिल बेर यूएई मे खेलल जा रहल अछि।

### महिला एशिया कप लेल श्रीलंकाक अपडेटेड टीम

चमारी अथापट्टू (कप्तान), इमेशा दुलानी, संजना कविंदी, विशमी गुणरत्ने, हर्षिता समरविक्रमा (उपकप्तान), कविशा दिलहारी, नीलाक्षिका सिल्वा, हसिनी परेरा, कौशिनी नुथ्यांगना (विकेटकीपर), निमाशा मीपेज, सुगंधिका दसनायका, चामुडी प्रबोदा, चेतना विमुक्ति, काव्या कविंदी आ मिताली अयोध्या।

# एंथनी एंड्र्यूज बनलाह भारतीय अंडर-17 महिला फुटबॉल टीमक सहायक प्रशिक्षक

ऑल इंडिया फुटबॉल फेडरेशन (एआईएफएफ) एंथनी एंड्र्यूज कें भारतक अंडर-17 महिला राष्ट्रीय टीमक सहायक प्रशिक्षक नियुक्त केने अछि, जखनकि जोआकिम अलेक्जेंडरसन मुख्य प्रशिक्षक बनल रहताह। ईस्ट बंगालक मौजूदा इंडियन विमेंस लीग (आईडब्ल्यूएल) चैंपियन टीमक संग जुड़ल एंड्र्यूज एहि लीगक सब सं सफल प्रशिक्षक छथि। ओ एखन धरि चारि बेर अपन टीम कें खिताब जिता चुकल छथि। ईस्ट बंगाल एफसीक मुख्य प्रशिक्षक सेहो रहनिहार एंड्र्यूज क्लब आ देश दूनू लेल ई भूमिका निभौताह।

ओ 2021-22 आ 2022-23 मे गोकुलम केरल एफसी कें लगातार आईडब्ल्यूएल खिताब जितौलनि आ तकर बाद 2024-25 आ 2025-26 मे ईस्ट बंगाल एफसी कें लगातार चैंपियन बनौलनि। ओ एकमात्र एहन



प्रशिक्षक छथि, जे एक सं बेसी आईडब्ल्यूएल ट्रॉफी जीतने छथि।

एंड्र्यूज महाद्वीपीय स्तर पर ईस्ट बंगालक हालक सफलता मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छथि। पिछला रवि दिन ओ मलेशिया मे एएफसी विमेंस चैंपियंस लीग 2026-27क शुरूआती दौर मे क्लब कें जीत दियौलनि, जाहि सं ईस्ट बंगाल लगातार सत्र मे ग्रुप स्टेज लेल क्वालिफाई कएनिहार पहिल भारतीय महिला क्लब बनि गेल। हुनक देखरेख मे ईस्ट बंगाल पिछला सत्र मे एएफसी विमेंस चैंपियंस लीगक ग्रुप स्टेज मे मैच जीतनिहार पहिल भारतीय महिला क्लब सेहो बनल छल। ओ पिछला दिसंबर मे टीम कें सैफ विमेंस क्लब चैंपियनशिपक खिताब सेहो जितौलनि।

एंड्र्यूज आब ताशकंद मे भारतक अंडर-17 महिला टीमक संग जुड़ि गेल छथि, जतय यंग टाइग्रेस एएफसी अंडर-17 विमेंस एशियन कप चीन 2027 क्वालिफायरक तैयारीक अंतर्गत 27 आ 30 अगस्त कें उज्बेकिस्तानक विरुद्ध दूटा अंतरराष्ट्रीय मैत्री मैच खेलत। क्वालिफायर मलेशिया मे 5 सं 11 अक्टूबर धरि आयोजित होयत, जाहि मे भारत मलेशिया, सीरिया आ इराकक संग ग्रुप ई मे खेलत।

एंथनी एंड्र्यूज कहलनि, भारतक अंडर-17 महिला राष्ट्रीय टीमक हिस्सा बनब हमरा लेल बहुत सम्मान आ सौभाग्यक बात अछि। हमरा पर भरोसा आ विश्वास देखेबाक लेल हम एआईएफएफक आभारी छी आ भारतीय फुटबॉलरक अगिला पीढ़ी कें तैयार करबा मे योगदान देबाक अवसर कें लए उत्साहित छी। अपन प्रशिक्षक करियरक पैघ हिस्सा महिला फुटबॉल मे बितेबाक आ युवा तथा वरिष्ठ दूनू स्तर पर काज करबाक बाद एहि भूमिका मे देशक प्रतिनिधित्व करब एहन जिम्मेदारी अछि, जकर निर्वहन हम बहुत गर्व आ प्रतिबद्धताक संग करब।

# दलीप ट्रॉफी : क्वार्टर फाइनल मे नॉर्थ ईस्ट जोन कें ईस्ट जोन पारी आ 210 रन सं हरौलक

शाहबाज अहमदक शानदार ऑलराउंडर प्रदर्शनक बदौलत ईस्ट जोन दलीप ट्रॉफी 2026क क्वार्टर फाइनल-1 मे नॉर्थ ईस्ट जोन कें पारी आ 210 रन सं हरा देलक। आब ई टीम सेमीफाइनल-1 मे सेंट्रल जोनक संग भिड़त। ई मोकाबला 30 अगस्त सं खेलल जाएत। बीसीसीआई सेंटर ऑफ एक्सीलेंस ग्राउंड-2 पर खेलल गेल मोकाबला मे टॉस हारि बल्लेबाजी करए उतरल ईस्ट जोन अपन पहिल पारी मे 467 रन बनौलक। एहि टीम 25 रनक स्कोर धरि दूटा विकेट गमा देने छल। तकर बाद सुदीप कुमार कुमार कुशाग्रक संग तेसर विकेट लेल 92 रनक साझेदारी करैत टीम कें 117 रन धरि पहुंचौलनि। कुशाग्र 9 चौकाक



संग 55 रन बनाकए आउट भेलाह, तकर बाद टीम 138 रनक स्कोर धरि अपन पांचटा विकेट गमा देलक। एतय सं शाहबाज अहमद सुदीपक संग छठम विकेट लेल 150 रन, जखनकि अनुकूल रॉयक संग सातम विकेट लेल 103 रन जोड़ि टीम कें पैघ स्कोर धरि पहुंचौलनि। सुदीप 26 बाउंड्रीक संग 146 रन बनाकए आउट भेलाह, जखनकि शाहबाज अहमद 4 छक्का आ 17 चौकाक संग 167 रन बनाकए पवेलियन लौटला। हुनका अतिरिक्त अनुकूल रॉय टीमक खाता मे 37 रन जोड़लनि। विपक्षी टीम दिस सं आकाश चौधरी आ फेरोइजम जोतिन कें 3-3 विकेट भेटल। एकर जवाब मे नॉर्थ ईस्ट जोनक पहिल पारी मात्र 111 रन पर सिमटि गेल। एहि टीम 81 रनक स्कोर धरि अपन 5 विकेट गमा देने छल। एतय सं कप्तान रोंगसेन जोनाथन (21) फेरोइजम जोतिन (11)क संग छठम विकेट लेल 25 रन जोड़लनि। एहि टीम 111 रनक स्कोर पर अपन आखरी चारि विकेट गमा देलक। विपक्षी टीम दिस सं अभिजीत सरकार 20 रन दए सर्वाधिक 5 विकेट हासिल कएलनि, जखनकि शाहबाज अहमद कें 3 सफलता भेटल।






# आईसीसी टेस्ट रैंकिंग : बुमराह कें पछाड़ि स्टार्क बनलाह नंबर वन गेंदबाज बल्लेबाजी मे ऋषभ पंत कें लाभ

अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट परिषद (आईसीसी) बुध दिन टेस्ट क्रिकेटरसभक रैंकिंग जारी कएलक। गेंदबाजसभक नव रैंकिंग मे ऑस्ट्रेलियाक तेज गेंदबाज मिचेल स्टार्क भारतीय तेज गेंदबाज जसप्रीत बुमराह कें पछाड़ैत पहिल स्थान हासिल कए लेलनि।

बांग्लादेशक विरुद्ध हालहि मे समाप्त भेल टेस्ट सीरीज मे मिचेल स्टार्क 12 विकेट लेलनि आ प्लेयर ऑफ द सीरीज रहलाह। एहि प्रदर्शनक बदौलत आईसीसीक टेस्ट गेंदबाजसभक नव रैंकिंग मे स्टार्क दू स्थानक छलांग लगबैत पहिल स्थान पर पहुंचि गेलाह। जसप्रीत बुमराह इंजरीक कारण श्रीलंकाक विरुद्ध भारतक दू टेस्ट मैचक सीरीजक हिस्सा नहि छथि। एकर असर हुनक रैंकिंग पर पड़ल अछि। ओ एक स्थान नीचां खसि दोसर स्थान पर चलि गेलाह।

न्यूजीलैंडक तेज गेंदबाज मैट हेनरी कें एक स्थानक नोकसान भेल अछि। ओ तेसर स्थान पर आबि गेलाह। ऑस्ट्रेलियाक कप्तान पैट कमिंस कें एक स्थानक लाभ भेल अछि। ओ चारिम स्थान पर आबि गेलाह। दक्षिण



अफ्रीकाक मार्को जानसेन एक स्थानक नोकसानक संग पांचम, दक्षिण अफ्रीकाक कगिसो रबाडा एक स्थानक लाभक संग छठम आ ऑस्ट्रेलियाक स्कॉट बोलैंड एक स्थानक नोकसानक संग सातम स्थान पर छथि। पाकिस्तानक नोमान अली आठम, ऑस्ट्रेलियाक जोश हेजलवुड नवम आ ऑस्ट्रेलियाक नाथन लियोन दू स्थान ऊपर चढ़ि दसमा स्थान पर पहुंचि गेलाह।

पाकिस्तानक विरुद्ध पहिल टेस्ट मे शानदार प्रदर्शन कएनिहार इंग्लैंडक तेज गेंदबाज ओली रॉबिनसन आ जोश टंग कें लाभ भेल अछि। रॉबिनसन 15 स्थानक छलांग लगबैत 11म आ टंग 16 स्थानक छलांग लगबैत 17म स्थान पर पहुंचि गेलाह। टेस्ट बल्लेबाजसभक रैंकिंग पर नजरि देल जाए तं शीर्ष पांच मे कोनो बदलाव नहि भेल अछि। इंग्लैंडक हैरी ब्रूक पहिल, इंग्लैंडक जो रूट दोसर, ऑस्ट्रेलियाक स्टीव स्मिथ तेसर, ऑस्ट्रेलियाक ट्रेविस हेड चारिम आ दक्षिण अफ्रीकाक टेंबा बावुमा पांचम स्थान पर छथि। भारतक रवींद्र जडेजा दू स्थान ऊपर चढ़ि छठम स्थान पर पहुंचि गेलाह। ऋषभ पंत छह स्थानक छलांग लगबैत सातम स्थान हासिल केने छथि। शुभमन गिल आठम, न्यूजीलैंडक डेरिल मिशेल तीन स्थानक छलांग लगबैत नवम आ पाकिस्तानक बाबर आजम दसमा स्थान पर छथि।

वर्ष 16, अंक 345 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053